

**BASA ENTAR ING NOVEL *NONA SEKRETARIS*
ANGGITANIPUN SUPARTO BRATA**

SKRIPSI

Dipunajengaken dhateng Fakultas Bahasa dan Seni

Universitas Negeri Yogyakarta

minangka Jejangkeping Pandadaran

Anggayuh Gelar

Sarjana Pendidikan



dening

Nelinda Riskiana

NIM 09205241066

**PROGRAM STUDI PENDIDIKAN BAHASA JAWA
FAKULTAS BAHASA DAN SENI
UNIVERSITAS NEGERI YOGYAKARTA
JULI 2013**

PASARUJUKAN

Skripsi kanthi irah-irahan *Basa Entar ing Novel Nona Sekretaris Anggitanipun Suparto Brata* menika sampun pikantuk palilah saking *pembimbing* saha samapta dipunuji.



Yogyakarta, 8 Juli 2013

Pembimbing I,

Drs. Mulyana, M.Hum.

NIP. 19661003 199203 1 002

Yogyakarta, 9 Juli 2013

Pembimbing II,

Drs. Afendy Widayat, M.Phil.

NIP. 19620416 199203 1 002

PANGESAHAN

Skripsi kanthi irah-irahan *Basa Entar Ing Novel Nona Sekretaris Anggitanipun Suparto Brata* menika sampun dipunandharaken ing pendadaran wonten sangajenging *Dewan Penguji* ing tanggal 16 Juli 2013 saha dipuntetepaken lulus.

DEWAN PENGUJI			
Asma	Jabatan	Tapak Asma	Tanggal
Drs. Hardiyanto, M.Hum.	Ketua Penguji		22/7/13
Drs. Afendy Widayat, M.Phil.	Sekretaris Penguji		19/7/13
Dr. Suwardi, M.Hum.	Penguji I		19/7/13
Drs. Mulyana, M.Hum.	Penguji II		19/7/13

Yogyakarta, 22 Juli 2013

Fakultas Bahasa dan Seni
Universitas Negeri Yogyakarta

Dekan,



Prof. Dr. Zamzani, M. Pd.

NIP 19550505 198011 1 001

WEDHARAN

Ingkang tandha tangan ing ngandhap menika, kula

Nama : Nelinda Riskiana

NIM : 09205241066

Program Studi : Pendidikan Bahasa Jawa

Fakultas : Bahasa dan Seni Universitas Negeri Yogyakarta

ngandharaken bilih *karya ilmiah* menika asil panaliten kula piyambak. Samangertos kula, *karya ilmiah* menika boten ngandhut *materi* ingkang kaserat dening tiyang sanes, kajawi perangan-perangan tartamtu ingkang kula pendhet sarana kangge dhasar panyeratan kanthi nggatosaken tata cara saha paugeran panyeratan *karya ilmiah* ingkang umum.

Seratan ing wedharan menika kaserat kanthi saestu. Menawi kasunyatanipun kabukten bilih wedharan menika boten leres, bab menika dados tanggél jawab kula pribadhi.

Yogyakarta, 8 Juli 2013

Panyerat,



Nelinda Riskiana

SESANTI

“Lenthak-lenthuk sing penting ngglathuk.”

(panyerat)

“Aja bungah ing pangalem, aja susah ing panacat.”

(Ungkapan Tradisional)

PISUNGSUNG

Linambaran kanthi pamuji sukur dhateng ngarsaning Allah SWT,
skripsi menika kapisungsunaken dhateng tiyang sepuh kula kekalih
ingkang sanget kula tresnani.

Kala kula taksih alit
Winulang ing yayah rena
Dipungendhong kewar-kewer
Yen nangis kalela-lela
Makaten lampah amba
Enjing sonten siang dalu
Milamba sanget narima

(Asmaradana)

PRAWACANA

Puji lan syukur konjuk wonten ing ngarsaning Allah SWT ingkang sampun paring pangayoman, karaharjan, saha kabegjan tansah tumanduk dhateng panyerat, saengga panyerat saged mujudaken skripsi menika kanthi lancar saha saged mrantasi perkawis ingkang dados reribeting lampah. Panyeratan skripsi menika saged kawujud inggih amargi wontenipun panyengkuyung saking mapinten-pinten pihak. Awit saking menika, panaliti ngaturaken agunging panuwun dhateng pihak-pihak ing ngandhap menika.

1. Bapak Prof. Dr. Zamzani, M.Hum. minangka dekan Fakultas Bahasa dan Seni Universitas Negeri Yogyakarta ingkang sampun paring kalodhangan anggen kula nyerat skripsi menika.
2. Bapak Dr. Suwardi, M.Hum. minangka Ketua Jurusan Pendidikan Bahasa Daerah ingkang sampun paring idi tumrap panyerat.
3. Bapak Drs. Mulyana, M.Hum. minangka *pembimbing I*, ingkang sampun paring bimbingan saha piwulang tumrap panyerat kanthi sabar.
4. Bapak Afendy Widayat, M.Phill. minangka *pembimbing II*, ingkang sampun paring bimbingan saha piwulang tumrap panyerat kanthi sabar.
5. Bapak Afendy Widayat, M.Phill. minangka *penasehat akademik* ingkang sampun paring piwulang saha wejangan ing salaminipun sinau wonten ing Jurusan Pendidikan Bahasa Daerah.
6. Bapak saha Ibu Dosen jurusan Pendidikan Bahasa Daerah maturnuwun awit saking ngelmu, piwulang, saha wejangan salaminipun panyerat sinau ing Jurusan Pendidikan Bahasa Daerah.
7. Tiyang sepuh kekalih, matur nuwun awit sedaya donga pangestu, panjurung, saha wejangan-wejanganipun, saengga panyerat saged mujudaken skripsi menika. Adik kula, Dinna Ariska Putra ingkang tansah nyukani semangat supados skripsi menika enggal rampung.
8. Budhe Saniyah sakulawarga ing Yogyakarta ingkang dados pangayoming panyerat salaminipun kuliah dumugi pungkasaning lelampahan, matur nuwun


awit saking sedaya peparing ingkang boten saged kula sebataken satunggal mbaka satunggal.

9. Mas mamex, maturnuwun awit sedaya donga saha wejanganipun saengga panyerat saged nggayuh menapa ingkang dados kekajengan manahipun.
10. D'rempongs (Hilma, Jendhul, Endri), Ari 'mbet', Hana, maturnuwun awit *persahabatan* salaminipun kita sami ngudi ilmu, pados sanguning gesang ing madyaning bebrayan, mugya silaturahmi menika boten ical kasaput angin, tansah lestantuna.
11. Kanca-kanca Jurusan Pendidikan Bahasa Daerah angkatan 2009 mliginipun kanca-kanca kelas B, mugu-mugi kita sedaya saget anggayuh menapa ingkang dados kekajenganipun manah.
12. Mas Nophe, Mas Bekti, Mas Bagus, Mas Ari, Mas Dwi, Pak Joko ing Sahabat Fotocopy, maturnuwun awit sedaya semangat, panyengkuyungipun saha silaturahminipun.
13. Sedaya pihak ingkang sampun paring panyengkuyung.

Panyerat ngrumaosi bilih skripsi menika taksih tebih saking ingkang nami sampurna, ananging panyerat gadhah pangajeng-ajeng sageda skripsi menika migunani tumrap sok sintena ingkang maos. Mekaten kalawau atur sapala saking panyerat, mugu-mugi skripsi menika saged murakabi.

Yogyakarta, 8 Juli 2013

Panyerat,



Nelinda Riskiana

WOSING ISI

	Kaca
IRAH-IRAHAN	i
PASARUJUKAN	ii
PANGESAHAN	iii
WEDHARAN	iv
SESANTI.....	v
PISUNGSUNG.....	vi
PRAWACANA	vii
WOSING ISI	ix
DHAFTAR <i>TABEL</i>	xii
DHAFTAR <i>LAMPIRAN</i>	xiii
DHAFTAR CEKAKAN	xiv
SARINING PANALITEN	xv
BAB I PURWAKA	1
A. Dhasaring Panaliten	1
B. Underaning Perkawis	4
C. Watesaning Perkawis	5
D. Wosing Perkawis	5
E. Ancasing Panaliten	5
F. Paedahing Panaliten	6
G. Pangertosan	6

BAB II GEGARAN TEORI	8
A. <i>Deskripsi</i> Teori	8
1. <i>Stilistika</i>	8
2. <i>Gaya Bahasa</i>	10
3. Basa Entar	13
4. Jinising Basa Entar	16
5. <i>Fungsi</i> Basa Entar	22
6. Novel	29
B. Panaliten Ingkang Jumbuh	30
C. Nalaring Pikir	31
BAB III CARA PANALITEN	33
A. Jinising Panaliten	33
B. <i>Data</i> saha Sumber <i>Data</i>	33
C. Cara Ngempalaken <i>Data</i>	34
D. Pirantining Panaliten.....	35
E. Caranipun Nganalisis <i>Data</i>	35
F. Caranipun Ngesahaken <i>Data</i>	37
BAB IV ASILING PANALITEN SAHA PIREMBAGANIPUN.....	40
A. Asiling Panaliten	40
B. Pirembaganipun	46
1. <i>Simile</i>	46
a. <i>Fungsi</i> Damel Endahing Swanten	47
b. <i>Fungsi Konkritisasi</i>	50
c. <i>Fungsi</i> Nggamblangaken Gambaran.....	52
d. <i>Fungsi</i> Nggambaraken Raosing Manah Paraga	55
e. <i>Fungsi</i> Nuwuhaken <i>Kesan</i> saha Kawontenan Tartamtu	58

2. <i>Metafora</i>	60
a. <i>Fungsi</i> Damel Endahing Swanten	61
b. <i>Fungsi Konkritisasi</i>	63
c. <i>Fungsi</i> Nggamblangaken Gambaran	66
d. <i>Fungsi</i> Nuwuhaken <i>Kesan</i> saha Kawontenan Tartamtu.....	69
e. <i>Fungsi</i> Damel Ringkes Seratan saha Pocapan	71
f. <i>Fungsi</i> Nggambaraken Raosing Manah Paraga.....	75
3. <i>Personifikasi</i>	78
a. <i>Fungsi</i> Damel Endahing Swanten	78
b. <i>Fungsi Konkritisasi</i>	81
c. <i>Fungsi</i> Nggesangaken Gambaran saha Obyek.....	83
d. <i>Fungsi</i> Nggambaraken Raosing Manah Paraga.....	85
4. <i>Metonimia</i>	88
a. <i>Fungsi</i> Nggamblangaken Gambaran	88
b. <i>Fungsi</i> Damel Ringkes Seratan saha Pocapan.....	91
5. <i>Sinekdoke</i>	94
a. <i>Fungsi</i> Damel Endahing Swanten.....	94
b. <i>Fungsi</i> Nggamblangaken Gambaran	96
c. <i>Fungsi</i> Nuwuhaken <i>Kesan</i> saha Kawontenan Tartamtu.....	99
BAB V PANUTUP.....	102
A. Dudutan.....	102
B. Pamrayogi.....	104
C. <i>Implikasi</i>	105
DHAFTAR PUSTAKA.....	106
LAMPIRAN	108

DHAFTAR TABEL

	Kaca
Tabel 1 : <i>Format Tabel Kartu Data</i>	36
Tabel 2 : <i>Format Tabel Analisis</i>	38
Tabel 2 : Analisis Jinising Basa Entar saha <i>Fungsi</i> Basa Entar ing Novel <i>Nona Sekretaris</i> Anggitanipun Suparto Brata	108

DHAFTAR LAMPIRAN

	Kaca
Lampiran 1 : Tabel Analisis Jinising Basa Entar saha <i>Fungsi</i> Basa Entar ing Novel <i>Nona Sekretaris</i> Anggitanipun Suparto Brata	108
Lampiran 2 : Ringkesaning Cariyos Novel <i>Nona Sekretaris</i> Anggitanipun Suparto Brata	169

DHAFTAR CEKAKAN

NS = Nona Sekretaris

BPA = Biro Pentas Artis

BASA ENTAR ING NOVEL *NONA SEKRETARIS* ANGGITANIPUN SUPARTO BRATA

**Dening Nelinda Riskiana
NIM 09205241066**

SARINING PANALITEN

Panaliten menika gadhah ancas kangge ngandharaken panganggening basa entar ing novel *Nona Sekretaris* anggitanipun Suparto Brata. Panganggening basa entar menika dipunandharaken adhedhasar jinis saha *fungsi* basa entar ingkang dipunginakaken ing novel *Nona Sekretaris* anggitanipun Suparto Brata.

Panaliten menika kalebet panaliten *deskriptif*. Sumbering data panaliten inggih menika panganggening basa entar ing novel *Nona Sekretaris* anggitanipun Suparto Brata, mliginipun ing bab jinis saha *fungsi* basa entar. Cara ngempalaken data kanthi cara maos saha nyerat, dipunlampahaken kanthi cara maos novel *Nona Sekretaris* kanthi tliti, premati saha kanthi wongsal-wangsul. Pirantining panaliten ingkang dipunginakaken inggih menika tabel *analisis data* ingkang kabantu *kartu data*. *Data* ingkang sampun kapanggihaken lajeng dipunanalisis mawi teknik *analisis stilistika* saha kaandharaken kanthi deskriptif. Caranipun ngesahaken data panaliten menika mawi *validitas* semantis saha *reliabilitas* (*intra-rater* saha *interrater*).

Asiling panaliten menika nedahaken jinis saha *fungsi* basa entar ingkang dipunginakaken ing novel *Nona Sekretaris* anggitanipun Suparto Brata. Jinising basa entar ingkang dipunpanggihaken wonten 5 jinis, inggih menika: *simile*, *metafora*, *personifikasi*, *metonimia* saha *sinekdoke*. Panganggening basa entar ingkang variatif kasebat, nambah kaendahaning novel *Nona Sekretaris*. *Fungsi* basa entar ing novel *Nona Sekretaris* anggitanipun Suparto Brata inggih menika, damel endahing swanten saha pocapan, *konkritisasi*, nggamblangaken gambaran, nggesangaken gambaran saha obyek, nuwuhaken *kesan* saha kawontenan tartamtu, damel ringkes seratan saha pocapan, saha nggambaraken raosing manah paraga.

BAB I

PURWAKA

A. Dhasaring Panaliten

Basa minangka bab ingkang wigatos ingkang njurung lairipun *karya sastra* saha minangka medianipun. Minangka *media*, basa gadhah fungsi kangge ngandharaken *ide*, pamanggih, pesen saha ancasipun basa ingkang badhe kaandharaken dening panganggit kanthi karya sastranipun. Salah satunggaling panganggenipun basa minangka sarana nglantaraken pesen inggih menika basa ingkang sinerat, ingkang asring dipunginakaken ing karya sastra kadosta novel. Kasusastraan Jawi ugi gadhah novel ingkang dipuncawisaken kanthi basa Jawi ingkang endah. *Karya sastra* kasebat migatosaken sanget ing bab basa, awit basa minangka sarana kaendahaning *karya sastra*. Salah satunggaling kaendahan basa ing *karya sastra* menika katingal saking panganggening *bahasa kias*, kadosta tetandhingan, *perumpamaan*, saha *penghalusan nilai rasa*. *Bahasa kias* ing kasusastran Jawi sinebat basa entar.

Basa entar dipunginakaken kangge ngandharaken wontenipun tetandhingan utawi pepadhan, awit sarana kangge medharaken salah satunggaling perkawis kanthi teges ingkang sampun ewah saking dhapukaning tembungipun. Basa entar ngginakaken tembung entar salebeting ukara, saengga ukara kalawau gadhah teges ingkang boten baku saha siningit kangge medharaken gagasan sanes. Basa entar kathah wujudipun ananging sedayanipun minangka basa ingkang ngginakaken tembung kanthi teges ingkang siningit. Panganggening basa entar

gadhah *fungsi* kangge ngandharaken pamanggih saha ancas ingkang badhe kaandharaken tumrap priyantun sanes, ing bab menika inggih menika pamaos. Salah satunggaling panganggenipun basa entar ing *karya sastra* kathah dipunpanggihaken wonten ing novel. Salah satunggaling novel ingkang ngginakaken basa entar inggih menika novel *Nona Sekretaris*.

Novel *NS* menika salah satunggaling karya sastra ingkang dipunserat dening Suparto Brata, minangka salah satunggaling panganggit *karya sastra* Jawa. Salebeting novel *NS* menika kathah dipunpanggihaken basa entar. Panganggening basa entar salebeting novel menika dipunsengaja dening panganggit, amargi mbok bilih panganggit gadhah maksud saha ancas tartamtu. Panganggening basa entar ing novel *NS* minangka basa ingkang mirunggan salebeting novel menika, saengga narik kawigatosan kangge dipunteliti. Dipunwastani narik kawigatosan amargi novel menika dipuncawisaken kanthi basa Jawi, nalika maos kathah dipunpanggihaken basa ingkang mirunggan inggih menika basa entar. Bab menika ingkang dados dhasaring panaliten kangge neliti novel *NS* menika, awit boten sedaya karya fiksi mliginipun novel basa Jawi kathah ngginakaken basa entar ing *penyajiannya*. Panganggening basa entar salebeting novel *NS* saged dipunpirsani kanthi tuladha kados makaten.

(1) “*Bocah mau satemene praene lan tindak tanduke pancen isih mbocahi, mung dandanane kang niru-niru wong diwasa kaya gedhang karbitan, katone ora duwe niat ala.*” (*NS/2010/10*)

Ukara ing nginggil minangka basa entar *simile*. Wontenipun tembung *kaya* minangka tetenger wontenipun basa entar jinis *simile*, ingkang nedahaken wontenipun tetandhingan antawisipun paraga kaliyan pisang karbitan. Ungkapan

kaya gedhang karbitan, nandhingaken paraga ingkang dandanipun niru-niru priyantun diwasa tegesipun boten trep kaliyan umuripun menika dipungamblangaken kanthi *pisang karbitan*, inggih menika pisang ingkang dipunkarbit supados cepet rateng, warnipun kuning ananging boten alami. Dandanipun paraga menika minangka karbit tumrap paraga supados katon diwasa.

(2) “*Saiki sing dimangsa balon cilik! Balon tembung Surabaya, kowe rak wis ngreti? Wis dene padha bacine, tumbu oleh tutup!*” (NS/2010/245)

Ukara ing nginggil minangka pethikan novel NS ingkang nyariosaken paraga Ugra kaliyan Julaehaque minangka paraga ingkang sami-sami gadhah solah bawa ingkang awon. Pethikan ing nginggil ngamot basa entar *metafora*, inggih menika Ugra kaliyan Julaehaque kados tumbu pikantuk tutup, cocok banget. Tumbu pikantuk tutup menika boten ateges wadah sekul kaliyan tutupipun, ananging gadhah makna entar ingkang ngentaraken pribadinipun Ugrasamsi kaliyan Julaehaque ingkang sami-sami brahala, tiyang ingkang sami-sami gadhah solah bawa ingkang awon, samenika dados satunggal bandrek asmara, pramila cocok sanget. Saengga ungkapan tumbu pikantuk tutup menika nggambalangaken paraga Ugra kaliyan Julaehaque ingkang cocok sanget, sami-sami gadhah solah bawa ingkang awon kados tumbu pikantuk tutupipun..

Tuladha ing nginggil minangka saperangan basa entar ing novel NS anggitanipun Suparto Brata, inggih menika basa entar jinis *simile* saha *metafora*. Adhedhasar saking menika pramila saged dipunwastani bilih panganggit kathah ngginakaken basa entar salebeting novel *Nona Sekretaris*. Makaten pamanggih

ingkang dados dhasaring panaliten kanthi irah-irahan Basa Entar Ing Novel *Nona Sekretaris* Anggitanipun Suparto Brata. Panaliten menika dipunlampahaken awit dereng kathah dipunpanggihaken panaliten ngengingi basa entar, mliginipun panganggening basa entar kanthi obyek karya sastra ingkang awujud novel basa Jawi. Pramila panaliten menika taksih narik kawigatosan saha *relevan* dipunlampahaken kangge mangertosi panganggening basa entar ing karya sastra Jawa mliginipun ing novel *NS* anggitanipun Suparto Brata.

B. Underaning Perkawis

Adhedhasar dhasaring panaliten, pramila saged dipuntemtokaken underaning perkawis. Underaning perkawis panaliten menika kados kababar ing ngandhap menika.

1. Wujuding basa entar ingkang dipunginakaken ing novel *Nona Sekretaris* anggitanipun Suparto Brata.
2. Pamilihing tembung ingkang dipunginakaken ing novel *Nona Sekretaris* anggitanipun Suparto Brata.
3. Jinising basa entar ingkang dipunginakaken ing novel *Nona Sekretaris* anggitanipun Suparto Brata.
4. Makna basa entar ingkang dipunginakaken ing novel *Nona Sekretaris* anggitanipun Suparto Brata.
5. *Fungsi* basa entar ingkang dipunginakaken ing novel *Nona Sekretaris* anggitanipun Suparto Brata.
6. Alasan panganggit ngginakaken basa entar ing novel *Nona Sekretaris* anggitanipun Suparto Brata.

C. Watesaning Perkawis

Adhedhasar underaning perkawis ing nginggil. Supados panaliten menika langkung rinci, pramila perkawisipun dipunwatesi. Watesaning perkawis ing panaliten kados karacik ing ngandhap menika.

1. Jinising basa entar ingkang dipunginakaken ing novel *Nona Sekretaris* anggitanipun Suparto Brata.
2. *Fungsi* basa entar ingkang dipunginakaken ing novel *Nona Sekretaris* anggitanipun Suparto Brata.

D. Wosing Perkawis

Adhedhasar dhasaring panaliten, underaning perkawis, saha watesaning perkawis, pramila saged dipunpundhut wosing perkawis saking panaliten menika. Wosing perkawis wonten ing panaliten menika karantam makaten.

1. Menapa jinising basa entar ingkang dipunginakaken ing novel *Nona Sekretaris* anggitanipun Suparto Brata?
2. Menapa *fungsi* basa entar ingkang dipunginakaken ing novel *Nona Sekretaris* anggitanipun Suparto Brata?

E. Ancasing Panaliten

Wonten ing panaliten menika karacik mapinten-pinten ancas ingkang badhe dipungayuh. Ancasing panaliten ingkang badhe dipungayuh kados kababar ing ngandhap menika.

1. Ngandharaken jinising basa entar ingkang dipunginakaken ing novel *Nona Sekretaris* anggitanipun Suparto Brata.

2. Ngandharaken *fungsi* basa entar ingkang dipunginakaken ing novel *Nona Sekretaris* anggitanipun Suparto Brata.

F. Paedahing Panaliten

Panaliten menika kaajab saged paring paedah teoritis saha praktis. Miturut teoritis, panaliten menika dipunkajengaken saged maringi manpangat minangka upiya ngrembagakaken ngelmu basa saha kasusastran ngengingi kajian stilistika, mliginipun ngengingi basa entar utawi *bahasa kias* salebeting novel *Nona Sekretaris*, saengga para maos langkung gampil mangertosi makna ingkang kaandhut ing novel menika.

Miturut praktisipun, tumrap mahasiswa panaliten menika kaajab saged suka kawruh saha sarana pasinaon ngelmu linguistik mliginipun bab basa entar utawi *bahasa kias*. Tumrap bebrayan agung, panaliten menika kaajab saged suka kawruh babagan basa entar utawi *bahasa kias* ing novel *Nona Sekretaris* supados ancasing panganggit menika saged dipunmangertosi dening para pamaos.

G. Pangertosan

Supados pamanggih ing antawisipun panyerat saha pamaos wonten ing panaliten menika jumbuh, pramila dipunandharaken mapinten-pinten pangertosan. Pangertosan kasebut inggih menika.

1. *Gaya bahasa (style)* inggih menika caranipun satunggaling panganggit ngandharaken pamanggihipun kanthi basa ingkang endah supados pikantuk *efek* estetis utawi kaendahan.

2. Basa entar inggih menika pamilihing tembung ingkang dipunginakaken dening panganggit kangge ngandharaken pamanggih saha pesen kanthi teges ingkang siningit. Tegesipun, teges ingkang dipunkajengaken panganggit boten saged dipunpadosi salebeting kamus, ananging kedah dipungayutaken kaliyan konteksipun. Panaliten menika ngrembag basa entar ing novel *Nona Sekretaris* anggitanipun Suparto Brata.
3. Novel *Nona Sekretaris* anggitanipun Suparto Brata inggih menika novel ingkang kaandharaken mawi basa Jawi ingkang sinerat kanthi aksara Latin kanthi basa endah saha edi peni. Ing salebeting novel menika ngandhut maneka warni basa entar utawi *bahasa kias*.

BAB II

GEGARAN TEORI

A. Deskripsi Teori

1. Stilistika

Sudjiman (1993:13) mratelakaken *stilistika* minangka *style*, inggih menika cara ingkang dipunginakaken priyantun nalika micara utawi nalika nyerat kangge ngandharaken pamanggih utawi gagasanipun kanthi piranti basa. Kanthi makaten *style* menika saged dipuntegesi minangka gaya basanipun satunggaling pamicara utawi panyerat kangge ngandharaken pamanggihipun. Pradopo (2007:264) ngandharaken *stilistika* inggih menika ngelmu ingkang nyinau bab *gaya bahasa* minangka bagian saking ngelmu linguistik ingkang magepokan (memusatkan) kaliyan *variasi-variasi* panganggening basa ananging boten kanthi lajengan kemawon (tidak eksklusif) nggatosaken kanthi kusus ngengingi panganggening basa ingkang wetah (kompleks) ing kesusastraan.

Ratna (2009:167) mratelakaken bilih *stilistika* minangka ngelmu ingkang gegayutan kaliyan *gaya saha gaya bahasa*. Ananging mliginipun langkung gumathok (mengacu) ing *gaya bahasa*. Ing basa saha sastra, *stilistika* gadhah teges minangka cara-cara panganggening basa ingkang mirunggan saengga saged nuwuhaken efek tartamtu ingkang magepokan kaliyan aspek kaendahan. Ngelmu stilistika menika saged dipunwastani ngelmu dhasar ingkang ngrembag *gaya bahasa*. Chvatik (lumantar Aminuddin,1995:21) mratelakaken bilih *stilistika* minangka pasinaon basa ing karya sastra ingkang ngrembag (merujuk) bentuk

panganggening basa minangka kode estetik, minangka asiling kreasi seni ingkang gadhah asil semantik saha suraos tartamtu.

Endraswara (2003:72-74) nedahaken bilih *stilistika* inggih menika ngelmu ngengingi *gaya bahasa* ing *karya sastra*. Salajengipun dipunandharaken wonten 2 *pendekatan analisis stilistika*: (1) kapurwakan kanthi analisis sistem linguistik karya sastra, saha dipunlajengaken ing *interpretasi* ngengingi titikanipun sastra, *interpretasi* dhateng makna kanthi jangkep (total); (2) nyinau saperangan titikan khas ingkang damel beda satunggaling *sistem* kaliyan *sistem* sanesipun. Wontenipun *analisis stilistika* menika jangkepi ngelmu *stilistika* minangka ngelmu ingkang ngrembag *gaya bahasa*. Wellek&Wareen (lumantar Nurgiyantoro, 2009:279) ngadharaken bilih *analisis stilistika* gadhah ancas kangge nemtokaken dumugi pundi (sejauh mana) saha ing bab menapa basa dipunginakaken kangge nedahaken (memperlihatkan) *penyimpangan* saha kadospundi panganggit ngginakaken tandha-tandha linguistik supados pikantuk efek tartamtu.

Fananie (2000:25) mratelakaken bilih *stilistika* utawi *gaya* minangka ciri khas panganggening basa ing karya sastra ingkang gadhah *spesifikasi* piyambak katandhingaken kaliyan panganggening basa ing *komunikasi* sanesipun. *Gaya* menika saged awujud *gaya* panganggening basa kanthi universal ugi panganggening basa minangka ciri khas satunggaling panganggit. *Stilistika* minangka caranipun sastrawan ngreka daya (manipulasi), tegesipun ngginakaken (memanfaatkan) *unsur* saha kaidah ing basa saha efek ingkang kadadosan (ditimbulkan) dening pangangge basa kasebat. Basa dipunginakaken dening

panganggit sarana ngandharaken pamanggihipun. Miturut Teeuw (lumantar Fananie,2000:25) mratelakaken bilih *stilistika* minangka sarana ingkang dipunginakaken panganggit kangge nggayuh ancas ingkang dipunkajengaken, awit *stilistika* minangka cara ngadharaken pamanggih, jiwa, saha kapribaden panganggit kanthi cara khasipun.

Adhedhasar pamanggih-pamanggih ing nginggil pramila saged dipunpendhet dudutan ngengingi *stilistika*. *Stilistika* inggih menika cabang ngelmu linguistik ingkang nyinau bab *gaya bahasa*. *Stilistika* ngrembag wacana sastra kanthi ngelmu linguistik ingkang ngrembag gaya ing konteks kasusastraan, mliginipun ngengingi *gaya bahasa*. Saengga *gaya bahasa* minangka salah satunggaling kajian *stilistika*. Panganggening *gaya bahasa* saged nuwuhaken efek tartamtu ingkang magepokan kaliyan *unsur* kaendahan minangka ciri khas panganggit *karya sastra* kangge nggayuh ancas tartamtu inggih menika ngandharaken pamanggih, pesen, jiwa, raosing manah, saha kapribadenipun.

2. Gaya Bahasa

Gegayutan kaliyan basa entar ingkang badhe dipunrembag ing panaliten menika, pramila boten uwal saking *gaya bahasa*. Basa entar minangka wujuding *ekspresi* saking *gaya bahasa*. Panganggening *gaya bahasa* ing karya sastra minangka basa ingkang mirunggan. Bab menika kados ingkang dipunandharaken dening Harimurti (lumantar Pradopo, 2007:265) mratelakaken bilih *gaya bahasa* minangka *pemanfaatan* kasugihaning basa tumrap manungsa nalika micara utawi nyerat, mliginipun panganggening *ragam* basa tartamtu supados pikantuk *efek* tartamtu. *Efek* ingkang dipunkajengaken inggih menika *efek* estetis. Minderop

(2005:51) mratelakaken *gaya bahasa* inggih menika basa ingkang saderengipun minangka basa biasa ingkang dipunginakaken ing *gaya bahasa* tradisional saha literal kangge nedahaken manungsa saha obyek.

Muljana (Iumantar Pradopo, 2007:93) ngandharaken bilih *gaya bahasa* inggih menika roncing tetembungan ingkang kadadosan awit raosing manah tartamtu ing manahipun pamaos. Cara ingkang dipunginakaken panganggit nglantaraken pamanggih saha raosing manahipun kanthi tembung tartamtu menika saged maringiaken efek dhateng pamaos. Aminuddin (1995:5) mratelakaken bilih *gaya bahasa* utawi *style* minangka cara ingkang dipunginakaken dening panganggit kangge mahyakaken pamanggihipun gayut kaliyan ancas saha *efek* ingkang dipunkajengaken. *Efek* ingkang wonten menika awit basa ingkang dipunginakaken ing ukara menika saged nggesangaken basa. Kados pamanggihipun Pradopo (2007:93) ingkang mratelakaken bilih *gaya bahasa* menika nggesangaken ukara saha maringaken solah bawa ing ukara. Solah bawa ing ukara menika kadadosan awit panganggening tetembungan kanthi *gaya bahasa*.

Gaya bahasa minangka tatacaranipun panganggit ngginakaken basa sarana pangaraosing manahipun. Kados pamanggihipun Nurgiyantoro (2009:277) ngandharaken *gaya bahasa* minangka cara pamilihing tembung (ungkapan) ing basa ingkang dipunraosaken saged makili satunggaling pamanggih ingkang badhe dipunandharaken. Panganggening *gaya bahasa* menika minangka panganggening basa ingkang mirunggan, awit satunggaling wacana ingkang kaandharaken kanthi basa ingkang katingal ananging maknaipun boten saged dipuntegesi saking

dhapukaning tembungipun. Keraf (2004:112) ngandharaken bilih teges ingkang siningit sawalikipun (dibalik) ukara kalebet ing perkawis *gaya bahasa*. Saengga *gaya bahasa* entar menika saged dipuntegesi minangka basa ingkang mirunggan, tegesipun ukara boten saged dipuntegesi adhedhasar dhapukaning tembungipun ananging ngandharaken teges ingkang siningit. Bab menika kados ingkang dipunandharaken dening Jatirahayu (2010:22) bilih basa entar menika gadhah teges ingkang siningit. Teges ingkang siningit menika minangka titikan panganggening basa entar minangka perangan saking *gaya bahasa*.

Gaya bahasa sarana panganggening basa ingkang saged mangaribawani pamaos saha pamirsanipun, awit *gaya bahasa* dipunginakaken ing basa lisan saha seratan. Tarigan (1985:5) ngandharaken bilih *gaya bahasa* minangka bentuk *retorik*, inggih menika panganggening tembung nalika micara saha nyerat kangge damel pitados (meyakinkan) saha mangaribawani pamirsa saha pamaos. Langkung tebih, Tarigan ugi ngandharaken bilih panganggening *gaya bahasa* nedahaken jiwaning panganggit ingkang katingal saking khasipun panganggening basa salebeting karya sastranipun. Keraf (2004:115) nedahaken bilih *gaya bahasa* ingkang sae kedah ngandhut 3 perkawis inggih menika, *kejujuran*, *sopan santun* saha narik kawigatosan. Dipunandharaken bilih ing *gaya bahasa* dipunpangguhaken 2 istilah inggih menika *gaya bahasa retoris* saha *gaya bahasa kiasan*. *Gaya bahasa retoris* minangka *penyimpangan* saking wujud ingkang biasa, wondene *bahasa kias* minangka *penyimpangan* ingkang langkung tebih, mliginipun ing bab makna. *Penyimpangan* ing bab makna menika kadadosan awit wontenipun tetandhingan.

Adhedhasar saking pamanggih-pamanggih ing nginggil pramila saged dipunpendhet dudutan ngengingi *gaya bahasa*. *Gaya bahasa* minangka basa ingkang dipunparingi gaya kanthi panganggening *ragam* basa ingkang mirunggan (khas) saha saged dipunpirsani saking panganggening basa ingkang nyebal saking panganggening basa padintenan kangge mahyakaken pamanggih, raosing manah panganggit kanthi ancas nuwuhaken efek tartamtu dening pamaos. *Gaya bahasa* menika kathah jinisipun, salah satunggaling jinis *gaya bahasa* ingkang kathah dipunpanggihaken ing karya sastra inggih menika *gaya bahasa kiasan*.

3. Basa Entar

Basa entar minangka istilah ing kasusastran Jawi, ing basa Indonesia basa entar asring sinebat *bahasa kiasan*. Kekalihipun minangka perangan *gaya bahasa* ingkang nedahaken teges ingkang siningit. Nurgiyantoro (2009:298) mratelakaken bilih *bahasa kiasan* minangka *gaya bahasa* ingkang maknanipun boten saged dipunkinten-kinten (ditafsirkan) adhedhasar tembungipun, ananging kedah madosi teges sanjawinipun roncening tembung saha ukara kasebat. *Bahasa kiasan* menika ngandharaken teges ingkang siningit, saengga anggenipun mangertosi suraosing pesen kedah ngira-ira (menafsirkan) langkung rumiyin. Panganggening *bahasa kias* dipunkajengaken nuwuhaken *efek* tartamtu saengga narik kawigatosan. Ratna (2009:164) mratelakaken bilih *bahasa kias (figure of speech)* minangka pamilihing tembung tartamtu ingkang trep kaliyan maksud panyerat utawi pamicara supados pikantuk aspek kaendahan.

Altenbernd (lumantar Pradopo, 2007:62) nedahaken bilih *bahasa kiasan* minangka *gaya bahasa* ingkang ngentarakan utawi nandhingaken satunggaling

bab kaliyan bab sanesipun. Nalika wonten tetandhingan, pramila makna tembung utawi ukara menika sampun ewah saking makna denotatif utawi makna asalipun. Keraf (2004:129-130) nedahaken bilih nalika *pengungkapan* basa taksih ngginakaken makna denotatifipun, ngandhut unsur-unsur langsungipun (kelangsungan) makna, utawi boten wonten daya kangge ndhelikaken satunggaling bab, pramila basa menika namung basa ingkang biasa. Sawalikipun, nalika *pengungkapan* basa ingkang ngandhut ewah-ewahanipun makna, awujud makna konotatif utawi sampun nyebal tebih saking makna denotatifipun pramila basa menika minangka *bahasa kias*.

Bahasa kias ing sastra Jawi dipunsebat basa entar. Basa entar kadhapuk saking panganggening tembung entar. Purwadi (2009:85) ngandharaken bilih tembung entar inggih menika kalih tembung menapa langkung ingkang dipungabung dados satunggal saha gadhah makna *kiasan* utawi boten sajatosipun. Poerwadarminta (1939:115) mratelakaken bilih tembung ‘entar’ minangka tembung ingkang gadhah teges boten baku utawi minangka tembung silihan. Jatirahayu (2010:22) ngandharaken bilih tembung entar menika tembung silihan utawi tembung ingkang gadhah teges ingkang boten salimrahipun utawi salugunipun. Jatirahayu ugi ngandharaken bilih tembung entar ing basa Indonesia dipunwastani *arti kiasan*. Tembung entar dipunandharaken minangka tembung ingkang boten limrah, pramila panganggening tembung entar salebeting wacana menika saged dipunwastani nyebal.

Taksih gayut kaliyan pamanggih ing nginggil, Padmosoektjo (1958:35) mratelakaken tembung entar menika tembung ingkang boten saged dipuntegesi

namung sawantah kemawon. Nalika manggihaken tembung entar wonten ing teks utawi wacan, boten saged dipuntegesi sawantah kemawon ananging kedah dipungayutaken kaliyan konteksipun. Dipungayutaken kaliyan konteksipun, tundhanipun supados boten lepat negesi makna ingkang siningit kanthi tembung entar kalawau.

Miturut Hadiwidjana (1967:57) tembung entar menika tembung ingkang sampun oncat saking teges baku, inggih menika sampun sinilih kangge medharaken suraos ingkang beda kaliyan tegesipun unen-unen ing sakawit, dados sampun keli, sampun oncat, sampun mentar saking papanipun, sampun ngetutaken lampahipun gagasan sanes, ananging malah dados saenipun, minangka rerenggan basa. Panganggening tembung entar ing karya sastra minangka upiya damel basa menika dados langkung sae, awit tembung entar minangka rerengganing basa.

Saking pamanggih-pamanggih ing nginggil pramila saged dipunpendhet dudutan bilih *bahasa kias* sami kaliyan basa entar. Pepadhaning gegaran teori menika adhedhasar panganggening *bahasa kiasan* saha basa entar ingkang maknaipun boten saged dipuntegesi adhedhasar dhapukaning tembungipun ananging kedah dipungayutaken kaliyan konteks saha makna sanjawinipun dhapukaning tembung. Kajawi menika, adhedhasar saking makna ingkang kadadosan saking panganggening *bahasa kiasan* saha basa entar, inggih menika sami-sami gadhah teges siningit. Basa entar minangka basa ingkang boten nedahaken makna kanthi langsung dhateng obyek tartamtu, ananging kanthi dipunentaraken (pengkiasan) sarana tembung entar.

4. Jinising Basa Entar

Nurgiyantoro (2009:298) nedahaken bilih wujuding tetandhingan ingkang kathah dipunginakaken, katingal saking sipat langsungipun (kelangsungan) panandhing pepadhanipun, saged dipunbedakaken ing bentuk, *simile*, *metafora* saha *personifikasi*. Kajawi *bahasa kias* kalawau, ugi kathah dipunpangguhaken *bahasa kias metonimia*, *sinekdoke*, *hiperbola* saha *paradoks*. Pradopo (2007:62) nedahaken jinising *bahasa kias* utawi basa entar inggih menika: *perbandingan (simile)*, *metafora*, *perumpamaan epic (epic simile)*, *personifikasi*, *metonimia*, *sinekdoke*, saha *alegori*. Minderop (2005:52) nedahaken bilih *perumpamaan* inggih menika: *simile*, *metafor* saha *personifikasi*. Wonten *keselarasan* antawis pamanggihipun Pradopo kaliyan Minderop ngengingi jinising basa entar. Jinising basa entar ingkang dipunandharaken dening Pradopo menika langkung kathah katandhingaken pamanggihipun Minderop. Perangan jinis basa entar *simile*, *metafora*, *personifikasi* menika dipunandharaken kekalihipun, ananging basa entar *perumpamaan epic*, *metonimia*, *sinekdoke* saha *alegori* boten wonten ing pamanggihipun Minderop.

Perangan ngengingi jinising *bahasa kias* ingkang langkung kompleks menika dipuandharaken dening Tarigan (1985:8) nedahaken bilih *bahasa kias* inggih menika: *simile*, *metafora*, *personifikasi*, *depersonifikasi*, *alegori*, *antitesisi*, *pleonasmе*, *perifrasisi*, *antisipasi*, saha *koreksio*. Keraf (2004:136-145) nedahaken bilih *bahasa kiasan* kaperang dados 16 inggih menika: persamaan utawi *simile*, *metafora*, *alegori*, *personifikasi*, *alusi*, *eponim*, *epitet*, *sinekdoke*, *metonimia*, *antonomasia*, *hipalase*, *ironi*, *satire*, *inuendo*, *antifrasisi*, saha *pun* utawi

paronomasia. Jinising basa entar ingkang dipunanadharaken dening Keraf menika langkung kathah katandhingaken kaliyan perangan jinis basa entar ingkang dipunandharaken dening Tarigan. Keraf damel perangan jinising basa entar dados 16 jinis, wondene miturut pamanggihipun Keraf, basa entar kaperang dados 10 jinis. Saengga wonten saperangan jinising basa entar ingkang sami antawisipun pamanggih-pamanggih ing nginggil. Jinising basa entar ingkang sami antawis pamanggihipun Tarigan kaliyan Keraf inggih menika basa entar *simile*, *metafora*, *personifikasi* saha *alegori*. Wondene saking 4 pamanggih, *klasifikasi* ngengingi basa entar ingkang sami inggih menika: *simile*, *metafora*, *personifikasi*, *metonimia* saha *sinekdoke*.

Adhedhasar saking pamanggih para ahli ing nginggil pramila saged dipunpendhet dudutan ngengingi *klasifikasi* jinising basa entar, dipunpendhet saking *klasifikasi* jinising *bahasa kias*. Jinising basa entar ing panaliten menika adhedhasar saking pepadhan mapinten-pinten pamanggih ngengingi jinising basa entar. Salajengipun jinising basa entar utawi *bahasa kias* ing gegaran teori menika kaperang minangka basa entar *simile*, *metafora*, *personifikasi*, *metonimia* saha *sinekdoke*.

a. *Simile*

Keraf (2004:138) ngandharaken bilih *simile* minangka tetandhingan ingkang asipat eksplisit. Nurgiyantoro (2009:298) mratelakaken bilih *simile* nedahaken wontenipun tetandhingan ingkang langsung saha eksplisit, kanthi ngginakaken tembung tugas tartamtu minangka tetenger eksplisitipun kadosta: *seperti*, *bagai*, *bagaikan*, *sebagai*, *laksana*, *mirip*, lsp.

Simile ing kasusastraan Jawi dipunwastani pepindhan. Padmosoekatja (1987:28) ngandharaken bilih ingkang dipunsebat pepindhan inggih menika unen-unen ingkang ngemu surasa pepadhan, irib-iriban utawi emper-emperan. Hadiwidjana (1967:58) mratelakaken bilih pepindhan asring ngginakaken tembung cecala: lir, kadi, kadya, pindha, kaya, lir pendah.

Tuladha: “*Panase kaya mecah-mecahake gundhul*”

Tembung ‘*kaya*’ minangka tembung pambandhing kangge nandhingaken kawontenan ingkang benter sanget saengga damel ngelu kados-kados saged mecahaken gundhul. Tembung ‘*kaya*’ minangka tetenger wontenipun basa entar simile.

Adhedhasar saking pamanggih-pamanggih ing ngingiil pramila saged dipunpendhet dudutan ngengingi basa entar *simile*. *Simile* inggih menika basa entar ingkang *eksplisit* mawi tembung panandhing: lir, kadi, kadya, pindha, kaya, lir pendah, lan sapanunggalanipun.

b. *Metafora*

Keraf (2004:139) nedahaken *metafora* minangka basa entar ingkang nandhingaken kalih bab kanthi siningit, kanthi bentuk ingkang prasaja. Nurgiyantoro (2009: 299) mratelakaken bilih *metafora* minangka perangan saking basa tetandhingan ingkang asipat langsung utawi *implisit*. *Metafora* nedahaken tetandhingan satunggaling perkawis ingkang dipunsebataken sapisanan kaliyan ingkang kaping kalih menika sipatipun namung *sugestif*, tegesipun boten wonten tembung panandhing *eksplisit*.

Tuladha: “*Sarehning ora duwe dhuwit, sanajan adoh, kepeksa mlaku ngodhok bae*”.

Tembung ‘*mlaku ngodhok*’ minangka tembung entar ingkang kalebet ing jinising basa entar *metafora*. Tembung ‘*mlaku ngodhok*’ menika boten saged dipuntegesi namung sawantah kemawon, ananging tembung menika mujudaken basa entar *metafora*. Tembung ‘*mlaku ngodhok*’ minangka basa entar ingkang nedahaken bilih nalika boten gadhah arta sanajan tebih dipunlampahi kanthi mlampah kados kodhok inggih menika mlampah ing dharat kemawon, boten mawi titihan.

Adhedhasar pamanggih ing nginggil pramila saged dipunpendhet dudutan bilih basa entar *metafora* menika nandhingaken satunggaling bab kaliyan bab sanesipun namung asipat *sugestif* wontenipun tetandhingan, kanthi *implisit*, ringkes, tanpa ngginakaken tembung panandhing.

c. *Personifikasi*

Keraf (2004:140-141) mratelakaken bilih *personifikasi* minangka *bahasa kias* utawi basa entar ingkang nggambaraken benda mati ingkang boten gadhah nyawa gadhah sipat-sipat kados manungsa. Bab-bab ingkang dipuntandhingaken menika kados dene wujuding manungsa, ing tindak-tanduk, raosing manah saha watakipun manungsa. Nurgiyantoro (2009:299) ngandharaken bilih *personifikasi* maringaken sipat benda mati kanthi sipat-sipat ingkang dipungadhahi dening manungsa saengga saged gadhah sikep (bersikap) saha solah bawa kados dene manungsa. *Personifikasi* adhedhasar saking wontenipun tetandhingan saha pepadhan inggih menika sipatipun benda mati kaliyan sipatipun manungsa.

Tuladha: “ *Dhawete katon ngawe-awe, marakke kepengin ngrasakake*”.

Tembung ‘*ngawe-awe*’ menika minangka tetenger basa entar *personifikasi*. Pranyata, ‘*dhawet*’ menika boten saged ‘*ngawe-awe*’ kados dene manungsa, pramila tembung menika minangka tetenger basa entar *personifikasi* awit tembung ‘*ngawe-awe*’ menika ngentaraken dhawet saged nindakaken solah bawa kados manungsa inggih menika ngawe-awe.

Adhedhasar pamanggih ing nginggil pramila saged dipunpendhet dudutan bilih basa entar *personifikasi* inggih menika basa entar ingkang maringaken sipat *insani* dhateng barang mati ing bab tindak-tanduk, raosing manah saha watak.

d. *Metonimia*

Metonimia saking basa Yunani *meta* ingkang gadhah teges nedahaken ewah-ewahan saha *onoma* ingkang tegesipun nama. Keraf (2004:142) mratelakaken bilih *metonimia* inggih menika gaya basa ingkang ngginakaken satunggal tembung kangge nedahaken bab sanes, awit gadhah gegayutan ingkang rumaket. Keraf ugi ngandharaken bilih gegayutan (hubungan) menika awujud: akibat kangge sebab, sebab kangge akibat, isi kangge nedahaken kulitipun, lsp.

Miturut Tarigan (1985:123) *metonimia* inggih menika *majas* ingkang ngginakaken nama ciri kangge nama perkawis ingkang dipungayutaken kaliyan manungsa, barang, utawi bab minangka gantosipun. *Metonimia* ugi dipunandharaken minangka *kiasan* kangge panggantosing nama.

Tuladha: “*Ibu mundhut **layur** ing pasar pahing*”.

Panganggening nama ‘*layur*’ salebeting ukara ing nginggil minangka basa entar *metonimia*. ‘*Layur*’ minangka salah satunggaling nama jinising ulam laut, pramila panganggening tembung ‘*layur*’ menika nggantosaken ulam.

Adhedhasar pamanggih ing nginggil pramila saged dipunpendhet dudutan bilih basa entar *metonimia* inggih menika basa entar ingkang dipunginakaken kangge nggantosaken satunggaling bab kaliyan bab sanesipun awit kekalihipun gadhah gegayutan ingkang rumaket.

e. *Sinekdoke*

Keraf (2004:142) mratelakaken bilih *sinekdoke* inggih menika basa *figuratif* ingkang ngginakaken saperangan (sebagian) kangge nedahaken sedayanipun (keseluruhan) (*pars pro toto*) utawi ngginakaken sedayanipun (keseluruhan) kangge nedahaken saperangan (*totum pro parte*). Dale (salebeting Tarigan, 1985:124) nedahaken bilih *sinekdoke* minangka *gaya bahasa* ingkang nedahaken saperangan kangge sedayanipun.

Tuladha 1 : “*Saben taun, tansaya kathah **tutuk** ingkang kedah dipunparingi maem ing negara menika*”.

Ukara ing nginggil ngandhut basa entar *sinekdoke* (*pars pro toto*). Tutuk minangka bagian saking badanipun manungsa. Tembung ‘*tutuk*’ salebeting ukara ing nginggil nedahaken manungsa boten namung tutuk kemawon, ananging saking pucuking rikma dumugi pucuking samparan. Kanthi makaten, ‘*tutuk*’ menika nedahaken saperangan kangge sedayanipun.

Tuladha 2 : “*Mangke dalu wonten siaran bal-balan antiwis Medan kaliyan Jakarta*”.

Ukara ing nginggil minangka basa entar *sinekdoke (totem pro parte)* inggih menika ing kasunyatan ingkang makili bal-balan menika boten satunggal kutha Medan menapa Jakarta, ananging namung priyantun ingkang makili antawis *kesebelasan* Medan kaliyan Jakarta. Kanthi makaten, Medan saha Jakarta menika nedahaken sedayanipun kangge saperangan, inggih menika namung saperangan priyantun minangka wakil saking saben kuthanipun.

Adhedhasar pamanggih ing nginggil pramila saged dipunpendhet dudutan bilih basa entar *sinekdoke* kaperang dados kalih inggih menika *sinekdoke pars pro toto* ingkang nedahaken saperangan kangge sedayanipun saha *sinekdoke totem pro parte* ingkang nedahaken sedayanipun kangge saperangan.

5. Fungsi Basa Entar

Basa entar gadhah *peranan* ingkang wigatos kangge nyengkuyung *karya sastra*, awit kaendahanipun *karya sastra* saged dipunsengkuyung saking panganggening basa entar. Basa entar utawi *bahasa kias* ing *karya sastra* nuwuhaken apresiasi ingkang mirunggan saking pamaos. Pamaos saged mlebet ing *karya sastra* sarana basa entar ingkang dipunginakaken.

Kajawi kangge nambahi kaendahaning *karya sastra*, basa entar ugi dipunginakaken minangka cara khas kangge ngandharaken pesen panganggit, nggambaraken kawontenan ingkang kagambaraken saking tembung ingkang dipunginakaken panganggit. Nurgiyantoro (2009:297) nedahaken bilih panganggening *bahasa kias* saged nuwuhaken *kesan* saha kawontenan, *tanggapan*

indera tartamtu, saha damel endahing swanten ingkang tegesipun menunjang tujuan-tujuan estetika karya sastra. Panganggening basa entar minangka sarana nglantaraken pamanggih satunggaling priyantun. Pramila menika kadangkala panggraitanipun satunggaling priyantun boten sami kaliyan menapa ingkang dipungrahita dening priyantun sanes sarana *gaya bahasa*. Bab menika saged kadadosan awit *gaya bahasa* minangka basa ingkang tegesipun sinigit saha dhapukaning basa ingkang ringkes saged nedahaken teges ingkang langkung wiyar.

Sayuti (1985:124) nedahaken *bahasa kias* minangka sarana utawi alat kangge nggambangaken (memperjelas) gambaran pamanggih (ide), *mengkonkretkan* gambaran saha *menumbuhkan perspektif* enggal kanthi komparasi. Pradopo (2007: 62) ngandharaken bilih wontenipun *bahasa kias* damel karya sastra langkung narik kawigatosan, gesang, saha damel gamblang gambaran penggalih (angan). Keraf (2004:129) ngandharaken bilih *figure of speech*, kalebet *bahasa kias* gadhah fungsi estetis ingkang kathah jinisipun, inggih menika: nggambangaken (menjelaskan), ngiataken (memperkuat atau memberi penekanan) pocapan, nggesangaken obyek mati, *menstimulasi asosiasi*, ndamel gemujeng (gelak tawa), kangge hiasan saha efek sanesipun.

Kajawi wonten ing karya sastra, basa entar ugi saged kita panggihaken wonten ing pawicantenan padintenan. Sinaosa makaten fungsipun basa entar ingkang kaandhut ing karya sastra kaliyan ing pawicantenan menika beda. Basa entar ing pawicantenan dipunginakaken tundhanipun kangge damel cepet (mempercepat) pangertosan, awit ngginakaken bentuk ingkang umum (lazim)

wondene ing karya sastra, panganggening basa entar damel danguning (memperlambat) pamahaman. Kadadosan menika awit *bahasa kias* ing karya sastra menika wujud ingkang enggal saha panganggit menika kanthi manasuka saged milih, ngginakaken basa entar miturut kabetahan, kekarepan saha kreatifitas panganggit. Pamilihing tembung ingkang dipunginakaken panganggit salebeting karya sastraipun minangka lukisan raosing manah panganggit utawi tokoh.

Adhedhasar pamanggih-pamanggih ing nginggil pramila kita saged mendhet dudutan ngengingi *fungsi* basa entar dipunpendhet saking *fungsi* panganggening *bahasa kiasan*. Para ahli mratelakaken *fungsi* basa entar utawi *bahasa kias* kathah jinisipun saha beda-beda. Saengga *fungsi* basa entar ing gegaran teori panaliten inggih menika kangge damel endahing swanten, *konkritisasi*, nggamblangaken gambaran, nggesangaken gambaran saha obyek, nuwuhaken *kesan* saha kawontenan tartamtu, damel ringkes seratan saha pocapan, saha nggambaraken raosing manah paraga.

a. Damel Endahing Swanten

Nurgiyantoro (2009:297) mratelakaken bilih wontenipun *gaya bahasa* saged damel endahing swanten. Ing kasusastran Jawi damel endahing swanten menika awujud panganggening purwakanthi. Saengga wontenipun purwakanthi salebeting basa entar menika damel endahing swanten amargi basa entar menika saged dipunrakit kanthi tembung-tembung apurwakanthi. Padmosoekatja (1958: 86) nedahaken purwakanthi kaperang dados 3 jinis, inggih menika: purwakanthi guru swara (*pengulangan bunyi*), purwakanthi guru sastra (*pengulangan aksara*), purwakanthi lumaksita (*pengulangan kata*).

Tuladha : “*Ora eling priye kawitane, mara-mara tangane wis digegem Ugra. Sirtu saya angglong atine. Ndhredheg kabeh kaya wong pasa ngenteni dhenge bedug buka!*” (NS/2010/41)

Ukara ing nginggil gadhah *fungsi* kangge damel endahing swanten, inggih menika katingal saking wontenipun purwakanthi guru swara ing vokal [ɔ] ing tembung *kaya, pasa* saha *buka*. Saengga wontenipun purwakanthi salebeting basa entar ing nginggil menika saged damel endahing swanten amargi basa entar karakit saking tembung-tembung apurwakanthi.

b. Konkritisasi

Fungsi damel *konkret* (pengkonkritan) ingkang kagambaraken dening panganggit minangka bab *abstrak*, saengga panganggit mendhet bab ingkang *familiar, konkret* utawi nyata. Perrine (salebeting Badrun, 1989:26) mratelakaken bilih gaya basa *efektif* kangge ngandharaken maksud panganggit awit *gaya bahasa* menika *mengkonkretkan* satunggaling bab ingkang abstrak. Waluyo (1987:81) mratelakaken bilih *konkret* dipunginakaken kangge nggambaraken satunggaling *lukisan* kawontenan utawi kawontenan manah kanthi ancas *membangkitkan imaji* pamaos. Panganggit ngupiya *mengkonkretkan* tetembungan, tegesipun panganggit ngupiya supados tetembungan kalawau saged *menyaran* ing teges ingkang *menyeluruh*.

Tuladha: “*Nanging saben-saben nglirik kamare Ugra, Sirtu mungkret atine*”. (NS/2010/127)

Ukara ing nginggil gadhah *fungsi* kangge damel konkret gambaran. Ati menika minangka benda ingkang abstrak utawi boten katingal awit gesang ing badanipun manungsa, saengga nalika ati menika taksih mapan ing badanipun

manungsa ingkang taksih gesang, pramila boten saged dipuncepeng. Ananging ing mriki, atinipun satunggaling paraga menika kados-kados saged dipunpirsani. Raosing manahipun Sirtu ingkang bingung (gelisah) menika kagambaraken kados dene barang ingkang saged mekar saha mungkret.

c. Nggamblangaken Gambaran

Panganggit gadhah *peran* ingkang wigati awit ing lampahipun karya sastra, minangka narator utawi paraga ingkang nggambaraken gambaran saengga langkung gamblang malih. Sayuti (1985:124) mratelakaken bilih *gaya bahasa* minangka piranti utawi sarana kangge nggamblangaken gambaran. Sayuti (1985:98) mratelakaken bilih *fungsi* nggamblangaken gambaran ingkang dipungambaraken dening panganggit minangka bab ingkang limrah utawi saged kadadosan ing pagesangan nyata, saengga gambaran ingkang dipuntandhingaken saged langkung gamblang saha nyata.

Tuladha: “*Mripat pirang-pirang pasang rasane ngawasake Sirtu*”
(NS/2010/128)

Ukara ing nginggil minangka basa entar ingkang gadhah *fungsi* nggamblangaken gambaran inggih menika nyebut saperangan kangge sedayanipun. Basa entar ing nginggil nedahaken bilih sedaya priyantun nembe ngawasaken Sirtu.

d. Nngesangaken Gambaran saha Obyek

Fungsi nngesangaken gambaran saha obyek ing gegaran teori menika kathah dipunginakaken ing basa entar *personifikasi*. Panganggit sengaja ngentarakaken menapa ingkang piyambakipun gambaraken kanthi sipat *insani*

(*penginsanan*) saengga gambaran kados gesang saha langkung narik kawigaten. Miturut Pradopo (2007:75) mratelakaken bilih *personifikasi* dipunginakaken kangge nggesangaken lukisan utawi obyek. Nggesangaken gambaran saha obyek ing panaliten menika, maringaken gambaran dhateng satunggaling bab kanthi *penginsanan* kadosdene manungsa, saengga basa saged nglampahaken tumindak kados manungsa, saengga *benda* mati kados gesang.

Tuladha: “*Baharudin uga anyel marang andhahane, Ugra lan Danang, olehe miskin kenalan seniwati! Pencereng-pencereng, mripate nabrak Sirtu.*” (NS/2010/66)

Panganggening ungkapan *mripate nabrak Sirtu* menika maringaken sipat *insani* soca ingkang nggesangaken gambaran saengga langkung gesang. Panganggit maringaken sipat *insani* ing soca ingkang *seolah-olah* saged tumindak kados manungsa inggih menika nabrak priyantun sanes.

e. Nuwuhaken *Kesan* saha Kawontenan Tartamtu

Basa entar gadha *fungsi* kangge nuwuhaken *kesan* saha kawontenan tartamtu, tuladhanipun kawontenan sepi, medeni, romantis, rame, lsp. Panganggening *bahasa kias* utawi basa entar maringaken *kesan kemurnian, kesegaran*, damel kaget saha awit menika dados langkung *efektif* (Nurdiyantoro, 2007:297).

Tuladha: “*Wonge kemruyuk kaya ing pasar esuk, uyel-uyelan kaya cendhol ing pengaron dhawet.*” (NS/2010/104)

Ukara ing nginggil minangka basa entar ingkang gadhah *fungsi* kangge nuwuhaken *kesan* saha kawontenan tartamtu inggih menika kawontenan ingkang rame, awit priyantun ingkang kemruyuk kados kawontenan ing peken enjing saha

suk-sukan, jejel-riyel kados cendhol ing pengaron dhawet. *Fungsi* kasebut katiti saking tembung *Wonge kemruyuk kaya ing pasar esuk saha uyel-uyelan kaya cendhol ing pengaron dhawet*. Ungkapan kasebut nedahaken kawontenan ing papan ingkang rame, awit kathah priyantun, kemruyuk kados ing peken enjing saha jejel-riyelipun kados cendhol ing pengaron dhawet.

f. Damel Ringkes Seratan saha Pocapan

Basa entar ginanipun kangge damel ringkes seratan inggih menika ngandharaken satunggaling bab kanthi basa ingkang langkung prasaja. Bab menika kados ingkang dipunandharaken dening Sayuti (1985:75) ngandharaken bilih *majas* saged dipunginakaken kangge nengenaken bab-bab ingkang *berdimensi* kathah mawi wujud ingkang langkung ringkes.

Tuladha: “*Ugrasamsi dadi kembang lambe. Luwih maneh Baharudin, anggone ngumukake kaprigelane Ugra ora entek-entek.*” (NS/2010/31)

Basa entar ing nginggil gadhah *fungsi* damel ringkes seratan saha pocapan inggih menika panganggening frasa *kembang lambe*. Panganggit ngginakaken frasa *kembang lambe* supados seratan saha pocapan langkung ringkes kangge ngandharaken *bahan cecaturane wong akeh*.

g. Nggambaraken Raosing Manah Paraga

Basa entar ugi gadhah fungsi kangge nglukisaken raosing manah paraga. Panganggit ngginakaken basa entar kangge nglukisaken kawontenan manahipun paraga, kadosta nalika nembe nandang prahara, sengsem, sisah, lsp. Pradopo (2007:93) ngandharaken bilih *gaya bahasa* menika minangka salah satunggaling sarana ingkang dipunginakaken kangge nggambaraken raosing manah. Saengga

basa entar minangka perangan saking *gaya bahasa* menika ugi sarana kangge nggambaraken raosing manah paraga ingkang karipta dening panganggit karya sastranipun.

Tuladha: “*Sirtu ambruk ora duwe daya! Atine kaya dijuwing-juwing!* (NS/2010/124)

Ukara ing nginggil minangka basa entar ingkang gadhah *fungsi* kangge nggambaraken raosing manah paraga, inggih menika katingal saking tembung ‘*Atine kaya dijuwing-juwing*’. Basa entar kasebut nedahaken raosing manah paraga ingkang sakit kados saged diiris inggih menika ngandharaken bilih paraga menika nembe nandang susah awit pawartos ingkang boten leres ngengingi Sirtu kaliyan Bathara sampun dumugi kanca-kancanipun. Menika ingkang damel manahipun Sirtu menika kados diiris-iris, piyambakipun ajrih bilih Ugra ugi pitados kaliyan perkawis menika, kamangka Sirtu ugi nembe nandang katresnan dhateng Ugra.

6. Novel

Salah satunggaling asiling karya sastra inggih menika novel. *Novel merupakan sebuah struktur organisme yang kompleks, unik dan mengungkapkan sesuatu (lebih bersifat) secara tidak langsung* (Nurgiyantoro, 2009:32). Novel dipunandharaken minangka satunggaling *struktur organisme yang kompleks*, menika tegesipun bilih novel minangka karya sastra menika saged maringaken manpangat saha ngelmu. Kangge mratelakaken satunggaling perkawis kanthi boten langsung menika pramila novel mbetahaken basa entar kangge mratelakaken perkawis kanthi tersirat. Pamaos novel kadangkala manggihaken

kasisahan nalika kedah negesi tembung ing novel, awit mbetahaken penafsiran dening pamaos.

Kajawi minangka karangan ingkang panjang, novel ugi gadhah *kontribusi* ing donya kasusastraan. Wellek & Warren (lumantar Nurgiyantoro, 2009:15) ngandharaken bilih novel gadhah sifat *realistis*, ngrembaka saking bentuk-bentuk *naratif non fiksi*, tuladhanipun serat, biografi, kronik utawi sejarah. Saengga, novel, kanthi *stilistik* ngandharaken (menekankan) pentingipun detil saha gadhah sipat mimesis. Saengga kathah apresiasi sastra ingkang ngginakaken gegaran teori stilistika minangka dhasaring panaliten. Nurgiyantoro (2009: 22-23) ngadharaken bilih novel minangka totalitas, novel nggadahi bagian-bagian, unsur-unsur ingkang gegayutan satunggal kaliyan sanesipun kanthi raket saha *saling* nggantungkan. Bilih novel minangka totalitas, unsur tembung saha basa minangka salah satunggaling bagian saking totalitas menika.

Adhedhasar pamanggih-pamanggih ing nginggil pramila saged dipunpendhet dudutan ngengingi novel. Novel inggih menika karangan prosa ingkang panjang, ingkang ngginakaken basa minangka sarananipun. Basa-basa ingkang dipunginakaken minangka basa ingkang saged nedahaken totalitas satunggaling novel. Totalitas menika karengkuh awit panganggening tembung ing basa salebeting novel.

B. Panaliten Ingkang Jumbuh

Panaliten ingkang jumbuh kaliyan panaliten menika inggih menika panaliten ingkang dilampahaken dening Desi Nurvitasari tahun 2012 saking Jurusan Pendidikan Basa Daerah Fakultas Bahasa dan Seni Universitas Negeri

Yogyakarta kanthi irah-irahan “Penggunaan Bahasa Kias Dalam Novel Anteping Wanita Karya Any Asmara”, panaliten menika awujud skripsi. Obyek ingkang dipunteliti inggih menika ngrembag ngengingi jinis saha fungsi *bahasa kias* ingkang wonten ing novel Anteping Wanita. Jinising *bahasa kias* ingkang dipunpanggihaken ing panaliten menika wonten 6 jinis.

Panaliten menika jumbuh kaliyan panaliten kula, awit subjek panaliten ingkang sami-sami ngrembag ngengingi basa entar utawi *bahasa kias* ing novel mliginipun novel Jawi. Sanesipun makaten, panaliten menika ugi sami mendhet fokus panaliten awujud jinising basa entar saha fungsi basa entar. Faktor ingkang damel beda panaliten menika kaliyan panaliten saderengipun inggih menika ing bab asiling (temuan) panaliten. Sinaosa sami-sami ngrembag bab *bahasa kias* ananging *bahasa kias* menika dipuncakaken ing novel ingkang beda saha pangripta ingkang beda ugi. Saengga asiling panaliten ingkang sampun wonten kaliyan panaliten kula boten sami.

Panaliten menika dipunkajengaken saged migunani, maringaken sumbangsih kangge ngrembakakaken ngelmu basa saha kasusastraan, mliginipun perkawis *gaya bahasa*, inggih menika basa entar utawi *kiasan*. Panaliten menika dipunangkah saged damel pamaos langkung gampil mangertosi makna salebeting novel *NS* saha sageda maringaken paedah kangge ngembeti seserepan, damel wiyar pangertosan bab basa ing *karya* sastra, mliginipun kasusastraan Jawi.

C. Nalaring Pikir

Basa minangka *media karya sastra* kangge ngandharaken pamanggih saha ide satunggaling pangripta *karya sastra*, kadosta novel. Kaendahaning basa tumrap

novel salah satunggalipun inggih menika panganggening *gaya bahasa kias*, ingkang sinebat basa entar ing kasusastran Jawi. Basa entar inggih menika basa ingkang dipunginakaken kangge ngandharaken tetandhingan, kanthi teges ingkang siningit, saengga maknanipun sampun ewah saking makna asli dhapukaning tembungipun.

Panaliten kanthi irah-irahan “Basa Entar Ing Novel *Nona Sekretaris* Anggitanipun Suparto Brata” menika, gadhah ancas kangge ngandharaken jinis saha *fungsi* basa entar ingkang dipunginakaken ing novel kasebat. *Fungsi* ingkang kamot salebeting novel badhe kaandharaken jumbuh kaliyan konteks ing andharan.

Panaliten minangka panaliten deskriptif kanthi cara analisis stilistika. Wondene cak-cakanipun panaliten menika kaandharaken kados makaten: maos novel ingkang dados sumbering *data* kanthi tliti saha premati, nggatosaken basa entar ingkang kamot salebeting novel, *data* ingkang sampun dipunpanggihaken dipunserat ing *kartu data* salajengipun dipunanalisis adhedhasar konteksipun. Analisis menika dipunlampahi kanthi cara stilistika saha asilipun kaandharaken kanthi deskriptif kangge nemtokaken jinis saha fungsipun. Jinising basa entar ing panaliten menika gunggungipun wonten 5 jinis, inggih menika: *simile*, *metafora*, *personifikasi*, *metonimia* saha *sinekdoke*. Sabibaripun nemtokaken jinis, salajengipun dipunpadosi *fungsi* basa entar dipunjumbuhaken kaliyan konteksipun.

BAB III

CARA PANALITEN

A. Jinising Panaliten

Panaliten menika kalebet panaliten *deskriptif*. Panaliten *deskriptif* dipunginakaken kangge mratelakaken utawi mahyakaken asiling panaliten kanthi menapa wontenipun utawi kanthi *obyektif*. Sudaryanto (1988:62) ngandharaken bilih panaliten *deskriptif* dipunlampahaken adhedhasar fakta ingkang wonten utawi *fenomena* kanthi empiris ing penuturipun, saengga ingkang dipunasilaken utawi ingkang dipuncathet menika awujud *peran* basa ingkang umum dipunsebut sipat-sipatipun minangka *potret*, dipunandharaken kanthi menapa wontenipun. *Data* ingkang dipunteliti inggih menika novel *Nona Sekretaris* anggitanipun Suparto Brata. Pramila panaliten menika gadhah ancas kangge mratelakaken asiling panaliten ngengingi jinising basa antar saha *fungsi* basa antar ing novel *NS* anggitanipun Suparto Brata ingkang arupi *data-data* seratan tanpa ngewah-ewahi *data* kasebut.

B. Data saha Sumber Data

Data ingkang badhe dipuntaliti, inggih menika panganggening basa antar wonten novel *NS*. Panganggening basa antar menika dipuntaliti ngengingi jinising basa antar saha *fungsi* basa antar ingkang dipunginakaken ing novel *NS*.

Sumbering *data* panaliten menika pikantuk saking sumber data seratan, awujud novel basa Jawi ingkang kathah dipunpanggihaken panganggening basa antar utawi *bahasa kias*. Novel ingkang dipunginakaken minangka sumbering

data, kanthi irah-irahan *Nona Sekretaris*. Novel menika minangka novel basa Jawi, dumadi saking 260 kaca, ingkang kacithak dening penerbit Narasi rikala taun 2010.

Novel *NS* menika kapilih minangka sumber *data* ing panaliten menika kanthi tetimbangan (pertimbangan) bilih nalika maos novel menika panaliti kathah manggihaken panganggening basa entar utawi *bahasa kias* salebeting novel *NS* menika. Adhedhasar saking kawontenan menika, pramila novel menika dipunginakaken minangka sumbering data panaliten.

C. Cara Ngempalaken *Data*

Cara anggenipun ngempalaken *data* ing panaliten menika mawi cara-cara ingkang trep kaliyan sumbering *data*. Cara ngempalaken *data* ing panaliten menika dipunlampahaken kanthi cara maos saha nyerat.

Cara maos, inggih menika panaliti maos novel *Nona Sekretaris* kanthi premati lan tliti. Anggenipun maos boten namung sapisan ananging dipunambali ngantos pikantuk data ingkang leres, inggih menika data ingkang ngamot basa entar. Wonten ing cara maos, panaliti manggihaken saha milah (menjaring) *data* ingkang dipunbetahaken ing panaliten, inggih menika ngengingi jinising basa entar saha *fungsi* basa entar ing novel *Nona Sekretaris*.

Tata cara salajengipun, sabibaripun cara maos dipunlampahaken pramila cara salajengipun ingkang dipuntindakaken ing panaliten inggih menika tatacara nyerat utawi nyathet. Wonten ing tatacara nyerat menika, panaliti nyerat *data* ingkang dipunbetahaken ing panaliten kanthi ngidhentifikasi *data* kasebat salebeting tabel.

D. Piranting Panaliten

Piranting panaliten ingkang dipunginakaken ing panaliten inggih menika tabel *analisis data* kabantu *kartu data*. Tabel *analisis data* dipunginakaken kangge nganalisis *data* ingkang magepokan kaliyan underaning perkawis panaliten. *Kartu data* dipunginakaken kangge nyerat sedaya data ingkang magepokan kaliyan perkawis ingkang dipunadosi wangsulanipun, inggih menika ngengingi jinising basa entar saha *fungsi* basa entar ing novel *NS* menika. *Kartu data* ingkang dipunginakaken ing panaliten menika awujud tabel. Tabel gadhah *fungsi* kangge nggampilaken *pengecekan* saha ngempalaken data.

Tabel : *Format Tabel Kartu Data*

Sumber	: <i>NS/2010/10</i>
Data	: <i>“Bocah mau satemene praene lan tindak tanduke pancen isih mbocahi, mung dandanane kang niru-niru wong diwasa kaya gedhang karbitan, katone ora duwe niat ala.”</i>
Jinising Basa Entar	: <i>simile</i>
Fungsi Basa Entar	: nggamblangaken paraga ingkang dandanipun niru tiyang diwasa kados gedhang karbitan.

Katrangan

Sumber	: sumber data panaliten
Data	: data panaliten
Jinising Basa Entar	: <i>simile</i>
Fungsi Basa Entar	: nggamblangaken gambaran

E. Caranipun Nganalisis *Data*

Cara analisis data ingkang dipunginakaken kangge nganalisis novel *Nona Sekretaris* inggih menika panaliten deskriptif kanthi *analisis stilistika*. Kajian *stilistika* gegayutan kaliyan sistem linguistik ing karya sastra.

Panaliten menika kalebet ing panaliten *stilistika*, mliginipun ing *gaya bahasa kias* utawi basa entar. Basa entar kalawau badhe dipunanalisis lajeng dipunpadosi jinis tuwin fungsipun jumbuh kaliyan *konteks* ing andharan. Lampah salajengipun, inggih menika damel dudutan adhedhasar asiling panaliten. Menggahing cak-cakanipun analisis data ingkang kalampahaken ing panaliten kados andharan ing ngandhap menika.

1. Nemtokaken perangan analisis. Perangan menika saged awujud frasa, klausa utawi ukara ingkang ngandhut basa entar, lajeng kaserat ing kertu data.
2. Identifikasi, inggih menika panaliti nglampahi identifikasi tumrap data ingkang kalebet ing basa entar. Data ingkang sampun kapanggihaken saha kaserat ing kertu data, lajeng dipunwaos malih saha menawi perlu dipuncocokaken malih kaliyan andharan ing novel.
3. Data ingkang sampun cetha kalebet ing basa entar lajeng kaanalisis kangge nemtokaken jinis tuwin fungsipun. Jinis saha fungsi menika kaandharaken kanthi cara deskriptif kajumbuhaken kaliyan konteksipun. Data ingkang sampun dipunanalisis, lajeng dipunklompokaken miturut kriterianipun saha kaserat ing tabel analisis.
4. Tatacara pungkasan inggih menika damel dudutan saking perkawis ingkang dipunteliti, dudutan menika kadamel sasampunipun perkawis bab jinis saha *fungsi* kaandharaken saha karembag kanthi gamblang.

Tabel : Format Tabel Analisis

No	Data	Jinising Basa Entar					Fungsi Basa Entar							Katrangan	
		<i>Simile</i>	<i>Metafora</i>	<i>Personifikasi</i>	<i>Metonimia</i>	<i>Sinekdoke</i>	a	b	c	d	e	f	g		
1	<p>“Bocah mau satemene praene lan tindak tanduke pancen isih mbocahi, mung dandanane kang niru-niru wong diwasa kaya gedhang karbitan, katone ora duwe niyat ala.” (NS/2010/69)</p>	✓							✓						<ul style="list-style-type: none"> • <i>Simile</i>: kaya gedhang karbitan. Nandhingaken paraga kaliyan gedhang karbitan. • <i>Fungsi</i>: nggamblangaken gambaran dandanipun paraga ingkang niru wong diwasa kados pisang karbitan.

Katrangan:

- a : Damel endahing swanten
b : *Konkritisasi*
c : Nggamblangaken gambaran
d : Nggesangaken gambaran saha obyek
e : Nuwuhaken *kesan* saha kawontenan tartamtu
f : Damel ringkes seratan saha pocapan
g : Nggambaraken raosing manah paraga

F. Caranipun Ngesahaken Data

Caranipun ngesahaken *data* menika gadhah ancas kangge mangertosi *data* ingkang saged dipunpitados. Panaliti nglampahaken *pengecekan data* salebeting *data* ingkang sampun wonten (diperoleh). *Pengecekan* dipunlampahaken kanthi cara *validitas* saha *reliabilitas*.

Validitas data ing panaliten menika dipunlampahaken kanthi *validitas* semantis awit kangge mangertoasi makna *data-data* ingkang awujud basa entar

menika adhedhasar konteksipun. Tata cara ingkang dipunlampahaken kangge mangertosi (mencapai) kevalidan asiling panaliten, inggih menika kanthi cara maos, ngamati saha analisis kanthi premati adhedhasar teori ingkang wonten. Teknik *validitas* Semantis dipunlampahaken kanthi cara nggatosaken *data-data* ingkang sampun kapanggihaken saha madosi maknanipun adhedhasar konteksipun saengga langkung gampil dipunmangertosi suraosing ukara. Kados tuladha ing ngandhap menika.

“Bocah mau satemene praene lan tindak tanduke pancen isih mbocahi, mung dandanane kang niru-niru wong diwasa kaya gedhang karbitan, katone ora duwe niyat ala.” (NS/2010/69)

Makna ingkang badhe kaandharaken inggih menika nggamblangaken gambaran dandanipun paraga ingkang niru priyantun diwasa, boten trep kaliyan umuripun menika kados pisang karbitan, inggih menika pisang ingkang dipunsukani karbit supados cepet rateng sadereng wancinipun. Adhedhasar semantik ugi, saged dipuntegesi bilih ukara ing nginggil gadhah *fungsi* nggamblangaken gambaran. Katiti saking panganggening ungkapan *gedhang karbitan* kangge nggamblangaken gambaran paraga ingkang dandanipun niru priyantun diwasa.

Reliabilitas dipunlampahaken kangge nguji data kanthi premati ingkang wonten ing data panaliten. *Reliabilitas* ingkang dipunginakaken ing panaliten inggih menika *Reliabilitas intra-rater* saha *interrater*. Teknik *Reliabilitas intra-rater* dipunlampahaken kanthi cara panaliti maos kanthi premati saha dipunambali dumugi ngasilaken data ingkang ajeg (konsisten).

Teknik *Reliabilitas interrater* dipunlampahaken kanthi cara panaliti konsultasi ngengingi asiling panaliten dening priyantun ahli wonten ing *bidang* ingkang dipuntaliti. Panaliti ing panaliten menika ngawontenaken pirembagan (konsultasi) kaliyan dosen pembimbing.

BAB IV
ASILING PANALITEN SAHA PIREMBAGANIPUN

A. Asiling Panaliten

Sasampunipun dipulampahaken panaliten tumrap novel *Nona Sekretaris* anggitanipun Suparto Brata, kapanggihaken asiling panaliten ingkang gegayutan kaliyan (1) jinising basa entar, saha (2) *fungsi* basa entar ingkang dipunginakaken ing novel *Nona Sekretaris* anggitanipun Suparto Brata. Anggenipun ngandharaken asiling panaliten, badhe dipunserat mawi tabel ingkang ngemot bab jinising basa entar saha *fungsi* basa entar. Asiling panaliten babagan jinising basa entar saha *fungsi* basa entar tumrap novel *Nona Sekretaris* anggitanipun Suparto Brata badhe dipunandharaken kados makaten.

Tabel 2: Jinising Basa Entar saha Fungsi Basa Entar ing Novel *Nona Sekretaris* Anggitanipun Suparto Brata.

No	Jinising Basa Entar	Fungsi Basa Entar	Indikator
1	2	3	4
1	<i>Simile</i>	Damel endahing swanten	<p>“<i>Rekasa mayokake, wong Normasari kuwi wis klebu angkatan tuwa. Sakiki bintang-bintang cilik, Dhian Mayasari, Ida Sanjaya, Nuning Fanani, padha mlethek kaya srengenge bangun esuk.</i>” (Data 54)</p> <ul style="list-style-type: none"> • <i>Simile</i>: wontenipun panandhing <i>kaya</i> kangge nandhingaken artis-artis enggal kaliyan srengenge ingkang nembe njedhul. • <i>Fungsi</i>: damel endahing swanten. Wontenipun purwakanthi guru swara [U] ing tembung <i>bangun</i> saha <i>esuk</i>. Purwakanthi guru swara vokal [e] sawingkingipun tembung <i>srengenge</i> saha ing ngajeng tembung <i>esuk</i>.
		<i>Konkritisasi</i>	<p>“<i>Dene ing kantor, srengenge September lagi mencorong, pikiran-pikiran nglangut sing dhek wingi ing uteke, amblas kaya embun esuk.</i>” (Data 122)</p>

Tabel salajengipun

1	2	3	4
			<ul style="list-style-type: none"> • <i>Simile</i>: wontenipun panandhing <i>kaya</i> ingkang nandhingaken pikiran kaliyan embun. • <i>Fungsi</i>: <i>konkritisasi</i>. Damel <i>konkret</i> pikiran kados embun.
		Nggamblangaken gambaran	<p>“<i>Bocah mau satemene praene lan tindak tanduke pancen isih mbocahi, mung dandanane kang niru-niru wong diwasa kaya gedhang karbitan, katone ora duwe niat ala.</i>” (Data 1)</p> <ul style="list-style-type: none"> • <i>Simile</i>: wontenipun panandhing <i>kaya</i> ingkang nandhingaken paraga kaliyan pisang karbitan. • <i>Fungsi</i>: nggamblangaken gambaran. Nggamblangaken gambaran paraga ingkang dandanipun boten trep kaliyan umuripun kados pisang karbitan.
		Nggambaraken raosing manah paraga	<p>“<i>La yen ngono gunemmu, aku ya bakal nulak usul-usulmu! Raine bahar abang kaya ulese raine wayang Raja Mandura nesu.</i>” (Data 16)</p> <ul style="list-style-type: none"> • <i>Simile</i>: wontenipun panandhing <i>kaya</i> kangge nandhingaken pangraosing manah nesu kados abriting ulesipun Raja Mandura nalika nesu. • <i>Fungsi</i>: nggambaraken raosing manah paraga. Nggambaraken raosing manah paraga ingkang nesu.
		Nuwuhaken <i>kesan</i> saha kawontenan tartamtu	<p>“<i>Wonge kemruyuk kaya ing pasar esuk, uyel-uyelan kaya cendhol ing pengaron dhawet.</i>” (Data 80)</p> <ul style="list-style-type: none"> • <i>Simile</i>: wontenipun panandhing <i>kaya</i> kangge nandhingaken tiyang ingkang kathah, kemruyuk kados kawontenan ing peken enjing saha cendhol ing pengaron dhawet. • <i>Fungsi</i>: nuwuhaken <i>kesan</i> saha kawontenan tartamtu. Nuwuhaken <i>kesan</i> saha kawontenan ingkang rame, awit tiyang ingkang kathah, kemruyuk kados kawontenan ing peken enjing, saha uyel-uyelan kados cendhol ing pengaron dhawet.
2	<i>Metafora</i>	Damel endahing swanten	<p>“<i>Wong kantor padha seneng weruh Sirtu mlebu mondhong kembang seger. Kembang pancen nduweni sulak sumringah ngrenggani kantor kono.</i>” (Data 45)</p> <ul style="list-style-type: none"> • <i>Metafora</i>: sekar kantandhingaken kaliyan pangraos bingah, sumringah. • <i>Fungsi</i>: damel endahing swanten. Wontenipun purwakanthi lumaksita [su] ing tembung <i>sulak sumringah</i>.

Tabel salajengipun

1	2	3	4
		<p><i>Konkritisasi</i></p>	<p>“Wah! Kantormu kok apik sakiki!” ujare wong mau marang sadhengah karyawan kang cedhak. Suwarane empuk mirenani.” (Data 48)</p> <ul style="list-style-type: none"> • <i>Metafora</i>: damel sami swanten kados roti ingkang empuk, sekeca dipundahar. • <i>Fungsi</i>: konkritisasi. <p>Damel <i>konkret</i> swanten kados roti ingkang empuk, tegesipun swanten ingkang sekeca dipunmirengaken.</p>
		<p>Nggamblangaken gambaran</p>	<p>“Sasore iki mau Kuntum sing ayu, sing awake nggitar, ngajari langkah-langkah sing kudu dakjogedake!” (Data 61)</p> <ul style="list-style-type: none"> • <i>Metafora</i>: damel sami badanipun Kuntum ingkang ideal kaliyan gitar. • <i>Fungsi</i>: nggamblangaken gambaran. <p>Nggamblangaken gambaran badanipun Kuntum ingkang <i>ideal</i> kados gitar.</p>
		<p>Nuwuhaken kesan saha kawontenan tartamtu</p>	<p>“Ah, aja kaya ngono kowe, Sirtu! Wong begja ora kaya kowe dina iki!” pocapane Danang. “Iya! Iya! Iya, Sirtu! Profisiat!” liya-liyane banjur padha pating brengok saur manuk.” (Data 88)</p> <ul style="list-style-type: none"> • <i>Metafora</i>: damel sami swanten manungsa ingkang pating brengok kados swantenipun peksi ingkang saut-sautan. • <i>Fungsi</i>: nuwuhaken kesan saha kawontenan. <p>Nuwuhaken <i>kesan saha kawontenan</i> ingkang rame awit kanca-kancanipun Sirtu ingkang pating brengok saut-sautan maringi selamat dening Sirtu.</p>
		<p>Damel ringkes seratan saha pocapan</p>	<p>“Ugra mesthi ngira yen Sirtu pinter banget slinthuthan dhedhemenan! Pinter ngrai loro!” (Data 90)</p> <ul style="list-style-type: none"> • <i>Metafora</i>: ngentaraken tiyang pinter sandiwara, umpet-umpetan dhedhemenan kados kagungan pasuryan kalih • <i>Fungsi</i>: damel ringkes seratan saha pocapan. <p>Panganggening frasa <i>ngrai loro</i> langkung ringkes katandhingaken kaliyan <i>sandiwara neng ngarepe wong liya</i>.</p>
		<p>Nggambaraken raosing manah paraga</p>	<p>“Malah Normasari bolak-balik ngarani gigolo, tembung sing saru banget tumrap kupinge Sirtu, ndadekake raine Sirtu abang mangar-mangar.” (Data 151)</p> <ul style="list-style-type: none"> • <i>Metafora</i>: nandhingaken pangraos lingsem kaliyan ules ingkang abrit. • <i>Fungsi</i>: nggambaraken raosing manah paraga. <p>Nggambaraken raosing manahipun Sirtu ingkang lingsem saha nesu.</p>

Tabel salajengipun

1	2	3	4
3	Personifikasi	Damel endahing swanten	<p><i>“Padhange hawa sasi September garing kuwi ora mrayogakake rerembukan nganggo dijantoni esem lan lirik.” (Data 123)</i></p> <ul style="list-style-type: none"> • <i>Personifikasi:</i> menginsankan padhang hawa saged tumindak kados manungsa ingkang mrayogakaken satunggaling perkawis. • <i>Fungsi:</i> damel endahing swanten. <p>Wontenipun purwakanthi guru swara [e] sawingkingipun tembung <i>padhange</i> saha <i>mrayogakake</i>. Purwakanthi guru swara [i] sawingkingipun tembung <i>sasi</i> saha <i>kuwi</i>.</p>
		Konkritisasi	<p><i>“Suwara kaset gamelan Sundha sing dirungokake ing tratag pinggir kolam restoran mau nguculi bebandane urip kang nindhihi ati.” (Data 64)</i></p> <ul style="list-style-type: none"> • <i>Personifikasi:</i> menginsankan swanten kaset saged nindakaken pakaryan nguculi bebanda kados manungsa. • <i>Fungsi:</i> konkritisasi. <p>Damel <i>konkret</i> swanten kaset kados-kados saged nindakaken pakaryan kados manungsa inggih menika nguculi bebanda.</p>
		Nggesangaken gambaran saha obyek	<p><i>“Ora! Tenan, kok! Layangkabar kuwi goroh! aku ora tunangan karo Bathara!” (Data 89)</i></p> <ul style="list-style-type: none"> • <i>Personifikasi:</i> menginsankan layangkabar kados manungsa ingkang saged apus-apus utawi ngapusi. • <i>Fungsi:</i> nggesangaken gambaran saha obyek. <p>Nggesangaken obyek layangkabar ingkang saged tumindak kados manungsa inggih menika ngapusi priyantun sanes.</p>
		Nggambaraken raosing manah paraga	<p><i>“Sirtu dhewe iya isin. Isin! Menyang Jakarta jare arep nyambutgawe, sangune kapinteran ngetik, steno lan Basa Inggris, durung sesasi neng Jakarta jebul sing ditemu bojo! Sing payu ayune lan wedoke! Wong wedok macem apa kaya ngono kuwi? Isin nyawang sorote srengenge sing madhangi dhirine.” (Data 85)</i></p> <ul style="list-style-type: none"> • <i>Personifikasi:</i> menginsankan sorotipun srengenge ingkang ngisin-isin Sirtu. • <i>Fungsi:</i> nggambaraken raosing manah paraga. <p>Nggambaraken raosing manahipun Sirtu ingkang lingsem dhateng srengenge.</p>
4	Metonimia	Nggamblangaken gambaran	<p><i>“Aku ya jengkel! Duwe kanca siji digondhol Batak nganggo Yamaha butut! Huh!” (Data 57)</i></p> <ul style="list-style-type: none"> • <i>Metonimia:</i> nggantosen nama kendaraan ingkang dipunginakaken Bathara. • <i>Fungsi:</i> nggamblangaken gambaran. <p>Nggamblangaken gambaran jinising motor ingkang dipunginakaken dening Bathara ingkang sampun kawak, lawas.</p>

Tabel salajengipun

1	2	3	4
		Damel ringkes seratan saha pocapan	<p>“Lan durung nganti tepungan limang menit wong loro wis salaman ping pindho. Julaeha marem atine.” (Data 4)</p> <ul style="list-style-type: none"> • <i>Metonimia</i>: nggantosaken nama paraga Sirtu kaliyan Julaeha. • <i>Fungsi</i>: damel ringkes seratan saha pocapan. Damel ringkes seratan saha pocapan kangge nggamblangaken Sirtu kaliyan Julaeha ingkang tepangan kanthi ungkapan <i>wong loro</i>.
5	<i>Sinekdoke</i>	Damel endahing swanten	<p>“Dhisike digatekake omonge, suwe-suwe diematake lambene kang tipis, irunge kang ngrungik, alise kang njlirit, rambute kang ireng ketel. Nengsemake!” (Data 96)</p> <ul style="list-style-type: none"> • <i>Sinekdoke Pars Pro Toto</i>: nyebutaken saperangan panyandra badan kangge nedahaken blegripun Sirtu. • <i>Fungsi</i>: damel endahing swanten. Wontenipun purwakanthi guru swara vokal [e] ing tembung <i>suwe, diematake, lambene, irunge, alise</i>, saha <i>rambute</i> ing pungkasaning tembung.
		Nggamblangaken gambaran	<p>“Nyambutgawe anyaran pancen nyenengake. Akeh pengalaman anyar kang nengsemake. Dina kapisan wingi Sirtu wis gawe cingake wong sakantor.” (Data 12)</p> <ul style="list-style-type: none"> • <i>Sinekdoke Totem Pro Parte</i>: nyebutaken sedayanipun kangge saperangan pegawe kantor inggih menika Baharudin kaliyan Atik. • <i>Fungsi</i>: nggamblangaken gambaran. Nggamblangaken gambaran pegawe BPA inggih menika Baharudin saha Atik ingkang gumun mangertosi kaprigelanipun Sirtu ingkang mumpuni.
		Nuwuhaken kesan saha kawontenan tartamtu	<p>“Nalika Ugrasamsi pribadi muncul ing kantor, pegawe kono wiwit tukang sapu, pelayan, carakan, sopir, juru tulis, Iin, Danang, Barnawi, Atik, kabeh padha mapagake lan melu rubung-rubung salaman grapyak.” (Data 21)</p> <ul style="list-style-type: none"> • <i>Sinekdoke Pars Pro Toto</i>: nyebutaken saperangan pegawe kangge ngandharaken sedaya pegawe ing kantor Pentas Artis. • <i>Fungsi</i>: nuwuhaken kesan saha kawontenan. Nuwuhaken kesan saha kawontenan ingkang rame awit para pegawe ingkang ndherek rubung-rubung mangayubagya rawuhipun Ugra.

Kados ingkang sampun kaandharaken ing tabel 2, jinising basa entar ingkang dipunginakaken ing novel *Nona Sekretaris* anggitanipun Suparto Brata antawisipun *simile*, *metafora*, *personifikasi*, *metonimia*, saha *sinekdoke*. Panganggening basa entar ingkang variatif menika nedahaken bilih panganggit gadhah kaprigelan ngginakaken basa ingkang mumpuni saha basa entar ingkang variatif menika ndadosaken novel langkung endah saha narik kawigatoan. Panganggening basa entar ingkang kathah jinispun menika ugi nedahaken bilih basa entar menika gadhah *peran* ingkang wigatos kangge njurung kaendahaning basa salebeting *karya sastra* saengga pamaos menika boten bosen.

Fungsi basa entar ingkang dipunginakaken ing novel *Nona Sekretaris* antawisipun kangge damel endahing swanten, *konkritisasi*, nggamblangaken gambaran, nggesangaken gambaran saha obyek, nuwuhaken *kesan* saha kawontenan tartamtu, damel ringkes seratan saha pocapan, saha kangge nggambaraken raosing manah paraga. Panganggening saben satunggal jinis basa entar menika wonten sambung rapetipun kaliyan fungsipun. Gegayutan ingkang raket antawisipun jinis saha fungsipun inggih menika, basa entar *simile* saha *metafora* mliginipun gadhah *fungsi* kangge nggamblangaken gambaran, *personifikasi* mliginipun gadhah *fungsi* kangge nggesangaken gambaran saha obyek, *metonimia* dipunginakaken kangge nggamblangaken gambaran saha damel ringkes seratan saha pocapan, saha *sinekdoke* mliginipun gadhah *fungsi* kangge nggamblangaken gambaran. Wondene *fungsi* damel endahing swanten, *konkritisasi*, nuwuhaken *kesan* saha kawontenan tartamtu, saha nggambaraken raosing manah paraga menika saged dipunginakaken ing sedaya jinis basa entar.

B. Pirembaganipun

Asiling panaliten tumrap novel *Nona Sekretaris* anggitanipun Suparto Brata nedahaken bilih salebeting novel kasebat dipunpanggihaken basa entar. Adhedhasar wosing panaliten, pirembagan tumrap asiling panaliten menika badhe dipunandharaken jinising basa entar saha *fungsi* basa entar ingkang dipunginakaken ing novel *Nona Sekretaris* anggitanipun Suparto Brata. Saking sedaya *data* ingkang sampun dipunpanggihaken, namung sawatawis *data* kemawon ingkang dipunandharaken ing pirembagan panaliten menika. *Data-data* menika minangka *data* ingkang saged makili *data* sanesipun ingkang sajinis. *Data* sanesipun dipunandharaken ing lampiran kanthi jangkep saha menapa wontenipun. Pirembagan ingkang magepokan kaliyan jinising basa entar saha *fungsi* basa entar badhe kaandharaken ing ngandhap menika.

1. *Simile*

Asiling panaliten menika nedahaken basa entar *simile* ingkang dipunginakaken ing novel *Nona Sekretaris* anggitanipun Suparto Brata. Basa entar *simile* ing panaliten menika gadhah *fungsi* kangge damel endahing swanten, *konkritisasi*, nggambaraken gambaran, nuwuhaken *kesan* saha kawontenan tartamtu, saha nggambaraken raosing manah paraga. Ing ngandhap menika badhe dipunandharaken tuladha-tuladha basa entar *simile* saha *fungsi* basa entar ingkang dipunginakaken ing novel *Nona Sekretaris* anggitanipun Suparto Brata.

a. *Fungsi* Damel Endahing Swanten

Basa entar gadhah *fungsi* kangge damel endahing swanten. Endahing swanten ing basa entar menika awit wontenipun purwakanthi. Basa entar menika kadhapuk saking panganggening tetembungan apurwakanthi, saengga wonteipun purwakanthi ing basa entar menika saged damel endahing swanten. Purwakanthi kaperang dados 3, inggih menika: purwakanthi guru swara (pengulangan bunyi), purwakanthi guru sastra (pengulangan aksara), saha purwakanthi lumaksita (pengulangan kata). Salebeting panaliten menika dipunpangguhaken basa entar ingkang nedahaken *fungsi* damel endahing swanten. Ing ngandhap menika badhe dipunandharaken basa entar *simile* ingkang gadhah *fungsi* damel endahing swanten, kapethik saking novel *Nona Sekretaris* anggitanipun suparto Brata.

- (1) “*Rekasa mayokake, wong Normasari kuwi wis klebu angkatan tuwa. Sakiki bintang-bintang cilik, Dhian Mayasari, Ida Sanjaya, Nuning Fanani, padha mlethek kaya srengenge bangun esuk.*”
(Data 54)

Ukara ing nginggil minangka pethikan cariyos ingkang kadadosan ing kantor BPA antawisipun Bathara kaliyan Sirtu. Bathara nyariosaken bab ingkang damel Baharudin muntab, inggih menika amargi Bathara nyebat Normasari kalebet artis lawas. Bathara cariyos bilih ing jaman samenika kathah artis-artis enggal ingkang dipunsesubya dening masyarakat. Artis-artis enggal ingkang saged narik kawigatosan masarakat, enggal saha endah kados srengenge ingkang nembe jedhul ing wanci enjing.

Wonten pethikan (1) menika ngemot basa entar *simile*, inggih menika basa entar kanthi tetandhingan eksplisit ingkang ngginakaken panandhing. *Simile* katingal saking wontenipun tembung panandhing *kaya* ingkang nandhingaken

artis-artis enggal kaliyan srengenge ingkang nembe medal ing wanci enjing. Ungkapan *kaya srengenge bangun esuk*, nedahaken kaendahaning para artis enggal kados sorotipun srengenge ingkang nembe njedhul. Srengenge ingkang nembe njedhul menika gadhah sorot ingkang nengsemaken tumrap ingkang mirsani, pramila srengenge ingkang nembe medal menika narik kawigatosan. Artis-artis enggal ingkang narik kawigatosan saha dipunsubya-subya dening masarakat kados srengenge ingkang nembe njedhul.

Basa entar wonten pethikan (1) ing nginggil gadhah *fungsi* kangge damel endahing swanten. Endahing swanten menika katingal saking panganggening purwakanthi guru swara. Guru swara (pengulangan bunyi) wonten ukara ing nginggil inggih menika guru swara vokal [U] ing tembung *bangun* saha *esuk*. Kajawi menika endahing swanten, ugi kadadosan awit wontenipun purwakanthi guru swara vokal [e] sawingkingipun tembung *srengenge* saha ing ngajeng tembung *esuk*. Wontenipun purwakanthi salebeting pethikan ukara ing nginggil maringaken efek kaendahan tumrap basa entar *simile* ingkang dipunginakaken ing novel NS anggitanipun Suparto Brata.

(2) “*Srawunge resik, nganti ngrasa kalis, kaya godhong lompong karo banyu, Sirtu godhong lomponge, sanajan cedhak-caket pasrawungane karo si banyu Ugrasamsi, tetep Sirtu ora teles.*” (Data 154)

Ukara ing nginggi menika minangka pethikan saking cariyos ingkang kadadosan salebeting mobil ing plataran villa ing Tretes, nalika badhe nggropyok Ugra kaliyan Julaehaque. Sirtu kemutan kadadosan ing Puncak nalika Sirtu kaliyan Ugra piknik, menawi Ugra boten ngajeni Sirtu, mbok menawi Sirtu sampun kelangan prawanipun, ananging bab menika boten dipunlampahaken

dhateng piyambakipun. Pramila Sirtu tansah rumaos bilih Ugra saged ngajeni Sirtu, sanajan srawung kaliyan Ugra ingkang misuwur sipat awonipun, priya lecekan ananging Sirtu tetep resik.

Pethikan (2) ing nginggil ngamot basa entar *simile*, katiti saking panganggening tembung panandhing *kaya*. Basa entar *simile* ing nginggil nandhingaken pasrawunganipun Sirtu kaliyan Ugra ingkang resik, tansah njagi paugeran, kalis kados ron lompong kaliyan tonya. Ron lompong menika satunggaling taneman ingkang ronipun kalis kaliyan tonya, boten saged teles. Bab menika dipunginakaken kangge nggambaraken pasrawunganipun Ugra kaliyan Sirtu. Ungkapan *kaya godhong lompong karo banyu*, ngandharaken srawungipun Ugra kaliyan Sirtu ingkang kalis kemawon, sinaosa raket sanget ananging kekalihipun boten ngantos nglampahi saha nerak paugeran, saengga prawanipun Sirtu taksih wetah.

Basa entar wonten pethikan (2) ing nginggil gadhah *fungsi* kangge damel endahing swanten. Endahing swanten awit wontenipun purwakanthi guru swara vokal [ɔ] ing tembung *godhong, lompong* saha purwakanthi guru swara nasal [ŋ] sawingkingipun tembung *godhong, lompong*. Pasrawunganipun Ugra kaliyan Sirtu menika kagambaraken kanthi ron lompong kaliyan tonya ingkang sipatipun kalis. Purwakanthi ingkang wonten ing pethikan ukara ing nginggil maringaken efek damel endahing swanten salebeting basa entar *simile* ingkang dipunginakaken ing novel NS anggitanipun Suparto Brata.

b. Fungsi Konkritisasi

Ing novel *Nona Sekretaris* menika boten sedayanipun basa entar dipundadosaken *fungsi konkritisasi* inggih menika damel konkret satunggaling bab ingkang abstrak. Gegambaran aneh, boten *lazim*, utawi mokal kapanggihaken ing padintenan ingkang nyata damel sisah dipungraita pamaos. Pramila menika, panganggit ngentarakan kanthi bab sanesipun ingkang langkung nyata utawi *konkret*. Supados langkung gamblang, ing ngandhap menika badhe dipunandharaken basa entar *simile* ingkang gadhah *fungsi konkritisasi*.

- (3) “*Dene ing kantor, srengenge September lagi mencorong, pikiran-pikiran nglangut sing dhek wingi ing uteke, amblas kaya embun esuk*”. (Data 122)

Ukara ing nginggil minangka pethikan cariyos ingkang kadadosan ing kantor BPA nalika Sirtu wangsul saking Cempaka Putih. Siang menika Sirtu dipunutus Baharudin dhateng Cempaka Putih, papan gladhenipun Normasari kanthi ancas ngrimuk Normasari supados kersa tapak asma layang perjanjen gegayutan kaliyan lampahipun pagelaran ingkang badhe dipunrekam saha dipundadosaken kaset. Kasilipun jebibahan ngrimuk Normasari ing siang menika saged ngewahi pikiran nglangut ingkang ing dinten saderengipun tansah iwut ing dhirinipun Sirtu.

Wonten pethikan (3) ing nginggil ngginakaken tembung panandhing *kaya*. Basa entar *simile* ing nginggil nandhingaken pikiran kaliyan embun enjing. Ungkapan *amblas kaya embun esuk* nedahaken beban pikiranipun Sirtu ingkang siang menika ical, amblas kados embun enjing, tegesipun amblas babar pisan boten wonten tilasipun. Pikiran-pikiran nglangut ing dinten saderengipun uwal

saking piyambakipun awit kasilipun jejibahan ngrimuk Normasari supados kersa tapak asma layang perjanjen.

Basa entar wonten pethikan (3) ing nginggil gadhah *fungsi konkritisasi* inggih menika damel *konkret* pikiran kaliyan embun enjing. Pikiran menika minangka bab ingkang *abstrak*, saengga panganggit ngginakaken panandhing embun kangge damel *konkret* gambaran. Tegesipun, pethikan ukara ing nginggil nandhingaken pikiranipun Sirtu ingkang nglangut saged ical kados ambiasipun embung ing wanci enjing. Panganggit nandhingaken kalih bab menika kanthi ungkapan *kaya embun esuk*, awit kanthi *konkret* icalipun beban pikiran menika ambias kados embun enjing.

(4) “*Nanging ora arep melu magita-gita ya repot, wong sing lagi teka kekuwatane narik kawigaten kaya wesi sembrani dene kancakancane dadi dom sakothak.*” (Data 24)

Ukara ing nginggil minangka pethikan cariyos ingkang kadadosan ing kantor Biro Pentas Artis nalika Ugrasamsi dugi ing kantor mriku. Duginipun Ugra ing kantor mriku narik kawigatosan sedaya pegawe ing kantor mriku. Saengga sedaya sami ndherek magita-gita nyambut duginipun Ugra.

Wonten pethikan (4) ing nginggil ngginakaken tembung panandhing *kaya*. Basa entar *simile* ing nginggil nandhingaken kekiatan ingkang narik kawigatosan kaliyan kekiatanipun wesi sembrani. Ungkapan *kekuwatane narik kawigaten kaya wesi sembrani* nedahaken bilih rawhipun Ugra ing kantor mriku narik kawigatosan para pegawe kantor. Kekiatan ingkang narik kawigatosan menika minangka bab *abstrak* saengga ing konteks ukara ing nginggil dipunkonkretaken kanthi wesi sembrani. Wesi sembrani gadhah kekiatan narik piranti saking bahan

logam saha wesi. Saengga Ugra ingkang saged narik kawigatosan menika dipunkonkretaken kaliyan kekiatanipun wesi sembrani ingkang narik dom sakothak, inggih menika kanca-kancanipun.

Basa entar wonten pethikan (4) ing nginggil gadhah *fungsi konkritisasi* inggih menika damel *konkret* pesonanipun Ugra ingkang narik kawigatosan kanca-kancanipun kaliyan kekiatanipun wesi sembrani ingkang saged narik dom. Satunggaling priyantun saged narik kawigatosan menika angel dipunjlentrehaken, pramila dipunginakaken bab ingkang langkung *konkret* inggih menika kekiatan wesi sembrani ingkang saged narik dom utawi barang-barang saking wesi utawi logam. Tegesipun, pethikan ukara ing nginggil nandhingaken duginipun Ugra ingkang narik kawigatosan kanca-kancanipun kados wesi sembrani ingkang saged narik dom, utawi barang-barang saking bahan wesi utawi logam.

c. Fungsi Nggamblangaken Gambaran

Basa entar saged damel gegambaran dados langkung gamblang malih. *Fungsi* nggamblangaken gambaran menika beda kaliyan *fungsi konkritisasi*, sinaosa kekalihipun sami-sami kangge damel gamblang satunggaling bab. *Fungsi konkritisasi*, gambaran ingkang dipunandharaken menika minangka bab *abstrak*, asing utawi satunggaling bab ingkang kirang saged dipunmangerosi (masuk akal) saengga panganggit ngginakaken panandhing ingkang langkung *familiar, konkret* utawi nyata. Wonten *fungsi* nggamblangaken gambaran menika, gambaran ingkang dipunandharaken dening panganggit minangka satunggaling bab ingkang *lazim* utawi saged kadadosan ing gesang ingkang nyata, saengga suraosipun gampil dipungraita dening pamaos. Ing ngandhap menika badhe dipunandharaken

basa entar *simile* ingkang gadhah *fungsi* nggambangaken gambaran kapethik saking novel *Nona Sekretaris* anggitanipun Suparto Brata.

(5) “*Bocah mau satemene praene lan tindak tanduke pancen isih mbocahi, mung dandanane kang niru-niru wong diwasa kaya gedhang karbitan, katone ora duwe niyat ala.*” (Data 1)

Ukara ing nginggil minangka pethikan cariyos ingkang kadadosan ing warung ijo. Ing warung ijo mriku, Julaehaque kaliyan Sirtu sami tepangan. Ing pethikan cariyos menika Julaehaque kagambaraken minangka paraga ingkang taksih lare, tindak-tandukipun ugi taksih mbocahi, ananging praenipun saha dandanipun boten nuduhaken umuripun. Dandanipun sampun niru-niru tiyang diwasa saengga sampun boten trep kaliyan umuripun.

Wonten pethikan (5) ing nginggil ngamot basa entar *simile*, katiti saking panganggening tembung panandhing *kaya*. Basa entar *simile* ing nginggil nandhingaken dandanipun Julaehaque kaliyan pisang karbitan. Ungkapan *dandanane kang niru-niru wong diwasa kaya gedhang karbitan*, ngandharaken bilih dandanipun Julaehaque ingkang niru-niru tiyang diwasa tegesipun boten trep kaliyan umuripun menika kados pisang karbitan. Pisang karbitan inggih menika pisang ingkang dipunkarbit saengga cepet rateng. Samaten ugi Julaehaque, dandanipun ingkang niru-niru tiyang diwasa menika kados dene karbitipun, upiya ingkang dipuntindakaken dening Julaehaque supados cepete katingal diwasa.

Basa entar salebeting ukara (5) ing nginggil gadhah *fungsi* kangge nggambangaken gambaran. Wontenipun tetandhingan ungkapan *kaya gedhang karbitan* menika ngandharaken Julaehaque ingkang praenipun saha tindak-

tandukipun taksih mbocahi ananging dandanipun ingkang niru-niru tiyang diwasa kados pisang karbitan. Tegesipun, dandanipun Julaehaque menika boten trep kaliyan umuripun, niru-niru tiyang diwasa supados katingal diwasa. Kirang trekipun dandan Julaehaque menika kagambaraken kados pisang ingkang dipunsukani karbit. Dandan ingkang boten trep kaliyan umuripun miangka karbitipun Julaehaque saengga Julaehaque katingal langkung diwasa.

(6) “*Ugra tetep lungguh ndhegleg ing dhingklik dawa sendhen hek kang dadi pagere tlaga, tangane nggedhplang kaya walang kadung.*”
(Data 133)

Ukara ing nginggil minangka pethikan cariyos ingkang kadadosan ing warung makan. Nalika Ugra kaliyan Sirtu dhahar siang ing sawenenhing warung. Kekalihipun lenggah ing kursi ingkang celak kaliyan kolam. Ugra lenggah santai sinambi wawan rembag kaliyan Sirtu ngrembag anggenipun badhe methal saking rombongan Normasari Show saperlu badhe mampir Sragen. Wawanrembag ingkang kalampahan kanthi santai dening Ugra, piyambakipun lenggah ndhegleg ing dingklik saha astanipun nggedhplang.

Wonten pethikan (6) ing nginggil ngamot basa entar *simile*, katiti saking panganggening tembung panandhing *kaya*. Basa entar *simile* ing nginggil nandhingaken astanipun Ugra ingkang nggedhplang kados tanganipun walang kadung. Walang kadung menika satunggaling sato kewan ingkang gadhah gegambaran ingkang kusus, khas inggih menika astanipun ingkang nggedhplang utawi malangkerik. Ungkapan *tangane nggedhplang kaya walang kadung*, nedahaken Ugra ingkang lenggah santai astanipun nggedhplang menika kados tanganipun walang kadung.

Basa entar salebeting ukara (6) ing nginggil gadhah *fungsi* kangge nggamblangaken gambaran. Wontenipun tetandhingan ungkapan *kaya walang kadung* menika nggamblangaken gambaran Ugra ingkang lenggah santai, astanipun nggedhapleng kados walang kadung. Tegesipun, astanipun Ugra ingkang nggedhapleng leyeh-leyeh (lenggahan santai) menika dipungamblangaken kanthi gambaran walang kadung.

d. Fungsi Nggambaraken Raosing Manah Paraga

Basa entar ugi saged dipunginakaken minangka sarana nggambaraken raosing manah paraga. Panganggit ngginakaken bentuk majas utawi basa entar kangge nggambaraken raosing manah kadosta sisah, bingah, nesu, lingsem, lsp. Ing ngandhap menika badhe dipunandharaken panganggening basa entar tumrap novel *Nona Sekretaris* anggitanipun Suparto Brata ingkang gadhah *fungsi* nggambaraken raosing manah paraga.

(7) “*La yen ngono gunemmu, aku ya bakal nulak usul-usulmu! Raine bahar abang kaya ulese raine wayang Raja Mandura nesu.*”
(Data 16)

Ukara ing nginggil minangka pethikan cariyos ingkang kadadosan ing kantor BPA antawisipun Baharudin kaliyan Bathara. Ing papan kerjanipun Baharudin, Bathara minangka utusan kantoripun nulak gegayuhan padamelan ngengingi Normasari Show. Bathara nulak amargi dipunraosaken Normasari Show ing wanci menika sampun ketinggalan jaman. Gunemipun Bathara ingkang kados makaten kalawau damel Baharudin nesu saha nolak gegayuhan padamelan kaliyan pihak Bathara.

Pethikan (7) ing nginggil ngemot basa entar *simile*, katiti saking panganggening tembung panandhing *kaya*. Basa entar *simile* ing nginggil nandhingaken abriting ulesipun Baharudin kaliyan Raja Mandura nalika nesu. Ungkapan *Raine bahar abang kaya ulese raine wayang Raja Mandura nesu*, ngandharaken bilih Baharudin nesu awit Bathara nyebut Pagelaran Normasari Show menika sampun ketinggalan jaman. Ungkapan ulesipun abrit menika minangka pralambang priyantun ingkang rumaos nesu (adhedhasar konteks ukara). Maksud saking ungkapan ing nginggil nedahaken nesunipun Baharudin katandhingaken kaliyan ulesipun Raja Mandura nalika nesu.

Basa entar wonten ukara (7) ing nginggil gadhah *fungsi* nggambaraken raosing manah paraga. *Fungsi* nggambaraken raosing manah menika katingal saking panganggening ungkapan *kaya ulese raine wayang Raja Mandura nesu*, ingkang nedahaken ulesipun Baharudin abrit amargi nesu kados ulesipun wayang Raja Mandura nalika nesu. Ulesipun Baharudin abrit boten ngemu makna ingkang sajatosipun, ananging minangka pralambang pangraosing manah ingkang nesu. Pangraosing manah nesu menika kagambaraken kanthi ules ingkang abrit kados ulesipun wayang Raja Mandura ingkang abrit mrantandani nalika nesu. Ungkapan ing nginggil nggambaraken pangraos manah ingkang nesu, mangkel ingkang dipunraosaken Baharudin nalika Bathara nyebut pagelaran Normasari Show ketinggalan jaman. Ulesipun Bathara abrit, minangka pralambang bilih piyambakipun nesu *kaya ulese raine wayang Raja Mandura nesu*.

(8) “*Sirtu ambruk, ora duwe daya! Atine kaya dijuwing-juwing!*”
(Data 92)

Ukara ing nginggi menika minangka pethikan cariyos ingkang kadadosan ing kantor BPA. Ugrasamsi mrangguli pawarta bilih Sirtu tunangan kaliyan Bathara ing malem minggu. Tegesipun, saderengipun Ugra kaliyan Sirtu piknik ing Puncak minggu siangipun, Sirtu sampun kesah kaliyan Bathara dhateng *nite club*. Kamangka suraosing pawarta menika boten sami kaliyan kasunyatnipun, Sirtu nganggep gegayutanipun kaliyan Bathara menika namung kekancan kemawon. Acara tunangan kados ingkang kapacak ing pawarta menika Sirtu rumaos kapusan saha dipunjebak, dipunruda peksa dening Bathara. Sirtu sisah, kuwatir bilih pawarta menika saged njugaraken gegayuhanipun kaliyan Ugra. Sirtu sisah, ajrih bilih Ugra gadhah pamanggih awon dhateng pribadinipun Sirtu.

Pethikan (8) ing nginggil ngemot basa entar *simile*, katiti saking panganggening tembung panandhing *kaya*. Basa entar *simile* ing nginggil nggambaraken pangraosing manah ingkang sedhah, sisah manahipun kados dipunjuwing-juwing. Ungkapan *atine kaya dijuwing-juwing*, ngandharaken bilih Sirtu ingkang sisah, sedhah awit kanca-kancanipun nyengguh bilih piyambakipun nembe nampi bebingah. Kamangka ingkang dipunraosaken malah sawalikipun, piyambakipun sisah, sedhah, kawatir bilih nalika Ugra mangertos pawarta ingkang kados makaten, Ugra malik tresna dhateng piyambakipun.

Basa entar wonten ukara (8) ing nginggil gadhah *fungsi* nggambaraken raosing manah paraga. *Fungsi* nggambaraken raosing manah paraga salebeting ukara ing nginggil katingal saking ungkapan *atine kaya dijuwing-juwing* ingkang nggambaraken pangraosing manahipun Sirtu ingkang sisah. Ungkapan manahipun kados dipunjuwing-juwing boten ngemu makna ingkang sajatosipun,

ananging menika pralambang kawontenan manahipun Sirtu ingkang sisah, sakit sanget saengga kados kertas ingkang saged dipunjuwing-juwing, ajur. Sirtu sisah amargi kuwatos bilih Ugra malik tresna dhateng piyambakipun.

e. Fungsi Nuwuhaken Kesan saha Kawontenan Tartamtu

Panganggening basa entar saged dipunginakaken kangge nuwuhaken *kesan* saha kawontenan tartamtu. Basa entar *simile* tumrap novel *Nona Sekretaris* anggitanipun Suparto Brata ugi kapanggihaken *data* ingkang gadhah *fungsi* nuwuhaken *kesan* saha kawontenan tartamtu. Basa entar *simile* kanthi *fungsi* *fungsi* nuwuhaken *kesan* saha kawontenan kados andharan ing ngandhap menika.

(9) “*Wonge kemruyuk kaya ing pasar esuk, uyel-uyelan kaya cendhol ing pengaron dhawet.*” (Data 80)

Ukara ing nginggil minangka pethikan cariyos ingkang kadadosan ing *nite club*. Paradha Nainggolan mrayogakaken supados Bathara kaliyan Sirtu mandhap ing lantai dhangsah. Awit Sirtu ugi rumaos boten sekeca, tansah kidhung saha risi, pramila Sirtu manut pangajakipun Bathara mandhap ing lantai dhangsah. Ing mriku kathah sanget tiyang, suk-sukan, sami dhangsah kaliyan pasanganipun. Kemruyuk, rame sanget kados kawontenan ing peken enjing.

Pethikan (9) ing nginggil ngemot basa entar *simile*, katiti saking panganggening tembung panandhing *kaya*. Basa entar *simile* ing nginggil nandhingaken tiyang ingkang kathah sanget ing lantai dhangsah *nite club* kados ing peken enjing, saha jejel-riyelipun kados cendhol ing pengaron dhawet. Ungkapan *wonge kemruyuk kaya ing pasar esuk menika*, ngandharaken kawontenan lantai dhangsah ing *nite club* ingkang rame awit kathah tiyang sami

dhangsah. Awit kathah tiyang, papan menika kebak saengga sami uyel-uyelan, ungkapan *kaya cendhol ing pengaron dhawet*, ngandharaken jejel-riyelipun tiyang ing rantai dhangsah.

Basa entar wonten ukara (9) ing nginggil gadhah *fungsi nuwuhaken kesan* saha kawontenan tartamtu. *Fungsi nuwuhaken kesan* saha kawontenan salebeting ukara ing nginggil inggih menika nggambaraken kawontenan ingkang rame. Katingal saking ungkapan *kaya pasar esuk* saha *kaya cendhol ing pengaron dhawet*, ngandharaken kawontenan ing *nite club* kathah tiyang kemruyuk kados peken enjing saha uyel-uyelan kados cendhol ing pengaron dhawet. Ungkapan kasebat nedahaken kawontenan rantai dhangsah ing *nite club* ingkang rame, kathah tiyang sami suk-sukan dhangsah. Kawontenan ingkang rame menika dipungambaraken kados kawontenan ing peken enjing saha kadosdene cendhol ing pengaron dhawet.

(10) “*Jakarta prasasat kaya kwali kebak cendhol.*” (Data 7)

Ukara ing nginggil menika minangka pethikan cariyos ingkang kadadosan ing radosan nalika ngendheg bis kota badhe dhateng Harmoni. Enjing menika dinten pisanan Sirtu ing Jakarta, keleresan enjing menika Sirtu dipunkancani dening Julaehaque. Saengga Sirtu namung ngetutaken lampahiun Julaehaque, kedah cepet minggah ing bis kota ingkang mandheg ing Halte. Julaehaque maringi priksa dhateng Sirtu bilih ing kutha ageng kados Jakarta menika kedah cepet-cepetan nalika badhe nitih bis kota, suk-sukan, rebutan, menawi boten tamtu boten keduman saha ketinggalan.

Pethikan (10) ing nginggil ngemot basa entar *simile*, katiti saking panganggening tembung panandhing *kaya*. Basa entar *simile* ing nginggil nandhingaken Jakarta kaliyan kwali ingkang kebak cendhol. Ungkapan *Jakarta prasasat kaya kwali kebak cendhol*, ngandharaken kawontenan kutha Jakarta ingkang rame sanget menika kados kwali ingkang kebak cendhol. Jejel riyel, suk-sukan, rame, mratandhani bilih menika kutha ageng ingkang tansah iwut awit lampahipun para pendhuhkipun. Ramenipun kutha Jakarta menika katandhingaken kaliyan kwali ingkang kebak cendhol.

Basa entar wonten ukara (10) ing nginggil gadhah *fungsi* nuwuhaken *kesan* saha kawontenan tartamtu. *Fungsi* nuwuhaken *kesan* saha kawontenan salebeting ukara ing nginggil inggih menika nggambaraken kawontenan ingkang rame, katingal saking ungkapan *kaya kwali kebak cendhol*. Ungkapan kasebat nggambaraken kawontenan kutha Jakarta ingkang rame, jejel riyel kados kwali ingkang kebak cendhol.

2. *Metafora*

Basa entar *metafora* ugi dipunpanggihaken salebeting novel *Nona Sekretaris* anggitanipun Suparto Brata. Basa entar *metafora* salebeting novel kasebat gadhah *fungsi* estetis tartamtu. Adhedhasar asiling panaliten, basa entar *metafora* gadhah *fungsi* kangge damel endahing swanten, *konkritisasi*, nggambangaken gambaran, nuwuhaken *kesan* saha kawontenan tartamtu, damel ringkes seratan saha pocapan, nggambaraken raosing manah paraga. Ing ngandhap menika badhe dipunandharaken basa entar *metafora* saha *fungsi* basa entar ingkang dipunginakaken ing novel *Nona Sekretaris* anggitanipun Suparto Brata.

a. Fungsi Damel Endahing Swanten

Basa entar *metafora* saged dipunginakaken kangge damel endahing swanten kanthi wontenipun purwakanthi utawi persamaan bunyi. Ing ngandhap menika badhe dipunandharaken basa entar *metafora* ingkang gadhah *fungsi* damel endahing swanten ingkang dipunginakaken ing novel *Nona Sekretaris* anggitanipun Suparto Brata.

(11) “*Wong kantor padha seneng weruh Sirtu mlebu mondhong kembang seger. **Kembang pancen nduweni sulak sumringah** ngrenggani kantor kono.*” (Data 45)

Ukara ing nginggil minangka pethikan cariyos ingkang kadadosan ing Kantor BPA. Siang menika badhe dipunwontenaken rapat kaliyan Normasari ing kantor mriku. Para pegawe sami ngelem Sirtu ingkang mlebet ing kantor kanthi mondhong kembang. Para pegawe paring pangalembana dening Sirtu ingkang pinter ngatur kantor supados ewah saking adatipun, katingal seger, boten mboseni, dipundamel beda kaliyan adatipun awit wontenipun sekar ingkang seger. Sekar ingkang ngrenggani kantor mriku maringaken sulak sumringah tumrap para pegawe.

Pethikan (11) menika ngemot basa entar *metafora*, katingal saking ungkapan *sulak sumringah*. Ungkapan menika damel sami (menyamakan) kembang minangka pralambang bingah, sumringah. Kembang minangka barang ingkang endah, ngresepaken, saha damel sengsem tiyang ingkang mirsani. Kanthi *metafora* ungkapan kasebat gadhah makna wontenipun kembang ing kantor pentas artis mriku saged ngewahi kawontenan saking adatipun, damel kawontenan

kantor langkung bregas, seger, ngresepaken pandulu tumrap ingkang wonten ing papan mriku saengga damel pangraos sumringah.

Basa entar wonten pethikan (11) ing nginggil gadhah *fungsi* kangge damel endahing swanten. Endahing swanten menika katingal saking panganggening purwakanthi lumaksita. Purwakanthi lumaksita katingal saking wontenipun *pengulangan* [su] ing tembung *sulak* saha *sumringah*. Wontenipun purwakanthi salebeting basa entar *metafora* ing nginggil menika damel endahing swanten. Bab menika kadadosan awit basa entar *metafora* menika saged karakit kanthi tetembungan apurwakanthi kados ingkang sampun dipunandharaken ing nginggil.

(12) “*Sirtu rumangsa dadi Kleting Abang tilase Yuyu Kangkang!*
(Data 83)

Ukara ing nginggil minangka pethikan cariyos nalika Sirtu nglamun ing sawenehing kamar villa ingkang dipunsewa Ugra nalika kekalihipun piknik dhateng Puncak. Nalika Ugra ngekep saha ngaras lathinipun, Sirtu mrenggak pepenginipun Ugra. Kadadosan ingkang dipunentha Ugra boten ngantos kadadosan, awit sipat sucinipun Sirtu ingkang njagi paugeranipun gesang. Sabibaripun Ugra medhot pepenginipun, Sirtu rumaos getun, getun anggenipun sumuci-suci, kamangka piyambakipun ugi sampun nate dipunkekep dening priya nalika ing Sragen rumiyin.

Pethikan (12) menika ngemot basa entar *metafora*, inggih menika basa entar ingkang ngemot tetandhingan kanthi *tersirat* utawi *implisit* ingkang nandhingaken utawi damel sami satunggaling bab kaliyan bab sanesipun. Basa entar *metafora* ing nginggil katingal saking ungkapan *Kleting Abang tilase Yuyu*

Kangkang. Ungkapan menika damel sami (menyamakan) paraga Sirtu kaliyan Kleting Abang tilas Yuyu Kangkang. Kleting Abang menika Tilasipun Yuyu Kangkang. Kanthi *metafora* ungkapan kasebat gadhah maksud damel sami Sirtu kaliyan Kleting Abang. Sirtu ingkang sampun nate diunkekep saha dipunaras dening Drs. Pambudi nalika ing Sragen riyin, samenika piyambakipun sumucisuci rumaos dereng natos nglampahi kadadosan kados makaten. Kamangka piyambakipun sampun natos nglampahi bab ingkang kados makaten, pramila menika Sirtu kadosdene Kleting Abang, inggih menika tilase Drs. Pambudi.

Basa entar wonten pethikan (12) ing nginggil gadhah *fungsi* kangge damel endahing swanten. Endahing swanten menika katingal saking wontenipun purwakanthi guru swara. Guru swara utawi *pengulangan bunyi* wonten ukara ing nginggil inggih menika purwakanthi guru swara nasal [ŋ] sawingkingipun tembung *kleting, abang, saha kangkang*. Saengga wontenipun purwakanthi salebeting basa entar ing nginggil damel endahing swanten basa entar *metafora*.

b. Fungsi Konkritisasi

Wonten ing panaliten menika ugi dipunpanggihaken basa entar *metafora* kanthi *fungsi konkritisasi*, inggih menika damel *konkret* satunggaling bab ingkang abstrak. Gegambaran aneh, *tidak lazim*, saha mokal kapanggihaken ing gesang ingkang nyata damel sisah panggraitanipun pamaos. Langkung gamblang malih ngengingi *fungsi konkritisasi*, ing ngandhap menika badhe dipunandharaken basa entar *metafora* kanthi *fungsi konkritisasi* ingkang dipunginakaken ing novel *Nona Sekretaris* anggitanipun Suparto Brata.

- (13) “*Wah! Kantormu kok apik sakiki!*” *ujare wong mau marang sadhengah karyawan kang cedhak. Suwarane empuk mirenani.*” (Data 48)

Ukara ing nginggil minangka pethikan cariyos nalika Normasari rawuh ing kantor BPA saperlu badhe ngawontenaken rapat. Normasari mlebet kantor BPA saha paring sesubya dening kawontenan kantor ingkang tansaya sae. Swantenipun sekeca dipunmirengaken tumrap para pegawe ing kantor mriku.

Pethikan (13) menika ngemot basa entar *metafora*, katingal saking ungkapan *suwarane empuk*. Ungkapan menika sanes makna ingkang sajatosipun ananging ngemu makna sanes inggih menika damel sami swanten kados roti ingkang empuk. Makna ungkapan inggih menika swantenipun Normasari ingkang semanak anggenipun paring sesubya dening kawontenan kantor menika sekeca dipunmirengaken. Swanten ingkang sekeca dipunmirengaken menika kaentaraken kanthi swanten ingkang empuk. Panganggening tembung empuk menika katandhingaken kaliyan roti ingkang empuk, tegesipun sekeca dipunmirengaken.

Basa entar wonten pethikan (13) ing nginggil gadhah *fungsi konkritisasi* inggih menika damel *konkret* swanten kaliyan roti utawi barang ingkang empuk. Swanten minangka bab ingkang *abstrak*, boten saged dipunpirsani saha boten wonten wujudipun ananging kados-kados swanten saged dipuncepeng utawi dipunpirsani manungsa. Swantenipun Normasari ingkang sekeca dipunmirengaken kados-kados saged dipuncepeng kados roti ingkang empuk saengga swanten ingkang semanak saha sekeca dipunmirengaken kagambaraken kados roti ingkang empuk.

(14) “*Sirtu ambegan dawa. Polahe ngleler marga pikirane isih ruwet rendhet mrana-mrene.*” (Data 118)

Ukara ing nginggil minangka pethikan cariyos ingkang kadadosan ing meja kerjanipun Sirtu. Nalika menika Sirtu nglamun, kathah perkawis ingkang dipupenggali dening piyambakipun, ngengingi celathunipun Normasari saha Baharudin ingkang ngendika bilih Ugra menika gadhah wewatekan awon. Menggali badhe medhot srawungipun kaliyan Bathara ananging piyambakipun malah kadhung janji dhateng Normasari bilih badhe methukaken kaliyan Paradha. Methukaken Normasari kaliyan Paradha ateges Sirtu kedah srawung malih kaliyan Bathara. Dene Ugra dinten menika boten katingal ing kantor, kamangka Sirtu kepenging wawan rembag ngengingi perjanjenipun kaliyan Normasari. Sedaya pikiran bab menika taksih dipupenggali Sirtu, saha dereng mangertos kedah tumindak kados pundi.

Pethikan (14) menika ngemot basa antar *metafora*, katingal saking ungkapan *pikirane isih ruwet*. Ungkapan menika sanes makna ingkang sajatosipun ananging ngemu makna sanes inggih menika damel sami pikiran kados benang ingkang ruwet. Panganggening ungkapan penggalhipun ingkang taksih ruwet menika gadhah makna bilih Sirtu kathah pikiran, menggali ngengingi Ugrasamsi ingkang boten katingal ing kantor, wicantenipun Normasari saha Baharudin ngengingi sipatipun Ugra uga menggali piyambakipun kedah srawung malih kaliyan Bathara gegayutan kaliyan janjinipun dhateng Normasari. Sirtu dereng mangertos kedah tumindak kados pundi, sedaya taksih wonten ing penggalhipun, dereng saged mendhet putusan. Pramila penggalih ingkang taksih ruwet menika

dipuntandhingaken kaliyan benang ingkang ruwet, sisah dipunudharai, tegesipun Sirtu bingung mendhet keputusan mrantasi sedaya perkawisipun.

Basa entar wonten pethikan (14) ing nginggil gadhah *fungsi konkritisasi* inggih menika damel *konkret* pikiran utawi penggalih ingkang kaliyan benang. Pikiran minangka bab *abstrak* ingkang sisah dipungraita maknanipun, saengga pikiran ingkang ruwet amargi kathah perkawis ingkang dereng saged dipunpungkasi menika dipunkonkretaken kaliyan benang ingkang ruwet. Benang ingkang ruwet sisah dipunudhari, kados perkawis ingkang dipulampahi dening Sirtu, dereng manggihaken cara ingkang trep kangge mrantasi perkawisipun. Pramila, perkawis ingkang dereng saged dipunpungkasi, taksih dados penggalhipun Sirtu menika dipunkonkretaken kaliyan benang ingkang ruwet.

c. *Fungsi Nggamblangaken Gambaran*

Basa entar *metafora* ugi dipunginakaken kangge nggamblangaken gambaran. *Fungsi* nggamblangaken gambaran ingkang dipungambaraken dening panganggit menika minangka satunggaling bab ingkang *lazim* utawi mungkin dipunpanggihaken ing gesang ingkang nyata. Supados langkung gamblang malih ngengingi *fungsi* nggamblangaken gambaran, ing ngandhap menika badhe dipunandharaken basa entar *metafora* kanthi *fungsi* nggamblangaken gambaran ingkang dipunginakaken ing novel *Nona Sekretaris* anggitanipun Suparto Brata.

(15) “*Sasore iki mau Kuntum sing ayu, sing **awake nggitar**, ngajari langkah-langkah sing kudu dakjogedake!*” (Data 61)

Ukara ing nginggil minangka pethikan cariyos ingkang kadadosan ing kamar kosipun Sirtu ing Lurung Tambak. Julaehaque nyariosaken kegiatanipun ing siang kalawau ingkang latihan kaliyan Kuntum ing Cempaka Putih. Kuntum

nggladhi langkah-langkah jaged dhateng Julaehaque. Julaehaque nyenyubya badanipun Kuntum ingkang sae, ideal.

Pethikan (15) menika ngemot basa entar *metafora*, katingal saking ungkapan *awake nggitar*. Ungkapan menika sanes makna ingkang sajatosipun ananging ngemu makna sanes inggih menika damel sami badanipun Kuntum ingkang ideal kados gitar. Gitar minangka perangan saking piranti musik menika gadhah bentuk ingkang sae. Gitar asring dipunginakaken minangka pralambang bentuk badan ingkang ideal, awit bentuk gitar ingkang umumipun gadhah bentuk kados badanipun manungsa. Saengga panganggening tembung gitar menika kangge nggamblangaken bentuk badanipun Kuntum ingkang ideal.

Basa entar salebeting ukara (15) ing nginggil gadhah *fungsi* kangge nggamblangaken gambaran. Panganggit damel sami badanipun Kuntum kaliyan gitar. Panganggening ungkapan *awake nggitar* menika damel gamblang gambaran ngengingi bentuk badanipun Kuntum ingkang sae kados gitar. Badanipun Kuntum ingkang sae, ideal menika kagambaraken kaliyan gitar, satunggaling piranti musik ingkang bentukipun kados badanipun manungsa.

(16) “*Saiki sing dimangsa balon cilik! Balon tembung Surabaya, kowe rak wis ngreti? Wis dene padha bacine, tumbu oleh tutup!*” (Data 150)

Ukara ing nginggil minangka pethikan cariyos ingkang kadadosan ing margi kutha Surabaya. Sirtu, Normasari, Kuntum kaliyan Ratih nitih mobilipun Kasandanu dhateng Bandara. Wonten ing tengah margi, rombongan kalawau mergoki mobil Corolla DX ingkang dipunsewa dening Ugra saha Julaehaque ingkang pamit badhe shoting ing studio sunar VJW nuduhaken glagat aneh.

Rombongan ing mobilipun Kasandanu mbuntuti lampahipun mobil Corolla DX kalawau. Pranyata mobil kalawau boten ing studio sunar VJW ananging mlampah ing arah Tretes. Salebeting mobil Normasari menika ngendikan bab awonipun Ugrasamsi kaliyan Julaehaque, miturut piyambakipun Ugrasamsi kaliyan Julaehaque menika cocok, sami-sami brahalanipun.

Pethikan (16) menika ngemot basa entar *metafora*, katingal saking ungkapan *tumbu oleh tutup*. Ungkapan menika sanes makna ingkang sajatosipun ananging ngemu makna sanes inggih menika damel sami Ugra kaliyan Julaehaque kados tumbu pikantuk tutup, cocok banget. Tumbu pikantuk tutup menika boten ateges wadah sekul kaliyan tutupipun, ananging gadhah makna entar ingkang ngentaraken pribadinipun Ugrasamsi kaliyan Julaehaque ingkang sami-sami brahala, tiyang ingkang sami-sami gadhah salah bawa ingkang awon, samenika dados satunggal pramila cocok sanget. Saengga ungkapan tumbu pikantuk tutup menika nggamblangaken paraga Ugra kaliyan Julaehaque ingkang cocok sanget, sami-sami gadhah salah bawa ingkang awon.

Basa entar wonten pethikan (16) ing nginggil gadhah *fungsi* kangge nggamblangaken gambaran. *Fungsi* nggamblangaken gambaran menika katingal saking ungkapan *tumbu oleh tutup*. Panganggening ungkapan tumbu pikantuk tutup menika nggamblangaken gagayutanipun Ugra kaliyan Jukaehaque menika cocok sanget, cocok awit kekalihipun sami-sami gadhah wewatekan ingkang awon. Saengga cocokipun Ugra kaliyan Sirtu menika dipungamblangaken kaliyan tumbu ingkang pikantuk tutup.

d. Fungsi Nuwuhaken Kesan saha Kawontenan Tartamtu

Panganggening basa entar saged dipunginakaken kangge *nuwuhaken kesan saha kawontenan tartamtu*, tuladhanipun suasana rame, sepi, romantis, lsp. Fungsi *nuwuhaken kesan saha kawontenan* menika minangka cara panganggit supados pamaos kados-kados mrasuk ing suasana ingkang karipta dening panganggit. Supados langkung gamblang malih ngengingi *fungsi nuwuhaken kesan saha kawontenan*, ing ngandhap menika badhe dipunandharaken basa entar *metafora* kanthi *fungsi nuwuhaken kesan saha kawontenan* ingkang dipunginakaken ing novel *Nona Sekretaris* anggitanipun Suparto Brata.

- (17) “*Ah, aja kaya ngono kowe, Sirtu! Wong begja ora kaya kowe dina iki!*” *pocapane Danang.*
 “*Iya! Iya! Iya, Sirtu! Profisiat!*” *liya-liyane banjur padha pating brengok saur manuk.*” (Data 88)

Ukara ing nginggil minangka pethikan cariyos ingkang kadadosan ing kantor BPA. Kados adatipun, enjing menika Sirtu dugi ing kantor Pentas Artis, nalika menika kanca-kancanipun ing kantor mriku sampun maos koran Caraka ingkang nggiyaraken pawarta ngengingi Sirtu ingkang tunangan kaliyan Bathara. Mangertos pawarta kados makaten, para pegawe sami ngrubung Sirtu paring slamet awit bebingah ingkang dipuntampi Sirtu. Kanca-kancanipun ing kantor ugi ndherek bingah saha maringaken selamat gilir gumantos, swantenipun saut-sautan saengga damel kawontenan kantor rame.

Pethikan (17) menika ngemot basa entar *metafora*, katingal saking ungkapan *saur manuk*. Ungkapan menika sanes makna ingkang sajatosipun ananging ngemu makna sanes inggih menika ngentaraken swantenipun para pegawe ingkang pating brengok kados swantenipun peksi saut-sautan.

Swantenipun para pegawe katandhingaken kaliyan swantenipun peksi, biasanipun nalika salah satunggaling peksi menika muni pramila peksi sanesipun ingkang mireng menika nyaut, saengga dados saut-sautan, makaten ugi ingkang dipungambaraken dening ukara ing nginggil. Panganggit ngginakaken ungkapan *saur manuk* menika kangge damel samai suasana ingkang rame kados peksi ingkang saut-sautan. Maksud pethikan ukara ing nginggil inggih menika ngandharaken suasana ingkang rame ing kantor BPA nalika para pegawe ngrubung Sirtu gilir gumantos nyalami saha saut-sautan swantenipun.

Basa entar wonten pethikan (17) ing nginggil gadhah *fungsi* kangge nuwuhaken *kesan* saha kawontenan tartamtu. Panganggit damel sami swantenipun para pegawe ingkang pating brengok maringi selamat dhateng Sirtu kados swantenipun peksi ingkang saut-sautan. Panganggening ungkapan *saur manuk* menika nuwuhaken *kesan* saha kawontenan ingkang rame, awit swantenipun para pegawe ingkang pating brengok menika kados swantenipun peksi ingkang saut-sautan. Swantenipun para pegawe ingkang pating brengok kados peksi menika nuwuhaken *kesan* saha kawontenan ingkang rame ing kantor BPA.

(18) “*Sirtu wis meh ora kuwat ngglawat, terus tiba nglendheti Wasis! Oh, wis suwiii banget rasane dheweke ngulandara kepanasan, ngarep-arep olehe nemokake **wit pangayoman!** Lan sakiki ketemu!*”
(Data 156)

Ukara ing nginggil minangka pethikan cariyos ingkang kadadosan ing bandara nalika Sirtu nguntabaken rombongan Normasari wangsul dhateng Jakarta. Sajatosipun Sirtu ugi ndherek rombongan wangsul dhateng Jakarta, ananging Sirtu kantun ing Surabaya awit nampi lamaranipun Wasistanya, saha pesen

dhateng Normasari supados matur dhateng Baharudin bilih Sirtu sampun dilamar. Rombongan Normasari sampun nilaraken papan *pemberangkatan*, Sirtu nglendheti Wasistandya. Kadadosan menika damel kawontenan ingkang romantis antawisipun Sirtu kaliyan Wasistandya.

Pethikan (18) menika ngemot basa entar *metafora*, katingal saking ungkapan *wit pangayoman*. Ungkapan menika sanes makna ingkang sajatosipun ananging ngemu makna sanes inggih menika ngentaraken katresnanipun Wasis dhateng Sirtu menika saged ngayomi piyambakipun. sirtu rumaos pikantuk pangayoman saking priya ingkang sampun dipunantu-antu dening Sirtu. Katresnanipun Wasis saged ngayomi Sirtu, rumaos eyup kados ngeyup saking panas sangandhapipun wit-witan. Rumaos bilih Wasis menika minangka wit ingkang saged ngayomi Sirtu, Sirtu nglendhet ing pundhakipun Wasis, dipunanggep papan ingkang damel edhum.

Basa entar wonten pethikan (18) ing nginggil gadhah *fungsi* kangge nuwuhaken *kesan* saha kawontenan tartamtu. Panganggening ungkapan *wit pangayoman* menika nuwuhaken *kesan* saha kawontenan ingkang romantis antawisipun Wasis kaliyan Sirtu. Sirtu nglendheti Wasis, awit rumaos sampun dados duwekipun Wasis. Bab menika nuwuhaken *kesan* saha kawontenan ingkang romantis, ingkang kadadosan ing *bandara*.

e. Fungsi Damel Ringkes Seratan saha Pocapan

Basa entar *metafora* saged dipunginakaken kangge damel ringkes seratan saha pocapan inggih menika ngandharaken satunggaling bab utawi pamanggih kanthi basa ingkang ringkes. Panganggit saged *menghemat* panganggening

tembung ananging maksud, ancas ingkang badhe kaaturaken saged dipunadharaken kanthi gamblang (efektif). Ing ngandhap menika badhe dipunanandharaken basa entar *metafora* kanthi *fungsi* damel ringkes seratan saha pocapan ingkang kapanggihaken tumrap novel *Nona Sekretaris* anggitanipun Suparto Brata.

(19) “*Ugra mesthi ngira yen Sirtu pinter banget slinthuthan dhedhemenan! Pinter ngrai loro!*” (Data 90)

Ukara ing nginggil minangka pethikan cariyos ingkang kadadosan ing kantor BPA. Koran Caraka nggiyaraken pawarta ngengingi Bathara, putranipun Paradha Nainggolan, tiyang brewu saha paling sugih ing kutha Jakarta tunangan kaliyan Sirtu. Kamangka kadadosan ingkang kapacak ing koran menika beda kaliyan kadadosan ingkang dipunlampahi Sirtu. Ing kasunyatan Sirtu nulak rasa asih katresnanipun Bathara, awit piyambakipun gadhah raos tresna dhateng Ugra. Awit pawarta menika, Sirtu rumaos lingsem dhateng Ugra. Piyambakipun ajrih bilih Ugra gadhah pamanggih awon ngengingi pribadinipun Sirtu. Sirtu lingsem, ajrih bilih Ugra mbiji Sirtu menika pinter slinthuthan dhedhemenan.

Pethikan (19) menika ngemot basa entar *metafora*, katingal saking ungkapan *ngrai loro*. Ungkapan menika minangka makna entar, maksud ungkapan menika sanes tiyang ingkang gadhah pasuryan kalih, ananging ngemu makna sanes inggih menika ngentaraken tiyang pinter sandiwara, umpet-umpetan dhedhemenan kados kagungan pasuryan kalih. Tiyang menika namung gadhah pasuryan satunggal (kajawi kembar siam), pramila panganggening ungkapan *ngrai loro* menika nedahaken tiyang ingkang gadhah kapribaden kalih, tegesipun prigel sandiwara, umpet-umpetan dhedhemenan.

Basa entar salebeting ukara (19) ing nginggil gadhah *fungsi* kangge damel ringkes searatan saha pocapan. Panganggit ngginakaken ungkapan *ngrai loro* kangge damel ringkes seratan, saengga boten perlu dipunserat mawi pinter *sandiwara, umpet-umpetan dhedhemenan* ananging panganggit cekap nyerat kanthi *ngrai loro*. Bab menika boten ngewahi makna ingkang badhe dipunandharaken dening panganggit kanthi basa ingkang langkung ringkes. Sawalikipun, nalika panganggit boten ngginakaken ungkapan *ngrai loro* seratan wonten ukara ing nginggil langkung panjang kados pethikan ing ngandhap menika.

“Ugra mesthi ngira yen Sirtu pinter banget slinthuthan dhedhemenan! Pinter sandiwara, umpet-umpetan dhedhemenan!”

Pethikan ukara ing nginggil, dipunraosaken bilih seratan menika langkung panjang saha kirang efektif. Saengga wontenipun ungkapan *ngrai loro* wonten pethikan (19) ing nginggil ndadosaken panganggit langkung ringkes ngginakaken tembung.

(20) *“Wong sakantor ngreti sekretaris tansah iwut nyambutgawe dadi tangan tengene Dhirektur, lan ora ana wektu kanggo kluyuran utawa omong-omong karo kanca-kancane.” (Data 94)*

Ukara ing nginggil minangka pethikan cariyos nalika Sirtu gadhah niatan manggihi Ugra ing ruwangan kerjanipun. Ananging Sirtu pekewuh dhateng pegawe sanesipun, awit Sirtu pancen boten nate mlebet ruwangan kerjanipun Ugra kajawi wonten perkawis bab padamelan. Pegawe sanes mangertos bilih Sirtu minangka sekretarisipun Baharudin, saengga jejibahanipun inggih menika ngladosi sedaya bab ingkang dipunbetahaken dening Dhirekturipun.

Pethikan (20) menika ngemot basa entar *metafora*, katingal saking ungkapan *tangan tengen*. Ungkapan menika sanes teges ingkang sajatosipun, ungkapan asta tengen menika gadhah makna entar ingkang nedahaken Sirtu minangka sekretaris gadhah jejibahan ingkang pokok inggih menika ngladeni sedaya bab ingkang dipunbetahaken dhirekturipun. Asta minangka salah satunggaling peranganipun badan ingkang saged nindakaken pakaryan, asta ingkang sisih tengen dipuntegesi utawi dipungayutaken kaliyan perkawis ingkang sae, pramila panganggening asta tengen salebeting ukara ing nginggil gadhah makna bilih Sirtu minangka sekretaris, dados pegawe ingkang nindakaken saha nyamaptakaken sedaya kabetahan dhirekturipun, tumindak kados astanipun dhirektur.

Basa entar salebeting ukara (20) ing nginggil gadhah *fungsi* kangge damel ringkes searatan saha pocapan. Panganggit ngginakaken ungkapan *tangan tengen* kangge damel ringkes seratan, saengga boten perlu dipunserat mawi pinter *pegawe sing tugase ngladeni keperluan* ananging panganggit cekap nyerat kanthi *tangan tengen*. Bab menika boten ngewahi makna ingkang badhe dipunandharaken dening panganggit kanthi basa ingkang langkung ringkes. Sawalikipun, nalika panganggit boten ngginakaken ungkapan *tangan tengen* seratan wonten ukara ing nginggil langkung panjang kados pethikan ing ngandhap menika.

*“Wong sakantor ngreti sekretaris tansah iwut nyambutgawe dadi **pegawe sing tugase ngladeni keperluan** Dhirektur, lan ora ana wektu kanggo kluyuran utawa omong-omong karo kanca-kancane.”*

Pethikan ukara ing nginggil, dipunraosaken bilih seratan menika langkung panjang saha kirang efektif. Saengga wontenipun ungkapan *tangan tengen* wonten pethikan (20) ing nginggil ndadosaken panganggit langkung ringkes ngginakaken tembung.

f. Fungsi Nggambaraken Raosing Manah Paraga

Basa entar *metafora* ugi saged dipunginakaken kangge nggambaraken raosing manah paraga. Panganggit ngginakaken basa entar kangge nggambaraken kawontenan manahipun paraga, kadosta raosing manah bingah, sisah, trenyuh, nesu, lingsem, lsp. Supados langkung gamblang malih ngengingi *fungsi* nggambaraken raosing manah paraga, ing ngandhap menika badhe dipunandharaken basa entar *metafora* kanthi *fungsi* nggambaraken raosing manah paraga ingkang dipunginakaken ing novel *Nona Sekretaris* anggitanipun Suparto Brata.

- (21) “*Malah Normasari bolak-balik ngarani gigolo, tembung sing saru banget tumrap kupinge Sirtu, ndadekake raine Sirtu abang mangar-mangar.*”
(Data 151)

Ukara ing nginggil minangka pethikan cariyos ingkang kadadosan ing sawenenhing villa ing Tretes, Surabaya. Nalika Sirtu, Wasistandya, Normasari, Kuntun saha Ratih badhe nggropyok Ugra kaliyan Julaehaque, Normasari cariyos bab awonipun Ugra kaliyan Julaehaque. Mireng celathunipun Normasari ingkang tanpa tedheng aling-aling menika damel Sirtu gregeten. Amargi wonten Wasistandya, kedahipun priya enggal ingkang mrasuk ing manahipun Sirtu menika boten sah mangertos thek-kliwer lelethek saha congkrahipun para seniwati Normasari Show menika. Cariyosipun Normasari saya ndadhra, damel Sirtu

lingsem dhateng Wasistandya, amargi priya Ugrasamsi ingkang dipundaku pancanganipun slinthuthan kaliyan seniwati Normasari Show..

Pethikan (21) menika ngemot basa entar *metafora*, katingal saking ungkapan *raine Sirtu abang mangar-mangar*. Ungkapan menika sanes makna sajatosipun ananging ngemu makna sanes kangge nandhingaken pangraos lingsem kaliyan ules ingkang abrit. Ulesipun abrit, boten ateges ulesipun Sirtu menika warninipun abrit, ananging menika minangka gegambaran kangge nggambangaken pangraosing manahipun Sirtu ingkang lingsem. Maksud saking ungkapan ing nginggil nggambangaken bilih Sirtu lingsem dhateng Wasistandya awit lelampahanipun kaliyan Ugrasasi, wondene priya ingkang dipundaku pancanganipun menika slinthuthan kaliyan kancanipun piyambak inggih menika Julaehaque. Sirtu tansaya lingsem awit Normasari tanpa tedheng aling-aling nyariosaken awonipun Ugrasamsi.

Basa entar wonten pethikan (21) ing nginggil gadhah *fungsi* nggambaraken raosing manah paraga. *Fungsi* nggambaraken raosing manah paraga menika katingal saking ungkapan *raine Sirtu abang mangar-mangar*. Gegambaran ulesipun Sirtu ingkang abrit menika nggambaraken raosing manahipun Sirtu ingkang lingsem.

(22) “*Sajake esuk-esuk mau **prasakane pancen pedhut**, awan-awan ana **pepadhang** kang minangka bebungahing ati*”. (Data 111)

Ukara ing nginggil minangka pethikan cariyos ingkang kadadosan salebeting mobil nalika Sirtu wangsul saking Cemapak Putih badhe wangsul dhateng kantor BPA. Salebeting mobil menika Sirtu tansah nglamun, menggalih

lelampahan ing dinten menika ingkang tansah diincer kacilakan. Manahipun sisah menggalih Ugra ingkang boten open dhateng piyambakipun, tansaya nalika pikantuk jejibahan saking Baharudin supados manggihi Normasari, tiyang ingkang misuwur sipat kakon atenipun. Kasilipun jejibahan ngrimuk Normasari damel Sirtu bingah, sanajan enjing kalawau manahipun sisah, dene ing siangipun tansah pikantuk bebingah.

Pethikan (22) menika ngemot basa entar *metafora*, katingal saking ungkapan *prasakane pancen pedhut*, saha *pepadhang*. Ungkapan menika sanes makna ingkang sajatosipun ananging ngemu makna sanes. Ungkapan manah ingkang pedhut saha pepadhang, sanes pedhut ingkang biasanipun medal ing wanci enjing ananging raosing manah paraga ingkang sisah, sedhih. Sanesipun makaten, ungkapan pepadhang ing ukara menika gadhah makna entar bilih paraga nembe nandang bingah. Maksud ungkapan ing nginggil menika nggambaraken raosing manah paraga ingkang sisah, sedhih awit menggalih Ugra ingkang tansah boten open dhateng Sirtu. Maksud ungkapan *awan-awan oleh pepadhang* menika nggambaraken raosing manah paraga ing nampi bebingah awit kasilipun jejibahan saking Baharudin katiti saking ungkapan *pepadhang*.

Basa entar salebeting ukara (22) ing nginggil gadhah *fungsi* kangge nggambaraken raosing manah paraga. Ungkapan *prasaken pancen pedhut* menika nggambaraken raosing manah paraga ingkang sisah awit menggalih Ugra ingkang tansah boten open dhateng piyambakipun. Salajengingipun ungkapan *awan-awan ana pepadhang* menika nggambaraken raosing manah paraga ingkang bingah

awit kasilipun jejibahan ngrimuk Normasari, ingkang misuwur sipat kakon atepun.

3. Personifikasi

Panganggening basa entar *personifikasi* ugi dipunpanggihaken salebeting novel *Nona Sekretaris* anggitanipun Suparto Brata. Panganggening basa entar *personifikasi* gadhah ancas supados idhe, pamanggih panganggit menika gampang dipuntampi dening pamaos kanthi gampang, pramila dipunginakaken cara kanthi nandhingaken gambaran *imajinatif* kaliyan sipat utawi solah bawa kados manungsa (penginsanan). Kanthi langsung ing karyanipun, panganggit maringaken kesan gesang utawi nggesangaken gambaran utawi obyek. Basa entar *personifikasi* salebeting novel kasebat gadhah *fungsi* estetis tartamtu. Adhedhasar asiling panaliten, basa entar *personifikasi* gadhah *fungsi* damel endahing swanten, *konkritisasi*, nggesangaken gambaran saha obyek, saha nggambaraken raosing manah paraga. Ing ngandhap menika badhe dipunandharaken basa entar *personifikasi* saha *fungsi* basa entar ingkang dipunginakaken ing novel *Nona Sekretaris* anggitanipun Suparto Brata.

a. Fungsi Damel Endahing Swanten

Basa entar *personifikasi* saged dipunginakaken kangge damel endahing swanten saha pocapan kanthi wontenipun purwakanthi utawi *persamaan bunyi*. Ing ngandhap menika badhe dipunandharaken basa entar *personifikasi* kanthi *fungsi* damel endahing swanten saha pocapan ingkang dipunginakaken ing novel *Nona Sekretaris* anggitanipun Suparto Brata.

(23) *“Padhange hawa sasi September garing kuwi ora mrayogakake rerembugan nganggo dijantoni esem lan lirik.” (Data 123)*

Ukara ing nginggil minangka pethikan cariyos antawisipun Sirtu kaliyan Ugra wonten ing kawontenan ingkang sekeca, awit hawanipun padhang, sekeca. Kekalihipun wawanrembug ngengingi pasrawunganipun Sirtu kaliyan Bathara. Sirtu njlentrehaken bilih piyambakipun gadhah janji dhateng Normasari supados methukaken kaliyan Parada Nainggolan, kamangka bilih janji menika kaleksanan pramila Sirtu kedah gegayutan malih kaliyan Bathara. Ugra nanggepi wicantenipun Sirtu ampang kemawon, mrayogakaken Sirtu gegayutan malih kaliyan Bathara. Wondene ingkang dipunentha-entha dening Sirtu, inggih menika Ugra mnggak kawontenan ingkang makaten. Sikekipun Ugra ingkang kados makaten wau damel Sirtu gregeten saha mangkel.

Pethikan (23) ngemot basa entar *personifikasi* katiti saking ungkapan *padhange hawa sasi September garing kuwi ora mrayogakake rerembugan*. Ungkapan kasebat maringaken sipat kamanungsan (menginsankan) dhateng kawontenan ingkang endah, padhang ing wulan September ingkang nyekseni wawanrembagipun Sirtu kaliyan Ugra kados-kados boten mrayogakaken pirembagan. Boten mrayogakaken pirembagan, awit pirembagan antawisipun Sirtu kaliyan Ugra menika kadadosan ing kawontenan ingkang padhang ing wulan September. Tembung padhang ing mriki dipuntegesi kanthi kawontenan ingkang endah, ananging Sirtu kaliyan Ugra malah rerembugan ingkang damel panas ing atinipun Sirtu. Saengga, ungkapan ing nginggil maringaken sipat insani dhateng padhangipun hawa saged tumindak kados manungsa inggih menika boten mrayogakaken rerembuganipun Ugra kaliyan Sirtu.

Wonten pethikan (23) ing nginggil basa entar *personifikasi*, gadhah *fungsi* kangge damel endahing swanten. *Fungsi* damel endahing swanten menika wonten, awit panganggening purwakanthi guru swara [e] sawingkingipun tembung *padhange* saha *mrayogakake*. Kajawi menika endahing swanten ugi katingal saking wontenipun purwakanthi guru swara [i] sawingkingipun tembung *sasi* saha *kuwi*. Panganggening basa entar ingkang ngginakaken tetembungan apurwakanthi menika damel endahing swanten salebeting basa entar kasebat.

(24) “*Nanging aja kejeglong jirete wong lanang hidung belang!
Rak mengkono pituturmu marang aku biyen kae? Pituturmu thukul
subur ing atiku, apa subur uga ing atimu?*” (Data 77)

Ukara ing nginggil minangka pethikan cariyos ingkang kadadosan ing warung ijo nalika Sirtu kepanggih Julaehaque ingkang badhe malem minggu. Julaehaque cariyos dhateng Sirtu, bilih sampun wonten priya ingkang nresnani piyambakipun. sirtu ndherek bingah, ananging Sirtu ngemutaken Julaehaque supados ngati-ati saha tansah njagi paugeran sesrawungan kaliyan priya, kados pituturipun Julaehaque ingkang nate dipuntuturaken dening Sirtu. Sirtu njlentrehaken pituturipun kanthi ngentaraken pituturipun kaliyan kaendahanipun taneman ingkang terus ngrembaka.

Pethikan (24) ngemot basa entar *personifikasi* katiti saking ungkapan *pituturmu thukul subur ing atiku, apa subur uga ing atimu*. Ungkapan kasebat maringaken sipat kamanungsan (menginsankan) pitutur saged thukul saha ngrembaka kados taneman. Pitutur saking Julaehaque supados tansah njagi paugeran sesrawungan kaliyan priya menika tansah dipunleluri dening Sirtu, tansah gesang ing manahipun. Pitutur ingkang subur menika gadhah makna bilih

pituturipun Julahaque tansah dipunemut-emut saha dipunugemi kanthi saestu dening Sirtu.

Wonten pethikan (24) ing nginggil basa entar *personifikasi*, gadhah *fungsi* kangge damel endahing swanten. *Fungsi* damel endahing swanten menika kadadosan awit panganggening purwakanthi. Wontenipun purwakanthi guru swara vokal [u] ing wingking suku kata pertama tembung *thukul*, *subur*, saha sangajengipun tembung *uga* saha sawingkingipun tembung *atiku*, *atimu*. Purwakanthi guru swara [U] sawingkingipun tembung *thukul* saha *subur*. Purwakanthi lumaksita inggih menika *pengulangan* tembung *subur*. Pitutur ingkang dipunugemi dening Sirtu, dipunleluri saha ngrembaka ing manahipun menika kagambaraken kados taneman ingkang saged gesang saha ngrembaka.

b. Fungsi Konkritisasi

Wonten ing panaliten menika ugi dipunpangguhaken basa entar *personifikasi* kanthi *fungsi konkritisasi*, inggih menika damel *konkret* satunggaling bab ingkang abstrak. Gegambaran aneh, boten *lazim*, saha mokal kapanggihaken ing gesang ingkang nyata damel sisah panggraitanipun pamaos. Langkung gamblang malih ngengingi *fungsi konkritisasi*, ing ngandhap menika badhe dipunandharaken basa entar *personifikasi* kanthi *fungsi konkritisasi* ingkang dipunginakaken ing novel *Nona Sekretaris* anggitanipun Suparto Brata.

(25) “Suwara kaset gamelan Sundha sing dirungokake ing tratag pinggir kolam restoran mau **nguculi bebandane** urip kang nindhihi ati.”
(Data 64)

Ukara ing nginggil minangka pethikan cariyos ingkang kadadosan Lembur Keuring antawisipun Sirtu kaliyan Ugrasamsi. Siang menika, kekalihipun dhahar

siang ing Lembur Keuring. Kekalihipun milih kursi ingkang mapan ing pinggir kolam, swantenipun kaset gamelan Sundha ingkang nganyut-anyut damel tentrem kekalihipun, pikiran-pikiran nglangut saged ewah.

Pethikan (25) ngemot basa entar *personifikasi* katiti saking ungkapan *nguculi bebandane*. Ungkapan kasebat maringaken sifat kamanungsan (penginsana) dhateng swantenipun kaset gamelan Sundha minangka benda mati utawi boten gadhah nyawa kados-kados saged tumindak kados manungsa inggih menika nindakaken pakaryan nguculi bebanda. Maksud ungkapan kasebat inggih menika suwara kaset gamelan Sundha ingkang sekeca dipunmirengaken damel manahipun Sirtu kaliyan Ugra tentrem, ngewahi pikiran-pikiran nglangut.

Wonten pethikan (25) ing nginggil basa entar *personifikasi*, gadhah *fungsi konkritisasi*. *Fungsi konkritisasi* inggih menika damel *konkret* gambaran supados langkung nyata utawi *konkret*. Swanten kaset gamelan ingkang nentremaken manah menika dipunkonkretaken kados manungsa ingkang nguculi bebanda. Pranyata swanten kaset gamelan boten saged nindakaken pakaryan nguculi bebanda, ananging swanten kaset gamelan menika dipunkonkretaken kados manungsa ingkang nguculi bebanda.

(26) “Lo, kok wis wungu, Pak?”

“Wo, ora tangi! Wong durung turu, kok! **Ilham lagek cemanthel ing mesin tik, dadi eman merem!**” (Data 42)

Ukara ing nginggil minangka pethikan cariyos ingkang kadadosan ing kamar kosipun Sirtu nalika Sirtu ngalamun. Sirtu kemutan nalika piyambakipun tangi sampun kedhisikan bapakipun, Pradangga Praba ingkang nembe makani ayam. Sirtu nyengguh bilih bapakipun sampun wungu enjing sanget kamangka

bapakipun dereng sare. Pakaryanipun bapakipun Sirtu minangka pangripta buku, pramila nalika ide nembe medal, eman-eman badhe sare.

Pethikan (26) ngemot basa entar *personifikasi* katiti saking ungkapan *ilham lagek cemanthel ing mesin tik*. Ungkapan kasebat maringaken sipat kamanungsan (penginsanan) dhateng ilham utawi ide kados barang ingkang nyata ingkang saged cemanthel. Maksud ungkapan kasebat inggih menika nedahaken bilih Pradangga ngeman sare nalika ide-ide kangge ngripta buku menika nembe medal saking pamanggihipun.

Wonten pethikan (26) ing nginggil basa entar *personifikasi*, gadhah *fungsi konkritisasi*. *Fungsi konkritisasi* inggih menika damel *konkret* ilham minangka bab abstrak awit boten wonten wujudipun ananging dipunkonkretaken kaliyan satunggaling barang ingkang nyata. Ilham dipunkonkretaken kaliyan barang ingkang nyata, ingkang saged cemanthel ing mesin ketik.

c. Fungsi Ngesangaken Gambaran saha Obyek

Asiling panaliten ugi nedahaken bilih *fungsi* ngesangaken gambaran saha obyek ugi dipunginakaken dening panganggit. *Fungsi* ngesangaken gambaran saha obyek menika namung dipunginakaken ing basa entar *personifikasi*. Panganggit ngentaraken menapa ingkang dipungambaraken kanthi ciri sipat insani (penginsanan), saengga gambaran kados-kados gesang saha langkung narik kawigatosan. Ing ngandhap menika badhe dipunandharaken basa entar *personifikasi* kanthi *fungsi* ngesangaken gambaran saha obyek ingkang dipunginakaken ing novel *Nona Sekretaris* anggitanipun Suparto Brata.

(27) “*Ora! Tenan, kok! Layangkabar kuwi goroh! aku ora tunangan karo Bathara!*” (Data 89)

Ukara ing nginggil minangka pethikan cariyos ingkang kadadosan kantor BPA. Sirtu boten kersa nampi salam selamat saking para kancanipun, awit Sirtu rumaos boten tunangan kaliyan Bathara. Pawartos ingkang dipunpacak ing koran Caraka menika boten leres miturut Sirtu. Sirtu ngandharaken dhateng kancanipun bilih pawartos ingkang kapacak ing koran kalawau boten kadadosan.

Pethikan (27) ngemot basa entar *personifikasi* katiti saking ungkapan *Layangkabar kuwi goroh*. Ungkapan kasebat minangka benda mati utawi boten gadhah nyawa inggih menika *layangkabar* utawi koran ingkang *seolah-olah* gadhah sipat saha saged tumindak kados manungsa inggih menika ngapusi. Panganggit maringaken sipat manungsa tumrap benda mati inggih menika ‘koran’ saengga koran menika saged tumindak kados manungsa inggih menika nyebar pawartos ingkang boten nyata, ngapusi. Maksud ungkapan ing nginggil nedahaken bilih layangkabar ingkang dipunwaos dening kancanipun ingkang nyuraosaken bab gegandhenganipun Sirtu kaliyan Bathara menika boten kasunyatan.

Wonten pethikan (27) ing nginggil basa entar *personifikasi*, gadhah *fungsi* nggesangaken gambaran saha obyek. Panganggening ungkapan *layangkabar kuwi goroh* ndadosaken gambaran saha obyek gesang. Panganggit maringaken sipat insani (menginsankan) layangkabar utawi koran saged tumindak kados manungsa ingkang saged ngapusi, ngandharaken pawartos ingkang boten nyata.

(28) “*Volvo obah rerikatan, menggok ngeget mlebu pekarangan villa.*”
(Data 152)

Ukara ing nginggil minangka pethikan cariyos ingkang kadadosan ing sawenehing plataran villa ing tretes nalika rombonganipun Sirtu badhe nggrebeg Ugra kaliyan Julaehaque. Mobil volvo ingkang dupinsopiri dening Wasis menika mlampah manut kaliyan ingkang nyopiri.

Pethikan (28) ngemot basa entar *personifikasi* katiti saking ungkapan *Volvo obah rerikatan*. Ungkapan kasebat nedahaken benda mati utawi boten gadhah nyawa inggih menika mobil volvo ingkang saged tumindak kados manungsa inggih menika ebah rerikatan, ebah kanthi rikat. Panganggit maringaken sipat manungsa tumrap benda mati inggih menika ‘volvo’ saengga wonten ukara ing nginggil volvo dipungambaraken saged ebah rerikatan kados manungsa. Maksud ungkapan ing nginggil nedahaken bilih volvo menika dipunsetir banter dening Wasis supados boten kelangan jejakipun Ugra.

Wonten pethikan (28) ing nginggil basa entar *personifikasi*, gadhah *fungsi* nggesangaken gambaran saha obyek. Panganggening ungkapan *volvo obah rerikatan* ndadosaken gambaran saha obyek gesang. Panganggit maringaken sipat kamanungsan (menginsankan) mobil volvo saged tumindak kados manungsa ingkang saged ebah, mlayu saha solah kanthi rikat.

d. Fungsi Nggambaraken Raosing Manah Paraga

Basa entar *personifikasi* ugi saged dipunginakaken kangge nggambaraken raosing manah paraga. Panganggit ngginakaken basa entar kangge nggambaraken raosing manah kadosta sisah, bingah, nesu, lingsem, lsp. Ing ngandhap menika

badhe dipunandharaken panganggening basa entar tumrap novel *Nona Sekretaris* anggitanipun Suparto Brata ingkang gadhah *fungsi* nggambaraken raosing manah paraga.

(29) “*Sirtu dhewe iya isin. Isin! Menyang Jakarta jare arep nyambutgawe, sangune kapinteran ngetik, steno lan Basa Inggris, durung sesasi neng Jakarta jebul sing ditemu bojo! Sing payu ayune lan wedoke! Wong wedok macem apa kaya ngono kuwi? Isin nyawang sorote srengenge sing madhangi dhirine.*” (Data 85)

Ukara ing nginggil minangka pethikan cariyos ingkang kadadosan ing kantor BPA. Sirtu maos koran Caraka ingkang dipunsodhorake dening Baharudin. Ing koran menika dipunserat irah-irahan: *Putrane wong brewu Paradha Nainggolan wis milih jodho! Sirtu Mekarndalu, kapilih dadi jatukramane Bathara Nainggolan*. Maos irah-irahanipun, Sirtu tratapan, kemutan ibunipun ing Sragen, ajrih bilih Ibunipun maos koran menika. Sirtu lingsem dhateng ibunipun, rumiyin pamit dhateng Jakarta badhe nyambutdamel sangu kapinteran. Samenika ingkang dipunpacak ngengingi jejodhonipun Sirtu. Ngantos Sirtu lingsem dhateng ngalam donya, dhateng srengenge ingkang madhangi dhirinipun.

Pethikan (29) ngemot basa entar *personifikasi* katiti saking ungkapan *Isin nyawang sorote srengenge sing madhangi dhirine*. Ungkapan kasebat maringaken sipat insani (menginsankan) srengenge *seolah-olah* gadhah sipat saha saged tumindak kados manungsa inggih menika ngisin-isin Sirtu. Maksud ungkapan ing nginggil nedahaken bilih Sirtu lingsem dhateng srengenge awit oncat dhateng Jakarta kanthi niat nyambutdamel supados gesangipun sekeca, ananging samenika ingkang dipunpanggihaken jodho, miturut pawartos ing koran Caraka.

Wonten pethikan (29) ing nginggil basa entar *personifikasi*, gadhah fungsi nggambaraken raosing manah paraga. Ukara ing nginggil nggambaraken raosing manahipun Sirtu ingkang lingsem dhateng srengenge, saengga boten wantun ningali srengenge. Salebeting basa entar *personifikasi* ing nginggil obyek srengenge menika dipundamel gesang saengga kados-kados gadhah sipat kados manungsa inggih menika saged ngisin-isin Sirtu.

(30) “***Kutha Sragen mrasuk ing angen-angen.*** *Kutha cilik ing tengahe pulo Jawa. Adoh pesisir lor, adoh pesisir kidul, ngetane lan ngulone saya luwih adoh banget maneh nglanjake pesisir, lan lete ngetan lan ngulon ya meh padha*”. (Data 38)

Ukara ing nginggil minangka pethikan cariyos ingkang kadadosan ing kamar kostipun Sirtu. Dalu menika Sirtu kemutan kutha Sragen, kemutan ibunipun, bulikipun. Kemutan lelampahan asmara nalika SMA, nalika nonton film kaliyan Drs. Pambudi. Kangen kutha kelairanipun ingkang tebih saking pesisir ler kaliyan kidul.

Pethikan (30) ngemot basa entar *personifikasi* katiti saking ungkapan *Kutha Sragen mrasuk ing angen-angen*. Ungkapan kasebat minangka benda mati utawi boten gadhah nyawa inggih menika *kutha Sragen seolah-olah* mrasuk ing badanipun Sirtu. Panganggit maringaken sipat manungsa tumrap benda mati inggih menika Kutha Sragen ingkang kados saged mrasuk ing badanipun Sirtu.

Wonten pethikan (30) ing nginggil basa entar *personifikasi*, gadhah fungsi nggambaraken raosing manah paraga. Gegambaran raosing manah paraga menika katingal saking ungkapan *mrasuk ing angen-angen*. Ungkapan menika nedahaken

raosing manah paraga ingkang sisah, sedhah amargi kangen kaliyan kutha kelairanipun, Sragen.

4. Metonimia

Basa entar *metonimia* ugi dipunpanggihaken salebeting novel *Nona Sekretaris* anggitanipun Suparto Brata. Basa entar *metonimia* inggih menika jinising basa entar ingkang ngginakaken ciri utawi nama ingkang gegayutan kaliyan priyantun, barang utawi satunggaling bab minangka gantosipun. Adhedhasar asiling panaliten, basa entar *metonimia* gadhah *fungsi* tartamtu, inggih menika kangge nggambaraken gambaran saha dame ringkes seratan saha pocapan. Ing ngandhap menika badhe dipunandharaken basa entar *metafora* saha *fungsi* basa entar ingkang dipunginakaken ing novel *Nona Sekretaris* anggitanipun Suparto Brata.

a. Fungsi Nggamblangaken Gambaran

Basa entar *metonimia* dipunginakaken kangge nggambaraken gambaran. Panganggit ngginakaken basa entar *metonimia* kangge nggambaraken gambaran, gegambaran ingkang dipunandharaken minangka satunggaling bab ingkang *lazim*, saha saged dipunpanggihaken ing gesang nyata dipungamblangaken malih dening panganggit. Ing ngandhap menika badhe dipunandharaken panganggening basa entar *metonimia* tumrap novel *Nona Sekretaris* anggitanipun Suparto Brata ingkang gadhah *fungsi* nggambaraken gambaran.

(31) “*Aku ya jengkel! Duwe kanca siji digondhol Batak nganggo Yamaha butut! Huh!*” (Data 57)

Ukara ing nginggil minangka pethikan cariyos ingkang kadadosan ing kamar kosipun Sirtu ing Lurung Tambaka antawisipun Sirtu kaliyan Julaeha. Julaeha madosi Sirtu ngantos kaping tiga ananging boten kepanggih, pramila nalika Sirtu nembe wangsul, Julaeha langsung nrambul mlebet kamaripun Sirtu. Julaeha micara bilih wanita kados Sirtu kedahipun saged dolan kaliyan priya ingkang nunggang mobil boten namung motor, tansaya motor ingkang sampun kawak, lawas, ketinggalan jaman.

Pethikan (31) ngemot basa entar *metonimia*, katiti saking ungkapan *Yamaha butut*. Panganggening ungkapan *Yamaha butut* salebeting tuturan ing nginggil kangge nggantosaken nama salah satunggaling merk motor ingkang dipunginakaken Ugrasamsi. Yamaha butut menika nggamblangaken gegambaran bilih Ugra, priya ingkang nyelaki Sirtu menika nungga motor merk Yamaha ingkang kawontenanipun motor sampun kawak, lawas saha boten sae.

Wonten pethikan (31) ing nginggil basa entar *metonimia*, gadhah *fungsi* kangge nggamblangaken gambaran. Panganggening ungkapan *Yamaha butut* menika nggamblangaken gambaran kawontenan motor merk Yamaha ingkang dipunginakaken Bathara menika kawontenanipun sampun elek, lawas, kawak, saha sapun ketinggalan jaman.

(32) “*Yen wayah mono mesthine Julaehaque isih turu, karian mau bengi. Artis rak wegah tangi esuk, kulina diuja. Artis rak **bangsawan**, bangsa sing tangi awan.*” (Data 145)

Ukara ing nginggil minangka pethikan cariyos ingkang kadadosan ing baprik Sunar EJW. Nalika Sirtu kaliyan Kasandani mirsani baprik Sunar EJW, Sirtu ingkang kapandhu dening Kasandanu ngubengi pabrik saperlu mirsani

isinipun pabrik sunar EJW. Nalika mlampah-mlampah menika, pikiranipun Sirtu kemutan Ugra ingkang ing wekdal menika ugi nembe ngayahi tugas supados manggihi Julaehaque. Kamangka Ugra manggihi Julaehaque ing kamaripun, saha biasanipun Julaehaque minangka artis menika remen wungu siang. Sirtu menggalih, mbok bilih nalika Ugra ndhodhog kamaripun Julaehaque, artis menika nembe molet.

Pethikan (32) ngemot basa entar *metonimia*, katiti saking ungkapan *bangsawan*. Tembung *bangsawan* ing mriki sanes makna sajatosipun, bilih umumipun tembung *bangsawan* menika ngandharaken priyantun ingkang sugih, ananging ing mriki tembung *bangsawan* menika ngemu makna sanes inggih menika minangka kereta basa *bangsa sing tangine awan*. Ungkapan kasebat nggantosaken nama paraga, inggih menika Julehaque minangka artis ingkang kulina wungu siang awit kulina dipunuja. Bangsa sing tangine awan menika nggamblangaken bangsa, para artis-artis kalebet Julaehaque ingkang kulina wungu siang.

Wonten pethikan (32) ing nginggil basa entar *metonimia*, gadhah *fungsi* kangge nggamblangaken gambaran. Bilih tembung *bangsawan* ing padintenan menika nyuraosaken priyantun ingkang sugih, ing mriki tembung *bangsawan* menika minangka kereta basa, bangsa sing tangine awan kangge. Panganggening kereta basa *bangsawan* menika kangge nggamblangaken Julaeha minangka artis ingkang kulina wungu siang minangka bangsa ingkang wungunipun siang.

b. Fungsi Damel Ringkes Seratan saha Pocapan

Basa entar *metonimia* ugi saged dipunginakaken kangge damel ringkes seratan saha pocapan inggih menika ngandharaken satunggaling bab utawi pamanggih kanthi basa ingkang ringkes. Panganggit saged ngringkes panganggening tembung ananging maksud saha ancasipun basa ingkang badhe kaaturaken saged dipunadharaken kanthi gamblang (efektif). Ing ngandhap menika badhe dipunandharaken basa entar *metonimia* kanthi *fungsi* damel ringkes seratan saha pocapan ingkang kapanggihaken tumrap novel *Nona Sekretaris* anggitanipun Suparto Brata.

(33) “*Lan durung nganti tepungan limang menit wong loro wis salaman ping pindho. Julaeha marem atine.*”
(Data 4)

Ukara ing nginggil minangka pethikan cariyos ingkang kadadosan ing warung ijo antawispun Sirtu kaliyan Julaeha. Sirtu kaliyan Julaeha kepanggih pisanan ing warung ijo, nalika sesarengan sarapan ing warung mriku kekalihipun sami tepungan. Kekalihipun sami salaman mratandhani pitepengan.

Pethikan (33) ngemot basa entar *metonimia* inggih menika basa entar ingkang ngginakaken nama ciri utawi nama satunggaling bab ingkang dipungayutaken kaliyan priyantun, barang utawi satunggaling bab minangka gantosipun. Basa entar *metonimia* ing nginggil katiti saking ungkapan *wong loro*. Ungkapan kasebat nggantosaken nama paraga ingkang tepungan kanthi salaman ing warung ijo inggih menika nggantosaken nama Sirtu kaliyan Julaeha.

Wonten pethikan (33) ing nginggil basa entar *metonimia*, gadhah *fungsi* kangge damel ringkes seratan saha pocapan. Panganggit ngginakaken ungkapan

wong loro kangge damel ringkes seratan, saengga boten perlu dipunserat mawi jlentreh kanthi *Sirtu saha Julaeha*, ananging panganggit cekap nyerat kanthi *wong loro*. Panganggening ungkapan *wong loro* salebeting ukara ing nginggil sampun saged nedahaken priyantun kalih ingkang pitepangan ing warung ijo inggih menika *Sirtu kaliyan Julaeha*. Bab menika boten ngewahi makna ingkang badhe dipunandharaken dening panganggit kanthi basa ingkang langkung ringkes. Sawalikipun, nalika panganggit boten ngginakaken frasa *wong loro* seratan wonten ukara ing nginggil langkung panjang kados pethikan ing ngandhap menika.

*“Lan durung nganti tepungan limang menit **Sirtu lan Julaeha** wis salaman ping pindhho. Julaeha marem atine.”*

Pethikan ukara ing nginggil, dipunraosaken bilih seratan menika langkung panjang saha kirang efektif. Saengga wontenipun ungkapan *wong loro* wonten pethikan (33) ing nginggil ndadosaken panganggit langkung ngringkes panganggening tembung saha pocapan.

(34) *“Nyambutgawe sing migunani tumrape wong liya. Kuwi amanat kersane Allah nganakake aku ing **Ngarcapada**”*. (Data 39)

Ukara ing nginggil minangka pethikan cariyos ingkang kadadosan ing kamar kosipun *Sirtu*. Sabibaripun nguntabaken *Jualeha*, *Sirtu* wangsul ing kamaripun, nglamun kemutan sedaya priyantun ing kutha Sragen, ibunipun, Pambudi. *Sirtu* kemutan nalika ibunipun mrenggak nalika *Sirtu* badhe pindhah dhateng Jakarta. *Sirtu* gadhah alasan kiat kening menapa piyambakipun kedah pindah saking Sragen. *Sirtu* kepengin nyambutdamel, migunakaken kabisanipun.

Sirtu rumaos bilih nyambutdamel minangka usahanipun manungsa menika minangka amanat saking Allah ingkang paring gesang.

Pethikan (34) ngemot basa entar *metonimia*, katiti saking ungkapan *Ngarcapada*. Tembung *ngarcapada* dipunginakaken kangge nggantosaken ngalam donya. Panganggit ngginakaken tembung *ngarcapada* supados langkung ringkes ing seratan saha pocapan. *Ngarcapada* piyambak saestunipun gadhah teges jagading para dewa ing langit, ananging ngarcapada ing novel menika ugi dipunginakaken kangge ngandharaken papanipun manungsan minangka titahing Gusti Allah.

Basa entar salebeting ukara (34) ing nginggil gadhah *fungsi* kangge damel ringkes seratan saha pocapan. Panganggit ngginakaken ungkapan *Ngarcapada* kangge damel ringkes seratan, saengga boten perlu dipunserat mawi *ngalam donya* ananging panganggit cekap nyerat kanthi *Ngarcapada*. Bab menika ndadosaken menapa ingkang badhe dipunandharaken dening panganggit saged kaandharaken kanthi basa ingkang langkung ringkes. Sawalikipun, nalika panganggit boten ngginakaken ungkapan *Ngarcapada* seratan wonten ukara ing nginggil langkung panjang kados pethikan ing ngandhap menika.

“Nyambutgawe sing migunani tumrape wong liya. Kuwi amanat kersane Allah nganakake aku ing ngalam donya”.

Pethikan ukara ing nginggil, dipunraosaken seratan langkung panjang saha kirang efektif. Saengga wontenipun ungkapan *Ngarcapada* wonten pethikan (32) ing nginggil ndadosaken panganggit langkung hemat tembung saha ngringkes seratan.

5. *Sinekdoke*

Basa entar *sinekdoke* ugi dipunpanggihaken tumrap novel *Nona Sekretaris* anggitanipun Suparto Brata. Basa entar *sinekdoke* inggih menika jinising basa entar ingkang dipunginakaken kangge nyebutaken saperangan kangge sedayanipun (*sinekdoke pars pro toto*) saha kangge nyebutaken saperangan kangge sedayanipun (*sinekdoke totem pro parte*). Adhedhasar asiling panaliten, basa entar *sinekdoke* gadhah *fungsi* kangge damel endahing swanten, nggambangaken gambaran, saha nuwuhaken *kesan* saha kawontenan tartamtu. Ing ngandhap menika badhe dipunandharaken basa entar *sinekdoke* saha *fungsi* basa entar ingkang dipunginakaken ing novel *Nona Sekretaris* anggitanipun Suparto Brata.

a. *Fungsi* Damel Endahing Swanten

Basa entar *sinekdoke* ugi dipunginakaken kangge damel endahing swanten saha pocapan. Endahing swanten menika kadadosan awit wontenipun purwakanthi salebeting novel *Nona Sekretaris*. Ing ngandhap menika badhe dipunandharaken basa entar *sinekdoke* kanthi *fungsi* damel endahing swanten ingkang dipunpanggihaken ing novel *Nona Sekretaris* anggitanipun Suparto Brata.

(35) “*Dhisike digatekake omonge, suwe-suwe diematake lambene kang tipis, irunge kang ngrungik, alise kang njlirit, rambute kang ireng ketel. Nengsemake!*”
(Data 96)

Ukara ing nginggil minangka pethikan cariyos ingkang kadadosan ing salebeting kamar kerjanipun Ugra. Sirtu mlebet ing kamar kerjanipun Ugra, badhe ngandharaken bilih srawungipun kaliyan Bathara boten kados menapa ingkang

kapacak ing layang kabar. Sirtu sampun njlentrehaken kanthi panjang, ananging Ugra boten mangsuli, piyambakipun domblong, sengsem mirsani praenipun Sirtu ingkang ayu nengsemaken.

Pethikan (35) ngemot basa entar *sinekdoke pars pro toto*, katingal saking panganggening ungkapan *suwe-suwe diematake lambene kang tipis, irunge kang ngrungik, alise kang njlirit, rambute kang ireng ketel*. Ungkapan menika nyebutaken saperangan panyandra badan kangge nedahaken kaendahan blegeripun Sirtu ingkang nengsemaken tumrap Ugrasamsi.

Basa entar wonten pethikan (35) ing nginggil gadhah *fungsi* damel endahing swanten. Endahing swanten menika kadadosan awit wontenipun purwakanthi guru swara vokal [e] ing tembung *suwe, diematake, lambene, irunge, alise, saha rambute* ing pungkasaning tembung. Kajawi menika endahing swanten ugi kadadosan awit wontenipun purwakanthi lumaksita inggih menika *pengulangan* tembung *kang*. Wontenipun purwakanthi ing tetembungan ingkang dipunginakaken ing basa entar *sinekdoke* menika saged damel endahing swanten, amargi basa entar menika kadhapuk saking tetembungan apurwakanthi.

(36) “*La aku apa makelar omah?*”

“*Ah, embel, kowe iki! La kowe rak nyambutgawe srabutan kandhamu biyen. Sok golek nasabah asuransi, dadi agen golek artis, agen travel biro, ngedolake karcis pagelaran seni! Dadi makelar omah rak mathuk uga?*” (Data 55)

Ukara ing nginggil minangka pethikan cariyos ingkang kadadosan ing warung makan antawisipun Sirtu kaliyan Bathara. Sirtu cariyos bilih kanca kantoripun mbetahaken kontrakan griya, keleresan Sirtu dipunsuwuni tulung supados mbiyantu madosaken kontrakan. Sirtu nyuwun pamanggihipun Bathara

bab kontrakan griya kangge kanca kantoripun. Bathara nggleges, gantos pitaken dhateng Sirtu menapa blegripun kados meklar griya.

Pethikan (36) ngemot basa entar *sinekdoke pars pro toto*, katingal saking panganggening ungkapan *golek nasabah asuransi, dadi agen golek artis, agen travel biro, ngedolake karcis pagelaran seni*. Ungkapan kasebat nyebutaken saperangan kangge sedayanipun padamelanipun Bathara ingkang dipunlampahi saben dintenipun.

Basa entar *sinekdoke* wonten pethikan (36) ing nggil gadhah *fungsi* kangge damel endahing swanten. Endahing swanten menika kadadosan awit wontenipun purwakanthi lumaksita, inggih menika *pengulangan* tembung *golek saha agen*. Kajawi purwakanthi lumaksita, ukara ing nginggil ugi ngginakaken purwakanthi guru swara [i] sawingkingipun tembung *asuransi, dadi, saha seni*.

b. Fungsi Nggamblangaken Gambaran

Basa entar *sinekdoke* ugi dipunginakaken kangge nggamblangaken gambaran. *Fungsi* nggamblangaken gambaran ingkang dipungambaraken dening panganggit menika minangka satunggaling bab ingkang *lazim* utawi mungkin dipunpanggihaken ing gesang ingkang nyata. Ing ngandhap menika badhe dipunandharaken basa entar *sinekdoeke* kanthi *fungsi* nggamblangaken gambaran ingkang dipunginakaken ing novel *Nona Sekretaris* anggitanipun Suparto Brata.

(37) “Nyambutgawe anyaran pancen nyenengake. Akeh pengalaman anyar kang nengsemake. Dina kapisan wingi Sirtu wis gawe cingake *wong sakantor*.”
(Data 12)

Ukara ing nginggil minangka pethikan cariyos ingkang kadadosan ing kantor BPA. Nalika Sirtu nembe nyambutdamel ing dina sapisan menika Sirtu dipunuji dening bosipun supados ngetik layang. Dipunsengaja namung dipunutus ngetik layang ingkang ringkes-ringkes kemawon awit Baharudin minangka bos ing kantor mriku ragu kaliyan kaprigelanipun Sirtu, ketawis lare ndesa ingkang kaprigelanipun cekak. Ananging ingkang kadadosan nyebal sanget saking menapa ingkang dipunpenggalih dening Baharudin saha Atik, pegawe ingkang nampi rawuhipun Sirtu menika kaget, boten mbetahaken wekdal ingkang dangu layang dipunketik rampung dening Sirtu.

Pethikan (37) ngemot basa entar *sinekdoke totem pro parte*, katingal saking panganggening ungkapan *wong sakantor*. Ungkapan kasebat nyebutaken sedayanipun kangge saperangan pegawe kantor BPA. Panganggit nyebutaken priyantun satunggal kantor kangge nedahaken Atik saha Baharudin minangka pegawe saha pimpinan ing kantor BPA papan padamelanipun Sirtu. Ing dinten pisanan Sirtu nyambutdamel menika sampun damel cingak Atik saha Baharudin ingkang saderengipun tansah ragu kaliyan kaprigelanipun. Saengga panganggening ungkapan tiyang satunggal kantor minangka *sinekdoke totem pro parte*, pranyata ingkang dipundamel cingak namung Atik kaliyan Baharudin.

Basa entar *sinekdoke* wonten pethikan (37) ing nggil gadhah *fungsi* kangge nggamblangaken gambaran. Nggamblangaken gambaran menika katingal saking ungkapan *wong sakantor*. Ungkapan menika nggamblangaken bilih Atik saha Baharudin minangka pegawe saha pimpinan kantor BPA gumun, dipundamel cingak awit kaprigelanipun Sirtu ingkang saged ngetik kanthi cepet.

(38) “*Mripat pirang-pirang pasang rasane ngawasake Sirtu.*” (Data 94)

Ukara ing nginggil minangka pethikan cariyos ingkang kadadosan ing kantor BPA. Sirtu kapeksa mlebet ing kamar kerjanipun Ugra awit sampun dipunantu-antu ananging Ugra boten medal. Mlebetipun Sirtu ing kamar kerjanipun Ugra menika narik kawogatosanipun para pegawe sanes, damel gumun para pegawe ing kantor mriku, awit adatipun Sirtu namung blusak-blusuk mlebet ing kamar kerja Dhirekturipun.

Pethikan (38) ngemot basa entar *sinekdoke pars pro toto*, katingal saking panganggening ungkapan *mripat pirang-pirang pasang*. Ungkapan kasebat nyebutaken saperangan sariraning badan kangge nedahaken tiyang, inggih menika para pegawe ing kantor BPA. Panganggit nyebutaken priyantun inggih menika pegawe kantor BPA ingkang ngawasaken mlebetipun Sirtu ing kamarn kerjanipun Ugra kanthi salah satunggaling sariraning badan inggh menika soca. Pramila, ungkapan soca pinten-pinten pasang menika nedahaken para pegawe ing kantor BPA mriku ingkang gumun mrangguli Sirtu ingkang wantun ing kamar kerjanipun Ugra.

Basa entar *sinekdoke* wonten pethikan (38) ing nggil gadhah *fungsi* kangge nggamblangaken gambaran. Nggamblangaken gambaran menika katingal saking ungkapan *mripat pirang-pirang pasang*. Ungkapan menika nggamblangaken bilih manungsa, mliginipun para pegawe ing kantor BPA gadhah soca sepasang, panganggening ungkang soca mapinten-pinten pasang menika nedahaken kathah tiyang ingkang ngawasaken Sirtu. Saengga ungkapan soca mapinten-pinten

pasang menika nggablankaken tiyang, inggih menika para pegawe ing kantor BPA.

c. Fungsi Nuwuhaken Kesan saha Kawontenan Tartamtu

Basa entar *sinekdoke ugi* dipunginakaken kangge nuwuhaken *kesan* saha kawontenan tartamtu, tuladhanipun kawontenan ingkang rame, sepi, romantis, lsp. Fungsi nuwuhaken *kesan* saha kawontenan menika minangka caranipun panganggit damel supados pamaos kados-kados mrasuk ing suasana ingkang karipta dening panganggit. Supados langkung gamblang malih ngengingi *fungsi* nuwuhaken *kesan* saha kawontenan, ing ngandhap menika badhe dipunandharaken basa entar *sinekdoke* kanthi *fungsi* nuwuhaken *kesan* saha kawontenan ingkang dipunginakaken ing novel *Nona Sekretaris* anggitanipun Suparto Brata.

(39) “*Nalika Ugrasamsi pribadi muncul ing kantor, pegawe kono wiwit tukang sapu, pelayan, carakan, sopir, juru tulis, Iin, Danang, Barnawi, Atik, kabeh padha mapagake lan melu rubung-rubung salaman grapyak*”.
(Data 21)

Ukara ing nginggil minangka pethikan cariyos ingkang kadadosan ing kantor BPA nalika Ugrasamsi rawung. Sedaya pegawe kantor ndherek mangayubagya rawuhipun Ugra, sedaya pegawe katon sampun tepang kaliyan Ugra. Pegawe kantor sanesipun sami nyalami saha rubung-rubung rawuhipun Ugra ing kantor BPA. Suasananipun rame, sedaya pegawe sami kempal, gembrenggeng ndherek bingah.

Pethikan (39) ngemot basa entar *sinekdoke pars pro toto*, katingal saking panganggening ungkapan *pegawe kono wiwit tukang sapu, pelayan, carakan, sopir,*

juru tulis, Iin, Danang, Barnawi, Atik. Ungkapan kasebat nyebutaken saperangan kangge sedaya pegawe kantor BPA ingkang ngrubung rawuhipun Ugra.

Basa entar wonten pethikan (39) ing nginggil gadhah *fungsi* kangge nuwuhaken *kesan* saha kawontenan, inggih menika kawontenan ingkang rame ing kantor BPA. Nuwuhaken *kesan* saha kawontenan menika katingal saking ungkapan *pegawe kono wiwit tukang sapu, pelayan, carakan, sopir, juru tulis, Iin, Danang, Barnawi, Atik*, nedahaken kawontenan ingkang rame ing kantor Pentas Artis awit sedaya pegawe sami ngempal mapak saha ngrubung rawuhipun Ugra.

Adhedhasar saking pirembagan ing nginggil, pramila saged dipunpendhet dudutan bilih novel *Nona Sekretaris* anggitanipun Suparto Brata menika kathah ngginakaken jisinging basa entar ingkang *variatif*. Jinising basa entar ingkang dipupanggihaken ing novel *Nona Sekretaris* anggitanipun Suparto Brata menika wonten 5 jinis, inggih menika: *simile, metafora, personifikasi, metonimia*, saha *sinekdoke*. Panganggening jinis basa entar ingkang *variatif* menika ndadosaken novel langkung endah saha narik kawigatosan.

Basa entar ingkang dipunginakaken ing novel *Nona Sekretaris* menika gadhah *fungsi* kangge damel endahing swanten, *konkritisasi*, nggambangaken gambaran, nggesangaken gambaran saha obyek, nuwuhaken *kesan* saha kawontenan tartamtu, damel ringkes seratan saha pocapan, saha kangge nggambaraken raosing manah paraga. Antawisipun jinis basa entar kaliyan *fungsi* menika gadhah gegayutan ingkang raket sanget, saben satunggaling jinis basa entar menika wonten sambung rapetipun kaliyan fungsipun. Gegayutan ingkang raket antawisipun jinis kaliyan *fungsi* menika antawisipun, basa entar *simile* saha

metafora menika mliginipun dipunginakaken kangge nggambangaken gambaran, *personifikasi* mliginipun dipunginakaken kangge nggesangaken gambaran saha obyek, awit basa entar *personifikasi* menika minangka basa entar ingkang mirunggan kangge maringaken sipat *insani* ing satunggaling perkawis, pramila *fungsi* nggesangaken gambaran saha obyek menika namung wonten ing basa entar *personifikasi*, salajengipun basa entar *metonimia* gadhah *fungsi* kangge damel ringkes seratan, saha basa entar mliginipun kangge nggambangaken gambaran. Wondene *fungsi* damel endahing swanten, *konkritisasi*, nuwuhaken *kesan* saha kawontenan tartamtu, saha nggambaraken raosing manah paraga menika saged madeg ing sedayanipun jinis basa entar.

BAB V

PANUTUP

A. Dudutan

Adhedhasar asiling panaliten saha pirembagan ingkang sampun kaandharaken ing bab IV, pramila saged dipunpendhet dudutan kados ing ngandhap menika.

1. Wonten ing novel *Nona Sekretaris* anggitanipun Suparto Brata dipunpanggihaken 5 jinis panganggening basa entar. 5 jinis basa entar ingkang dipunpanggihaken ing novel *Nona Sekretaris* anggitanipun Suparto Brata inggih menika basa entar *simile*, *metafora*, *personifikasi*, *metonimia* saha *sinekdoke*. Wontenipun basa entar ing novel *Nona Sekretaris* menika nedahaken bilih panganggit gadhah kaprigelan ingkang mumpuni ngginakaken variasi-variasi panganggening *gaya bahasa* mliginipun basa entar. Panganggening basa entar ingkang variatif menika nambah kaendahing karya sastra. Kajawi menika, panganggening basa entar ingkang kathah jinisipun salebeting novel kasebat, nedahaken bilih basa entar gadhah *peranan* ingkang wigati kangge njurung karya anggitanipun Suparto Brata. Bab menika minangka upiya nyingkiri pangraos bosen pamaos saha damel karya sastra langkung endah saha narik kawigatosan.
2. Panganggening basa entar tumrap novel *Nona Sekretaris* anggitanipun Suparto Brata menika gadhah *fungsi* ingkang *variatif*. *Fungsi* kasebat ing antawisipun kangge damel endahing swanten, *konkritisasi*, nggambangaken

gambaran, nggesangaken gambaran saha obyek, nuwuhaken *kesan* saha kawontenan tartamtu, damel ringkes seratan saha pocapan, saha kangge nggambaraken raosing manah paraga. 7 jinis *fungsi* menika dipuntegesi adhedhasar konteks ing novel *NS* saha tetenger utawi tetembungan sanes minangka medianipun ingkang dipunginakaken panganggit. Gegayutanipun jinis kaliyan *fungsi* menika raket sanget. Panganggening saben satunggaling jinis basa entar, wonten sambung rapetipun kaliyan fungsipun. Gegayutan ingkang raket antawisipun jinis basa entar saha fungsipun, inggih menika basa entar *simile* mliginipun gadhah *fungsi* kangge nggamblangaken gambaran, *metafora* ugi gadhah *fungsi* ingkang kathah kangge nggamblangaken gambaran, *personifikasi* gadhah *fungsi* kangge nggesangaken gambaran saha obyek, *fungsi* menika namung wonten ing basa entar *personifikasi* awit basa entar menika dipunginakaken kangge maringaken sipat kamanungsan utawi nggambaraken satunggaling bab kados-kados gadhah sipat kados manungsa, *metonimia* gadhah *fungsi* kangge damel ringkes seratan saha pocapan, *sinekdoke* *fungsi* ingkang paling kathah dipunginakaken kangge nggamblangaken gambaran. Wondene *fungsi* damel endahing swanten, *konkritisasi*, nuwuhaken *kesan* saha kawontenan tartamtu saha nggambaraken raosing manah paraga menika saged madeg ing sedayanipun jinis basa entar.

B. Pamrayogi

Adhedhasar saking dudutan ingkang sampun kaandharaken, sarana kangge ngrembag perkawis-perkawis ingkang dereng dipuntliti ing novel *Nona Sekretaris* anggitanipun Suparto Brata, pramila panaliti badhe suka pamrayogi kados ing ngandhap menika.

1. Basa entar ing novel *Nona Sekretaris* anggitanipun Suparto Brata ing panaliten menika karembag kanthi madosi jinis saha *fungsi* basa entar ingkang dipunginakaken, saengga kaajab ing samangke wonten panaliten ingkang ngrembag basa entar ing novel *Nona Sekretaris* kanthi bab ingkang beda, umpaminipun kanthi madosi wujud saha makna basa entar.
2. Panaliten ngengingi basa entar menika inggih panaliten ingkang gayut kaliyan *karya sastra* mliginipun novel. Awit saking menika, kaajab wontenipun panaliten sanesipun ngengingi basa entar, boten namung winates ing novel kemawon ananging tumrap obyek sanesipun, kadosta: salebeting cerkak, cerbung, geguritan, tembang, saha *karya sastra* sanesipun.
3. Panaliten ingkang sampun dipunlampahaken menika namung mligi ngrembag panganggening basa entar ing novel *Nona Sekretaris*, saengga kaajab ing samangke wontena panaliten ingkang ngrembag novel *Nona Sekretaris* ing babagan sanesipun, kadosta *unsur intrinsik* saha *gaya bahasa* sanesipun supados *pemahaman* tumrap novel menika langkung gamblang.

C. Implikasi

Asiling panaliten menika nedahaken bilih wonten ing novel *Nona Sekretaris* anggitanipun Suparto Brata dipunpanggihaken basa entar ingkang cacahipun kaanggep kathah. Panaliten menika kaajab saged ngembeti cacahipun panaliten ing bidang linguistik ngengingi kajian *stilistika*, mliginipun ngengingi basa entar salebeting *karya sastra* ingkang awujud novel.

Tumrap mahasiswa Prodi Pendidikan Bahasa Jawa, Fakultas Bahasa dan Seni, Universitas Negeri Yogyakarta, asiling panaliten menika saged dipunginakaken minangka seserepan ngelmu linguistik, mliginipun ngengingi basa entar utawi *bahasa kiasan*. Tumrap pamaos, asiling panaliten menika saged dipunginakaken minangka seserepan menawi badhe nglampahi panaliten sanesipun ingkang gegayutan kaliyan bab *stilistika*, mliginipun ing bab basa entar utawi *bahasa kias* ing *karya sastra* ingkang awujud novel.

Dhaftar Pustaka

- Aminuddin. 1995. *Stilistika Pengantar Memahami Bahasa Dalam Karya Sastra*. Semarang: IKIP Semarang Press.
- Endraswara, Suwardi. 2003. *Metodologi Penelitian Sastra*. Yogyakarta: Pustaka Widyatama.
- Fananie, Zainuddin. 2000. *Telaah sastra*. Surakarta: Muhammadiyah University Press.
- Hadiwidjana, R.D. S. 1967. *Tata Sastra*. Djogjakarta: UP. Indonesia.
- Jatirahayu, Warih. 2010. *Manca Warna Kawruh Pepak Basa Jawa*. Yogyakarta: Pelangi.
- Jurusan Pendidikan Bahasa Daerah. 2012. *Suplemen Panduan Tugas Akhir Skripsi*. Yogyakarta: Fakultas Bahasa dan Seni. Universitas Negeri Yogyakarta.
- Keraf, Gorys. 2004. *Diksi Dan Gaya Bahasa*. Jakarta: PT Gramedia Pustaka Utama.
- Minderop, Albertine. 2005. *Metode Karakterisasi Telaah Fiksi*. Jakarta: Yayasan Obor Indonesia.
- Nurgiyantoro, Burhan. 2009. *Teori Pengkajian Fiksi*. Yogyakarta: Gadjah Mada University Press.
- Nurvitasari, Desi. 2012. *Penggunaan Bahasa Kias Dalam Novel Anteping Wanita Karya Any Asmara*. Skripsi. Program Studi Pendidikan Bahasa Jawa Jurusan Pendidikan Bhasa Daerah Fakultas Bahasa dan Seni Universitas Negeeri Yogyakarta.
- Padmosoekotjo,S. 1958. *Ngengrengan Kasusastran Djawa*. Yogyakarta: Hien Hoo Sing.
- _____. 1987. *Memetri Basa Jawi: Cap-capan Kaping II*. Surabaya: PT Citra Jaya Murti.
- Poerwadarminta, W.J.S. 1939. *Baoesastra Djawa*. Batavia: J.B. Wolters Uitgevers Maatschappij.

- Pradopo, Rachmat Djoko. 2007. *Pengkajian Fiksi*. Yogyakarta: Gadjah Mada University.
- Purwadi. 2009. *Teori Sastra Jawa*. Yogyakarta: Paradigma Indonesia.
- Ratna, Nyoman Kutha. 2009. *Stilistika Kajian Puitika Bahasa, Sastra, dan Budaya*. Yogyakarta: Pustaka Pelajar.
- Sayuti, Suminto A. 1985. *Puisi dan Pengajarannya: Sebuah Pengantar*. Semarang: IKIP Semarang Press.
- Sudaryanto. 1988. *Metode Linguistik (Bagian Pertama) Metode dan Teknik Aneka Pengumpulan Data*. Yogyakarta: Duta Wacana University Press.
- Sudjiman, Panuti. 1993. *Bunga Rampai Stilistika*. Jakarta: Pustaka Utama Grafiti.
- Tarigan, Henry Guntur. 1985. *Pengajaran Gaya Bahasa*. Bandung: Angkasa.
- Universitas Negeri Yogyakarta. 2011. *Pedoman Penulisan Tugas Akhir*. Yogyakarta: Universitas Negeri Yogyakarta.

LAMPIRAN

Tabel 2: Analisis Jinising Basa Entar saha Fungsi Basa Entar

Ing Novel Nona Sekretaris Anggitranipun Suparto Brata

No	Data	Jinising Basa Entar					Fungsi Basa Entar							Katrangan
		<i>Simile</i>	<i>Metafora</i>	<i>Personifikasi</i>	<i>Metonimia</i>	<i>Sinekdoke</i>	a	b	c	d	e	f	g	
1	2	3	4	5	6	7	8	9	10	11	12	13	14	15
1	“Bocah mau satemene praene lan tindak tanduke pancen isih mbocahi, mung dandanane kang niru-niru wong diwasa kaya gedhang karbitan , katone ora duwe niat ala.” (NS/2010/10)	✓							✓					<ul style="list-style-type: none"> • <i>Simile: kaya gedhang karbitan.</i> Nandhingaken paraga kaliyan pisang karbitan. • <i>Fungsi:</i> - Nggamblangaken gambaran. Nggamblangaken gambaran paraga ingkang dandanipun boten trep kaliyan umuripun kados pisang karbitan.
2	“Aku durung tau krungu jeneng kaya ngono. Kowe wong seko ngendi ta? Suwaramu alus ngono, kira-kira wong keturunan Menak , ya?” (NS/2010/11)					✓			✓					<ul style="list-style-type: none"> • <i>Sinekdoke pars pro toto: wong keturunan Menak.</i> Nyebutaken saperangan kangge sedayanipun, Sirtu dipunsebut keturunan Menak awit swantenipun alus, saengga Sirtu kangge nyebut tiyang keturunan Menak. • <i>Fungsi:</i> nggamblangaken gambaran. Nggamblangaken swantenipun Sirtu

Tabel salajengipun

1	2	3	4	5	6	7	8	9	10	11	12	13	14	15
														ingkang alus kados dene priyantun keturunan Menak.
3	<p>“Tembung-tembunge mbrodhol kaya mimis mortir ing medan perang Libanon, sing kala samana lagi campuh rame antarane milisi Kristen nglawan Hisbullah.” (NS/2010/11)</p>	✓					✓	✓			✓			<p>• Simile: kaya mimis mortir ing medan perang Libanon. Nandhingaken tetembungan kaliyan mimis mortir ing papan peperang.</p> <p>• Fungsi: - damel endahing swanten. Wotenipun purwakanthi guru sastra [m] sangajengipun tembung <i>mimis, mortir saha medan</i>. - <i>konkritisasi</i>. Damel konkret tetembungan kados mimis mortir. - nuwuhaken <i>kesan</i> saha kawontenan. Nuwuhaken <i>kesan</i> saha kawontenan ingkang rame kados ing papan peperangan.</p>
4	<p>“Lan durung nganti tepungan limang menit wong loro wis salaman ping pindho. <i>Julaeha marem atine.</i>” (NS/2010/12)</p>				✓							✓		<p>• Metonimia: wong loro. Nggantosaken nama paraga Sirtu saha Julaeha.</p> <p>• Fungsi: damel ringkes seratan saha pocapan. Damel ringkes seratan saha pocapan kangge nggamblangaken Sirtu kaliyan Julaeha ingkang tepangan kanthi</p>

Tabel salajengipun

1	2	3	4	5	6	7	8	9	10	11	12	13	14	15
														ungkapan <i>wong loro</i> .
5	<i>Sirtu wis mesthekake yen Julaeha mesthi wis pinter golek dhuwit, ndulu nyandhang lan macake thor-thoran kaya mengkono. “Dodol swara. Nyanyi. Suwaraku apik, ili getihku lan tratap jantungku kebak wirama.” (NS/2010/12)</i>		✓						✓					<ul style="list-style-type: none"> • Metafora: <i>Dodol swara.</i> Damel sami pakaryan nyanyi kaliyan sade swanten. • Fungsi: nggamblangaken gambaran. Nggamblangaken gambaran pakaryan nyanyi kangge ngasilaken arta menika sami kaliyan tiyang nyade jasanipun, pramila dipunwastani dodol swara.
6	<i>“Anu, grupku dikanggokaken pagelaran Normasari, jare Amos aku kudu teka menyang Pentas Artis ing Harmoni kana, “Omonge Julaeha kaya manuk thilang ngoceh ing wayah esuk.” (NS/2010/13)</i>	✓					✓		✓		✓			<ul style="list-style-type: none"> • Simile: <i>kaya manuk thilang ngoceh ing wayah esuk.</i> Nandhingaken Julaehaque ingkang wicantenipun kados manuk thilang ngoceh ing wanci enjing. • Fungsi: - Damel endahing swanten. Wontenipun purwakanthi guru swara vokal [U] sawingkingipun tembung <i>manuk saha esuk</i>, saha purwakanthi guru swara nasal [ŋ] sawingkingipun tembung <i>thilang saha ing</i>. - Nggamblangaken gambaran Nggamblangaken gambaran gambaran Julaehaque ingkang swantenipun kados manuk thilang ngoceh ing wanci enjing.

Tabel salajengipun

1	2	3	4	5	6	7	8	9	10	11	12	13	14	15
														- Nuwuhaken <i>kesan</i> saha kawontenan. Nuwuhaken kawontenan ingkang rame awit wicantenipun Julaeha kados manuk thilang ngoceh ing wanci enjing.
7	“Jakarta prasasat kaya kwali kebak <i>cendhol</i> .” (NS/2010/14)	✓									✓			<ul style="list-style-type: none"> • <i>Simile: kaya kwali kebak cendhol.</i> nandhingaken Jakarta kaliyan kwali kebak cendhol. • <i>Fungsi:</i> <ul style="list-style-type: none"> - Nuwuhaken <i>kesan</i> saha kawontenan. Nuwuhaken kawontenan ramenipun Jakarta kados kwali ingkang kebak cendhol.
8	“Ing ngarep kantor ana <i>Hiace</i> biru anyar, ditunggoni wong lanang klambi biru laut.” (NS/2010/14)				✓				✓					<ul style="list-style-type: none"> • <i>Metonimia: Hiace.</i> Nggantosaken nama kendaraan. • <i>Fungsi:</i> nggamblangaken gambaran. Nggamblangaken gambaran bilih ing ngajeng kantor menika wonten satunggaling kendaraan, mobil jinis <i>Hiace</i> warni biru.
9	“Nani, sing lungguh ngadhepi meja nomer sewelas, wonge ya ayu. Rasane <i>Jakarta</i> iki akeh wong ayu, lan kabeh padha cekel gawe”. (NS/2010/18)					✓			✓					<ul style="list-style-type: none"> • <i>Sinekdoke totem pro parte: Jakarta.</i> Nyebutaken sedayanipun kangge saperangan, <i>Jakarta</i> menika kangge nyebut pegawe kantor Pentas Artis ing Jakarta.

Tabel salajengipun

1	2	3	4	5	6	7	8	9	10	11	12	13	14	15
														<ul style="list-style-type: none"> • <i>Fungsi</i>: nggamblangaken gambaran. Nggamblangaken gambaran bilih para pegawe ing kantor Pentas Artis menika ayu-ayu.
10	<p>“<i>Heh, heh, ayo Tik, saiki etungen pajek kang bakal dibayar yen kene nganggo Senayan</i>”. (NS/2010/23)</p>					✓			✓					<ul style="list-style-type: none"> • <i>Sinekdoke Totem Pro Parte: Senayan</i>. Nyebutaken sedayanipun kangge saperangan, Senayan menika wiyar sanget, kamangka papan ingkang badhe dipunsewa menika namung salah satunggaling papan ingkang maton ing dhaerah Senayan mriku. • <i>Fungsi</i>: nggamblangaken gambaran. Nggamblangaken salah satunggaling papan pagelaran ingkang mapan ing sawenenhing dhaerah Senayan.
11	<p>“<i>Kepeksa aku numpak bis kota maneh menyang dhaerah Cempaka Putih</i>.” (NS/2010/27)</p>				✓				✓			✓		<ul style="list-style-type: none"> • <i>Metonimia: bis kota</i>. Nggantosaken nama jinising kendaraan umum. • <i>Fungsi</i>: <ul style="list-style-type: none"> - damel ringkes seratan. Panganggening frasa bis kota langkung ringkes kangge nedahaken jinis kendaraan umum. - Nggamblangaken gambaran kendaraan umum.

Tabel salajengipun

1	2	3	4	5	6	7	8	9	10	11	12	13	14	15
12	“Nyambutgawe anyaran pancen nyenengake. Akeh pengalaman anyar kang nengsemake. Dina kapisan wingi Sirtu wis gawe cingake wong sakantor. ” (NS/2010/29)					✓			✓					<ul style="list-style-type: none"> • <i>Sinekdoke Totem Pro Parte: wong sakantor.</i> Nyebutaken sedayanipun kangge saperangan pegawe kantor inggih menika Baharudin kaliyan Atik. • <i>Fungsi:</i> nggamblangaken gambaran. Nggamblangaken gambaran pegawe Biro Pentas Artis inggih menika Baharudin saha Atik ingkang gumun mangertosi kaprigelanipun Sirtu ingkang mumpuni.
13	“Kaya apa ta ya rupane wong mau, kanca-kancane kabeh kok ngelem lan ngajeni banget? Mesthine dadi anak mase Baharudin.” (NS/2010/30)		✓									✓		<ul style="list-style-type: none"> • <i>Metafora: anak mase.</i> Damel sami pegawe ingkang dipunremeni, <i>kesayangan</i> kaliyan mas, barang ingkang aji. • <i>Fungsi:</i> damel ringkes seratan. Panganggening frasa <i>anak mas</i> langkung ringkes katandhingaken kaliyan <i>pegawe sing ditresnani.</i>
14	“Dina kuwi jeneng Ugrasamsi ngumandhang ing kantor pentas Artis. Sirtu dicritani Atik, jare Ugra wonge simpatik, awake lencir, rambute lurus, lan sikepe sopan. ” (NS/2010/31)					✓			✓					<ul style="list-style-type: none"> • <i>Sinekdoke Pars Pro Toto: jare Ugra wonge simpatik, awake lencir, rambute lurus, lan sikepe sopan.</i> Nyebutaken saperangan sikep kangge pribadinipun Ugra. • <i>Fungsi:</i> nggamblangaken gambaran. Nggamblangaken gambaran pribadinipun Ugra.

Tabel salajengipun

1	2	3	4	5	6	7	8	9	10	11	12	13	14	15
15	“Ugrasamsi dadi kembang lambe . Luwih maneh Baharudin, anggone ngumukake kaprigelane Ugra ora entek-entek.” (NS/2010/31)		✓									✓		<ul style="list-style-type: none"> • Metafora: <i>kembang lambe</i>. Nandhingaken Ugra kaliyan kembang, bab ingkang narik kawigatosan. • Fungsi: damel ringkes seratan saha pocapan. Kembang lambe tegesipun, narik kawigatosan, bahan cecaturan tiyang kathah, pramila panganggening tembung <i>kembang lambe</i> langkung ringkes katandhingaken <i>bahan cecaturane priyantun akeh</i>.
16	“La yen ngono gunemmu, aku ya bakal nulak usul-usulmu! Raine bahar abang kaya ulese raine wayang Raja Mandura nesu .” (NS/2010/32)	✓											✓	<ul style="list-style-type: none"> • Simile: <i>kaya ulese raine wayang Raja Mandura nesu</i>. Nandhingaken pangraosing manah nesu kados abriting ulesipun Raja Mandura nalika nesu. • Fungsi: nggambaraken raosing manah paraga. Nggambaraken raosing manah paraga ingkang nesu kados ulesipun wayang Raja Mandura nalika nesu.
17	“Lan tenan. Awane Sirtu ditelpun wong kuwi. Logat batak cetha.” (NS/2010/34)				✓							✓		<ul style="list-style-type: none"> • Metonimia: <i>Logat batak</i>. Nggantosaken nama paraga ingkang ngginakaken logat Batak. • Fungsi: damel ringkes seratan saha pocapan. Panganggening <i>Logat Batak</i> langkung

Tabel salajengipun

1	2	3	4	5	6	7	8	9	10	11	12	13	14	15
														ringkes katandhingaken <i>micarane kang nganggo basa daerah Batak.</i>
18	“Lo, aku rak sing pesen sate!” “Alah, suk wae yen rejekimu mrenthel , aku traktiren.” (NS/2010/36)		✓						✓					<ul style="list-style-type: none"> • Metafora: rejekimu mrenthel. Damel sami rejeki ingkang kathah kados rambut ingkang mrenthel. • Fungsi: nggamblangaken gambaran. Nggamblangaken gambaran arta utawi rejeki ingkang kathah kados rambut ingkang mrenthel, ingkang ngemu makna kathah utawi mrenthel.
19	“Lan kowe ngerti apa sing nyagaki uripku?! Dodol swara! Suwaraku apik ”. (NS/2010/37)		✓					✓						<ul style="list-style-type: none"> • Metafora: nyagaki uripku. Damel sami pakaryan nyanyi kaliyan gesang kados benda nyata ingkang saged dipunginakaken minangka cagak. • Fungsi: konkritisasi. Damel <i>konkret</i> pakaryan nyanyi saged dipunginakaken kangge nyagaki gesang. Ing mriki gesang kados bab ingkang nyata saengga saged dipuncagaki. Pakaryan nyanyi minangka bab <i>abstrak</i> minangka cagak gesangipun.
20	“Nanging krungu omonge iki mau, genah yen dheweke jero segarane . Kuwi mung bisa kumucap yen anggone nglakoni urip pancen kanthi lara lapa lan dhuwur graitane. Sirtu bisa nampa		✓					✓					✓	<ul style="list-style-type: none"> • Metafora: jero segarane. Damel sami sipatipun paraga ingkang tansah paring pangapura kaliyan jeronipun seganten.

Tabel salajengipun

1	2	3	4	5	6	7	8	9	10	11	12	13	14	15
	<i>tuture kancane mau kanthi jembare ati, lan ngajeni.” (NS/2010/38)</i>													<ul style="list-style-type: none"> • <i>Fungsi</i> : <i>konkritisasi</i>, damel konkret watak ingkang tansah paring pangapura saha boten sugwtan kados seganten ing jero. • <i>Metafora: jembare ati</i>. Damel sami legawaning manah paraga kaliyan ati ingkang jembar. • <i>Fungsi</i>: nggambaraken raosing manah paraga. Mireng panuturipun Julaeha, Sirtu boten kraos sakit manahipun, wondene piyambakipun nampi tuturanipun Julaeha kanthi legawaning manah tegesipun seneng saha ngajeni sanget dhateng kancanipun.
21	<i>“Nalika Ugrasamsi pribadi muncul ing kantor, pegawe kono wiwit tukang sapu, pelayan, carakan, sopir, juru tulis, Iin, Danang, Barnawi, Atik, kabeh padha mapagake lan melu rubung-rubung salaman grapyak”. (NS/2010/39)</i>					✓					✓			<ul style="list-style-type: none"> • <i>Sinekdoke Pars Pro Toto: tukang sapu, pelayan, carakan, sopir, juru tulis, Iin, Danang, Barnawi, Atik</i>. Nyebutaken saperangan pegawe kangge ngandharaken sedaya pegawe ing kantor Pentas Artis. • <i>Fungsi</i>: Nuwuhaken <i>kesan</i> saha kawontenan. Nuwuhaken <i>kesan</i> saha kawontenan ingkang rame awit para pegawe ingkang ndherek rubung-rubung mangayubagya

Tabel salajengipun

1	2	3	4	5	6	7	8	9	10	11	12	13	14	15
														rawuhipun Ugra.
22	“Gembrenggeng, kabeh polatane padhang , atine rena, ora ana siji-sijia kang katon suntrut utawa ngambek, meri utawa drengki.” (NS/2010/39)		✓										✓	<ul style="list-style-type: none"> • Metafora: <i>polatane padhang</i>. Damel sami raosing manah paraga ingkang seneng kaliyan polatan ingkang padhang. • Fungsi: nggambaraken raosing manah paraga. Nggambaraken raosing manah paraga ingkang bingah.
23	“Kantor iki kandhangmu sing kok tresnani. Sing wis kokdadekake panggonan kang kepenak, kok tata kaya karepmu manut rasa pangrasamu!” (NS/2010/39-40)		✓						✓					<ul style="list-style-type: none"> • Metafora: <i>kandhangmu</i>. Damel sami kantor kaliyan kandhang. • Fungsi: nggamblangaken gambaran. Nggamblangaken gambaran kantor minangka papan ingkang nyaman dening para pegawenipun, kados kandhang minangka papan kangge wangsul ingkang gadhah kandhang kalawau.
24	“Nanging ora arep melu magita-gita ya repot, wong sing lagi teka kekuwatane narik kawigaten kaya wesi sembrani dene kanca-kancane dadi dom sakothak .” (NS/2010/40)	✓					✓	✓						<ul style="list-style-type: none"> • Simile: <i>kaya wesi sembrani</i>. Ngentaraken parag ingkang narik kawigatosan kados wesi sembrani. • Fungsi: - damel endahing swanten. Wontenipun purwakanthi guru swara vokal [i] sawingkingipun tembung <i>wesi saha sembrani</i>.

Tabel salajengipun

1	2	3	4	5	6	7	8	9	10	11	12	13	14	15
														- <i>Konkritisasi</i> . Damel <i>konkret</i> kekiatan narik kawigatosan Ugra kados kekiatanipun wesi sembrani ingkang saged narik dom.
25	“Ora eling priye kawitane, mara-mara tangane wis digegem Ugra. Sirtu saya angglong atine. Ndhredheg kabeh kaya wong pasa ngenteni dhenge bedhug buka! ” (NS/2010/41)	✓					✓		✓					<ul style="list-style-type: none"> • <i>Simile: kaya wong pasa ngenteni dhenge bedhug buka.</i> Ngentaraken Sirtu ingkang dhredheg kados priyantun siam ingkang nengga wanci buka. • <i>Fungsi:</i> <ul style="list-style-type: none"> - damel endahing swanten. Wontenipun purwakanthi guru swara [ɔ] ing wingking tembung <i>pasa saha buka</i>. - Nggamblangaken gambaran. Nggamblangaken gambaran Sirtu ingkang ndhredheg badanipun kados tiyang nembe siam.
26	“Lan Ugra kepeksa jejer Karman sing nyopiri mobile, merga ing bak mburi dienggo wong wadon-wadon ”. (NS/2010/41)				✓				✓					<ul style="list-style-type: none"> • <i>Metonimia: wong wadon-wadon.</i> Nggantosaken nama paraga. • <i>Fungsi:</i> <ul style="list-style-type: none"> - Nggamblangaken gambaran. Nggamblangaken gambaran bilih ing bak wingking mobil menika wonten priyantun wadon-wadon inggih menika Atik kaliyan Sirtu.

Tabel salajengipun

1	2	3	4	5	6	7	8	9	10	11	12	13	14	15
27	“Embuh, pikirane kok mblayang ngothak-athik Lilis, sekretaris kang jabatane saiki dienggoni dheweke”. (NS/2010/42)			✓						✓				<ul style="list-style-type: none"> • Personifikasi: pikirane kok mblayang ngothak-athik. Ngentaraken pikiran kados manungsa ingkang saged ngothak-athik. • Fungsi: konkritisasi. Menginsankan pikiran ingkang seolah-olah saged nglampahaken tumindak kados manungsa inggih menika ngothak-athik.
28	“Lan yen kowe kepengin digemprong, bengi-bengi kok maradhayoh menyang nggonku! Iki mau satemene ya mung lamis-lamis lambe! ” ujure Sirtu nglucu. (NS/2010/44)		✓						✓					<ul style="list-style-type: none"> • Metafora: lamis-lamis lambe. Adamel sami wicantenipun Sirtu kaliyan lamis-lamis lambe. • Fungsi: nggambaraken gambaran. Nggambaraken gambaran wicantenipun Sirtu ingkang ngemu teges boten saenstunipun, boten kados ingkang dipungendikakaken, ananging namung lamis-lamis lambe.
29	“Bathara wis nyetarter sepedhah montore kang wis kawak, terus nggeblas nruthus lurung Tambak mangidul. ” (NS/2010/45)			✓						✓				<ul style="list-style-type: none"> • Personifikasi: nggeblas nruthus lurung Tambak mangidul. Ngentaraken montor kados manungsa ingkang saged nggeblas nruthus. • Fungsi: nggesangaken gambaran saha obyek. Nggesangaken gambaran saha obyek inggih menika montor ingkang saged nggeblas nruthus kados manungsa.

Tabel salajengipun

1	2	3	4	5	6	7	8	9	10	11	12	13	14	15
30	“Sarana padhange lampu, isine kamar katon cetha. Ana lemarine siji, tempat tidhur nganggo klambu, lan meja tulis karo kursi makan loro.” (NS/2010/45)					✓			✓					<ul style="list-style-type: none"> • <i>Sinekdoke pars pro toto: Ana lemarine siji, tempat tidhur nganggo klambu, lan meja tulis karo kursi makan loro.</i> Nyebutaken saperangan kangge sedayanipun isining kamar Sirtu. • <i>Fungsi: nggamblangaken gambaran.</i> Nggamblangaken gambaran isi kamaripun Sirtu ingkang prasaja.
31	“Nanging dinane iki, sakjane Normasari Show wis klebu donya kang mungkur. ” (NS/2010/47)		✓						✓					<ul style="list-style-type: none"> • <i>Metafora: donya kang mungkur.</i> Nandhingaken pagelaran Normasari Show ingkang sampun ketinggalan jaman kaentaraken kanthi donya kang mungkur. • <i>Fungsi: nggamblangaken gambaran.</i> Nggamblangaken gambaran bilih Normasari Show sampun kalebet Donya ingkang mungkur tegesipun pagelaran ingkang sampun ketinggalan jaman, boten trep kaliyan jaman samenika.
32	“Jare pak Bahar, sekretarise kuwi nggugu karepe dhewe, atine keras, rewel ”. (NS/2010/48)		✓					✓						<ul style="list-style-type: none"> • <i>Metafora: atine keras.</i> Nandhingaken watak paraga ingkang ngugemi kekarepanipun piyambak, rewel kaliyan keras ati. • <i>Fungsi: konkritisasi.</i> Damel konkret manah kados barang ingkang atos, tuladhanipun selo (watu), pramila angel dipuneluk kekajenganipun.

Tabel salajengipun

1	2	3	4	5	6	7	8	9	10	11	12	13	14	15
33	“Beja ya, kowe! Sanajan tekamu ing Jakarta durung ganep seminggu, wis oleh penggawean kang mapan. Lan duwe lancur . Jakarta ora sepi maneh kanggomu!” (NS/2010/48)				✓				✓			✓		<ul style="list-style-type: none"> • Metonimia: lancur. Nggantosaken nama jejulukan kangge priya mudha. • Fungsi: - Nggamblangaken gambaran. Nggamblangaken gambaran priya ingkang dipuntresnani utawi pepancangan kados lancur, ingkang teges sajatosipun kangge ayam jaler ingkang taksih mudha. - Damel ringkes seratan saha pocapan. Damel ringkes seratan <i>priya muda sing nresnani</i> utawi pepancangan kaliyan panganggening tembung <i>lancur</i>.
34	“Hm, lowung lo, nduwe Bathara ngono! Kena dienggo anget-anget ati kang atis!” (NS/2010/48)		✓										✓	<ul style="list-style-type: none"> • Metafora: anget-anget ati. Nandhingaken Bathara kados satunggaling bab ingkang saged damel ati anget. • Fungsi: nggambaraken raosing manah paraga. Nggambaraken raosing manah paraga ingkang sedhih awit nasibipun Julaeha beda kaliyan Sirtu ingkang sampun gadhah Bathara kangge andum katresnan saha damel renaning penggalih.

Tabel salajengipun

1	2	3	4	5	6	7	8	9	10	11	12	13	14	15
35	<p>“Ah, ya ora, ta! Kuwi mung saking prasakanmu! Ora-ora, yen wong lanang sing normal kuwi sifate ngedohi wong wadon! Mengko mesthi ana wektumu ditresnani wong lanang, Jul! Wong umurmu lagi saumure jagung.....!” (NS/2010/49)</p>		✓						✓					<ul style="list-style-type: none"> • Metafora: saumure jagung. Nandhingaken umur paraga kaliyan umuripun jagung. • Fungsi: nggamblangaken gambaran. Nggamblangaken gambaran umuripun Juliaha ingkang taksih enem kados umuripun jagung. Umuripun jagung menika kirang langkung 80 dinten.
36	<p>“Suk kowe kawin umur pira Sirtu” “Aku durung mikir nganti samono!” “Nanging rak wis tau sir-siran ta? Wis ana sing nganti ngambung kowe?” “Sirtu mbrabak abang raine, keru krungu tembung-tembunge Juliaha kang ceplos-ceplos saru.” (NS/2010/49)</p>		✓										✓	<ul style="list-style-type: none"> • Metafora: abang raine. Nandhingaken paraga ingkang gregeten kaliyan ules abrit. • Fungsi: nggambaraken raosing manah paraga. Nggambaraken raosing manah Sirtu ingkang lingsem saha gregeten kaliyan Juliaha.
37	<p>“Priye-priye Juliaha apik marang dheweke, grapyak, lan Sirtu yakin tenan, perjuwangan uripe atos lan galak! Kuwi perlu diajeni!” (NS/2010/50)</p>		✓					✓					✓	<ul style="list-style-type: none"> • Metafora: uripe atos. Nandhingaken gesang ingkang sisah kaliyan gesang ingkang atos. • Fungsi: <ul style="list-style-type: none"> - <i>konkritisasi.</i> Damel <i>konkret</i> gesang kados sela ingkang atos. - Nggambaraken raosing manah paraga. Ngandharaken raosing manah paraga ingkang prihatos saha welas mangertosi

Tabel salajengipun

1	2	3	4	5	6	7	8	9	10	11	12	13	14	15
														kasisahan kancanipun.
38	<p>“Kutha Sragen mrasuk ing angen-angen. Kutha cilik ing tengahe pulo Jawa. Adoh pesisir lor, adoh pesisir kidul, ngetane lan ngulone saya luwih adoh banget maneh nglanjake pesisir, lan lete ngetan lan ngulon ya meh padha.” (NS/2010/51)</p>			✓									✓	<ul style="list-style-type: none"> • Personifikasi: Kutha Sragen mrasuk ing angen-angen. Menginsankan kutha Sragen saged mlebet ing angen-angenipun Sirtu. • Fungsi: nggambaraken raosing manah paraga. Nggambaraken raos manah paraga ingkang sedih, amargi kangen kaliyan kutha asalipun, Sragen.
39	<p>“Nyambutgawe sing migunani tumrape wong liya. Kuwi amanat kersane Allah nganakake aku ing Ngarcapada”. (NS/2010/51)</p>				✓								✓	<ul style="list-style-type: none"> • Metonimia: Ngarcapada. Nggantosaken nama kangge nyebataken ngalam donya. • Fungsi: damel ringkes seratan saha pocapan. Panganggening tembung <i>ngarcapada</i> langkung ringkes katandhingaken kaliyan ngalam donya.
40	<p>“Umuk-umukan kaya ngono kuwi sing marai Sirtu tumus rasa ora seneng, lan kaya disabet-sabetake awake, kaya jaran dhokar disabeti kusire supaya endang-endang.” (NS/2010/52)</p>	✓					✓		✓				✓	<ul style="list-style-type: none"> • Simile: kaya disabet-sabetake awake, kaya jaran dhokar disabeti kusire. Ngentaraken Sirtu enggal nyingkir kados jaran dhokar disabeti kusiripun. • Fungsi: - damel endahing swanten. Wontenipun purwakanthi guru swara vokal [e] sawingkingipun tembung <i>sabetake</i>,

Tabel salajengipun

1	2	3	4	5	6	7	8	9	10	11	12	13	14	15
														<p><i>awake, saha kusire.</i></p> <p>- Nggamblangaken gambaran. Nggamblangaken gambaran Sirtu ingkang ngedoh saking Pambudi ing Sragen kados jaran dokar disabeti kusiripun.</p> <p>- Nggambaraken raosing manah paraga. Nggambaraken raosing manah paraga ingkang boten remen saengga enggal-enggal nyingkiri.</p>
41	<p>“Dadi pegawe negeri kuwi kok gampang timen oleh wektu prei! Kuwi diumukake dening Pambudi, nyambutgawe kepenak, bejane gedhe, gampang munggah pangkat lan blanjane saben taun mundhak! Angger pinter setor rai ngomong marang panggedhene. Apa-apa dadi gampang. Kudu kerep ngetok.” (NS/2010/53)</p>		✓									✓		<ul style="list-style-type: none"> • Metafora: setor rai. Damel sami kerep ngetok kaliyan setor rai. • Fungsi : damel ringkes seratan saha pocapan. Panganggening frasa <i>setor rai</i> langkung ringkes katandhingaken kaliyan panganggening frasa <i>kerep ngetok kanggo golek perhatian.</i>
42	<p>“Lo, kok wis wungu, Pak?” “Wo, ora tangi! Wong durung turu, kok! Ilham lagek cemanthel ing mesin tik, dadi eman merem!” (NS/2010/54)</p>			✓				✓						<ul style="list-style-type: none"> • Personifikasi: <i>Ilham lagek cemanthel ing mesin tik.</i> <i>Menginsankan</i> ilham ingkang saged cemanthel ing mesin tik. • Fungsi: konkritisasi. Damel <i>konkret</i> ilham kados barang ingkang saged dipuncantheaken ing

Tabel salajengipun

1	2	3	4	5	6	7	8	9	10	11	12	13	14	15
														mesin tik.
43	“Lan Jakarta dudu Sragen. Sirtu kudu ngowahi watake kang mbetengi dhiri kaya Dewi Sinta nalika ditinggal Lesmana nguber kidang mas!” (NS/2010/56)	✓					✓		✓					<ul style="list-style-type: none"> • Simile: kaya Dewi Sinta nalika ditinggal Lesmana nguber kidang mas. Nandhingaken Sirtu ingkang njagi jarak kaliyan priya kados Dewi Sinta nalika dipuntilar Lesmana nguber kidang mas. • Fungsi: <ul style="list-style-type: none"> - damel endahing swanten. Wontenipun purwakanthi guru swara vokal [ɔ] ing tembung <i>Sinta, nalika, saha Lesmana.</i> - Nggamblangaken gambaran. Nggamblangaken gambaran watakipun Sirtu ingkang njagi jarak kaliyan priya.
44	“Dadi nganti oleh penggawean ing Biro Pentas Artis, sesenggolan kulit karo wong lanang apa maneh sesenggolan ati, isih tangeh! ” (NS/2010/59)		✓										✓	<ul style="list-style-type: none"> • Metafora: sesenggolan ati. Gadhah raos katresnan kaliyan lawan jenis katandhingaken kaliyan senggolan ati. • Fungsi: nggambaraken raosing manah paraga. Nggambaraken raos manah paraga ingkang sedih awit dereng nate seneng, gadhah raos katresnan dhateng lawan jenis.
45	“Wong kantor padha seneng weruh Sirtu mlebu mondhong kembang seger. Kembang pancen nduweni sulak ”		✓				✓							<ul style="list-style-type: none"> • Metafora: sulak sumringah. Sekar kantandhingaken kaliyan raos bingah, sumringah.

Tabel salajengipun

1	2	3	4	5	6	7	8	9	10	11	12	13	14	15
	<i>sumringah ngrenggani kantor kono.” (NS/2010/59)</i>													<ul style="list-style-type: none"> •<i>Fungsi:</i> damel endahing swanten. Wontenipun purwakanthi lumaksita [su] ing tembung <i>sulak sumringah</i>.
46	<i>“Kaya apa ta ya bleger lan rupane Normasari? Citra pribadine kok nganti bisa nggogrokake ati lanang kang saben dinane asikep teges kuwi?” (NS/2010/60)</i>		✓					✓						<ul style="list-style-type: none"> •<i>Metafora: nggogrokake ati.</i> Damel sami priyantun ingkang nembè nandang katresnan kaliyan gogrok manahipun. •<i>Fungsi: konkritisasi.</i> Damel <i>konkret</i> ati ingkang saged gogrok kados taneman saha barang. Nggambaraken raosing manah paraga. Ngandharaken raos manah paraga ingkang gumun, penasaran pengen menangi kados menapa Normasari saengga damel sengsem para priya, kadosta bosipun.
47	<i>“Dedege pideksa. Sorot mripate mranani kaya ngajak memitran marang saben uwong sing srawung karo dheweke”. (NS/2010/60)</i>	✓						✓						<ul style="list-style-type: none"> •<i>Simile: kaya ngajak memitran.</i> Ngentaraken sorot mripat ingkang saged ngajak memitran. •<i>Fungsi: konkritisasi.</i> Damel <i>konkret</i> sorot mripat kados saged ngajak kekancan, tegesipun kapribadenipun Ugra ingkang sae nuduhaken kaliyan sinten kemawon.

Tabel salajengipun

1	2	3	4	5	6	7	8	9	10	11	12	13	14	15
48	“Wah! Kantormu kok apik sakiki!” ujare wong mau marang sadhengah karyawan kang cedhak. Suwarane empuk mirenani”. (NS/2010/61)		✓					✓						<ul style="list-style-type: none"> • Metafora: Suwarane empuk. Damel sami swanten kados roti ingkang empuk, sekeca dipundahar. • Fungsi: konkritisasi. Damel <i>konkret</i> swanten kados roti ingkang empuk, tegesipun swanten ingkang sekeca dipunmirengaken.
49	“Mulane kowe ora tau ngendhangiku gladhen, la wong ana panorama kang ngresepake pandulu . Sapa jenengmu, cah ayu?” “dhayoh kuwi kambi ngulurake tangane marang Sirtu.” (NS/2010/62)		✓								✓			<ul style="list-style-type: none"> • Metafora: panorama kang ngresepake pandulu. Nandhingaken Sirtu kaliyan panorama ingkang ngresepaken pandulu. • Fungsi: nuwuhaken <i>kesan</i> saha kawontenan tartamtu. Sirtu ingkang ulesipun ayu, damel remen sinten kemawon ingkang nyawang. Ayunipun Sirtu kados panorama ingkang ngresepakaken pandulu. Ulesipun Sirtu ingkang ayu nuwuhaken <i>kesan</i> saha kawontenan ingkang ngresepaken.
50	“Ugra! Apa kowe ora duwe wawasan seniwati ing dhaerah kang ora bisa mekar terus mlayu menyang Ibu Kota arep mburu kariere? Kabisane kurang- kurang sithik ora papa, mengko dilanyahake ing kene. Adate wong anyar sregep sinau! Kowe biasane		✓						✓					<ul style="list-style-type: none"> • Metafora: mekar. Seniwati kaentaraken kaliyan sekar ingkang mekar. • Fungsi: nggamblangaken gambaran. Nggamblangaken gambaran bilih seniwati kados kembang ingkang saged mekar, mekar tegesipun misuwur.

Tabel salajengipun

1	2	3	4	5	6	7	8	9	10	11	12	13	14	15
	<i>sugih kenalan cah ayu-ayu!</i> (NS/2010/65)													<ul style="list-style-type: none"> •Metafora: <i>sugih kenalan.</i> Damel sami priyantun ingkang kathah kenalan kalihan sugih kenalan. •Fungsi: nggamblangaken gambaran. Nggamblangaken gambaran priyantun ingkang kathah kenalan menika kaentaraken minangka sugih kenalan.
51	<i>“Baharudin uga anyel marang andhahane, Ugra lan Danang, olehe miskin kenalan seniwati! Pencereng-pencereng, mripate nabrak Sirtu.”</i> (NS/2010/66)			✓						✓				<ul style="list-style-type: none"> •Personifikasi: <i>mripate nabrak Sirtu.</i> <i>Menginsankan</i> soca saged tumindak kados manungsa ingkang saged nabrak. •Fungsi: nggesangaken gambaran saha obyek. Nggesangaken sorot socanipun Baharudin ingkang mirsani Sirtu kados-kados saged nabrak, mratingkah kados manungsa.
52	<i>“Dadi Ugra mung sekalihan karo Kuntum. Wong loro iki iya mlaku renteng-renteng kaya sarimbit nyabrang ruwang kantoran.”</i> (NS/2010/68)	✓					✓		✓					<ul style="list-style-type: none"> •Simile: <i>kaya sarimbit nyabrang ruwang kantoran.</i> Nandhingaken Ugra kaliyan Kuntum ingkang mlampah renteng-renteng kaliyan sarimbit nyabrang. •Fungsi: - damel endahing swanten. Wontenipun purwakanthi guru swara vokal [a] ing tembung <i>sarimbit</i>,

Tabel salajengipun

1	2	3	4	5	6	7	8	9	10	11	12	13	14	15
														<p><i>nyabrang</i>, saha purwakanthi guru swara nasal [ŋ] sawingkingipun tembung <i>nyabrang</i> saha <i>ruwang</i>.</p> <p>- Nggamblangaken gambaran. Nggamblangaken gambaran paraga Ugra kalihan Kuntum ingkang mlampah renteng-renteng.</p>
53	“ <i>Dhin! Dhin! Kuwi kodhe bel Yamahane Bathara</i> ” (NS/2010/72)				✓				✓					<ul style="list-style-type: none"> • Metonimia: <i>Yamahane</i>. Nggantosaken nama jinising kendaraan. • Fungsi: nggamblangaken gambaran. Nggamblangaken gambaran jinis motor ingkang dipunginakaken paraga.
54	“ <i>Rekasa mayokake, wong Normasari kuwi wis klebu angkatan tuwa. Sakiki bintang-bintang cilik kaya Dhian Mayasari, Ida Sanjaya, Nuning Fanani, padha mlethek kaya srengenge bangun esuk.</i> ” (NS/2010/73)	✓	✓				✓		✓					<ul style="list-style-type: none"> • Metafora: <i>bintang-bintang cilik</i>. Nandhingaken artis ingkang taksih alit kaliyan bintang. • Fungsi: nggamblangaken gambaran. Nggamblangaken artis-artis enggal ingkang taksih alit kados bintang ingkang gadhah sinar terang. • Simile: <i>kaya srengenge bangun esuk</i>. Nandhingaken artis-artis enggal kaliyan srengenge ingkang nembe njedhul. • Fungsi: damel endahing swanten. Wontenipun purwakanthi guru swara [U] ing tembung <i>bangun</i> saha <i>esuk</i>.

Tabel salajengipun

1	2	3	4	5	6	7	8	9	10	11	12	13	14	15
														Purwakanthi guru swara vokal [e] sawingkingipun tembung <i>srengenge</i> saha ing ngajeng tembung <i>esuk</i> .
55	<p>“La aku apa makelar omah?” “Ah, embel, kowe iki! La kowe rak nyambutgawe srabutan kandhamu biyen. Sok golek nasabah asuransi, dadi agen golek artis, agen travel biro, ngedolake karcis pagelaran seni! Dadi makelar omah rak mathuk uga?” (NS/2010/74)</p>					✓	✓							<ul style="list-style-type: none"> • <i>Sinekdoke Pars Pro Toto: golek nasabah asuransi, dadi agen golek artis, agen travel biro, ngedolake karcis pagelaran seni.</i> Nyebutaken saperangan kangge sedayanipun padamelanipun Ugra. • <i>Fungsi:</i> Damel endahing swanten. Wontenipun purwakanthi lumaksita inggih menika <i>pengulangan</i> tembung <i>golek</i> saha <i>agen</i>, kajawi menika wonten purwakanthi guru swara [i] sawingkingipun tembung <i>asuransi, dadi, saha seni.</i>
56	<p>“Omah mau pancen ora ana sing nunggu. Lan Sirtu kepeksa percaya yen Bathara manggon kono ijen, marga saenggon-enggon mung ana barang-barange wong lanang: clana, sepatu, tegesan rokok.” (NS/2010/76)</p>					✓			✓					<ul style="list-style-type: none"> • <i>Sinekdoke Pars Pro Toto: clana, sepatu, tegesan rokok.</i> Nedahaken saperangan kangge sedayanipun. • <i>Fungsi:</i> nggamblangaken gambaran. Nggamblangaken gambaran barang-barang ingkang wonten ing griyanipun Ugra ingkang nedahaken bilih Ugra saestu mapan ing mriku piyambakan

Tabel salajengipun

1	2	3	4	5	6	7	8	9	10	11	12	13	14	15
														kemawon.
57	“ <i>Aku ya jengkel! Duwe kanca siji digondhol Batak nganggo Yamaha butut! Huh!</i> ” (NS/2010/81)				✓				✓					<ul style="list-style-type: none"> • Metonimia: <i>Yamaha butut.</i> Nggantosaken nama kendaraan ingkang dipunginakaken Bathara. • Fungsi: nggamblangaken gambaran. Nggamblangaken gambaran jinising motor ingkang dipunginakaken dening Bathara ingkang sampun kawak, lawas.
58	“ <i>Sajake lintangku wis arep abyor! Ngreti apa kang dakalami sore mau, Sirtu? Sore mau, esuke durung! Oh, beja tenan aku! Aku wis ngira aku bakal beja, dadi sripanggung, lan kondhang!</i> ” (NS/2010/81)		✓										✓	<ul style="list-style-type: none"> • Metafora: <i>lintangku wis arep abyor.</i> Ngentaraken begja untungipun paraga kaliyan lintang, bab ingkang endah, nengsemaken. • Fungsi: - Nggambaraken raosing manah paraga. Nggambaraken raosing manah paraga ingkang seneng, awit nampi kabegjanan kados-kados nasibipun menika kados lintang ingkang abyor.
59	“ <i>Kowe ora kepenging ngreti kabegjan apa kang nyandhung nasibku sore iki mau?</i> ” (NS/2010/81)			✓				✓						<ul style="list-style-type: none"> • Personifikasi: <i>kabegjan apa kang nyandhung.</i> Menginsankan kabegjan kados manungsa ingkang saged nyandhung. • Fungsi: konkritisasi. Damel <i>konkret</i> kabegjan minangka baba abstrak ananging kados saged tumindak utawi saged nindakaken tumindak kados

Tabel salajengipun

1	2	3	4	5	6	7	8	9	10	11	12	13	14	15
														manungsa inggih menika nyandhung.
60	“Dak lampu bengi-bengi ndhodhog lawangmu saking mbedhedhege atiku , kepingin nyuntak marang kowe”. (NS/2010/82)		✓										✓	<ul style="list-style-type: none"> • Metafora: mbedhedhege atiku. Mbedhedheg ati katandhingaken kaliyan raos manah paraga ingkang seneng. • Fungsi: nggambaraken raosing manah paraga. Nggambaraken raosing manah paraga ingkang seneng.
61	“Sasore iki mau Kuntum sing ayu, sing awake nggitar , ngajari langkah-langkah sing kudu dakjogedake!” (NS/2010/83)		✓						✓					<ul style="list-style-type: none"> • Metafora: awake nggitar. Damel sami badanipun Kuntum ingkang ideal kaliyan gitar. • Fungsi: nggamblangaken gambaran. Nggamblangaken gambaran badanipun Kuntum ingkang <i>ideal</i> kados gitar.
62	“Baharudin Jarum ngidini karyawane nontoni omah. Malah nawakake Mercedese , ben disopiri Ugra dhewe.” (NS/2010/86)				✓				✓					<ul style="list-style-type: none"> • Metonimia: Mercedese. Nggantosaken nama merk mobil. • Fungsi: nggamblangaken gambaran. Nggamblangaken gambaran merk mobil.
63	“Ugra ngesok dhredhah atine bakal rumangsa urip tenan yen wis bisa manggon omah dhewe ngono. Ora muspra nyambutgawe kekintrang kaya kitiran. ” (NS/2010/86)	✓						✓						<ul style="list-style-type: none"> • Simile: kaya kitiran. Nandhingaken nyambutdamel tanpa leren kados kitiran. • Fungsi: konkritisasi. Damel konkret nyambutdamel ingkang tanpa leren kados kitiran ingkang munyer tanpa leren.

Tabel salajengipun

1	2	3	4	5	6	7	8	9	10	11	12	13	14	15
64	“Suwara kaset gamelan Sundha sing dirungokake ing tratag pinggir kolam restoran mau nguculi bebandane urip kang nindhahi ati.” (NS/2010/86)			✓				✓						<ul style="list-style-type: none"> • Personifikasi: nguculi bebandane. Menginsankan swanten kaset saged nindakaken pakaryan nguculi bebanda kados manungsa. • Fungsi: konkritisasi. Damel konkret swanten kaset kados-kados saged nindakaken pakaryan kados manungsa ingkang saged nguculi bebanda.
65	“Dadi nyambutgawe ing Biro Pentas Artis iki mung kok anggo tambel butuh, nyambung umur? ” (NS/2010/87)		✓					✓						<ul style="list-style-type: none"> • Metafora: nyambung umur. Damel sami yuswa kados tali ingkang saged disambung. • Fungsi: konkritisasi. Damel konkret yuswa menika kados tali, benang ingkang saged dipunsambung.
66	“Aku pengen ngadeg dhewe , ora gumantung menyang liyan nanging marang karyaku lan bejaku.” (NS/2010/87)		✓						✓					<ul style="list-style-type: none"> • Metafora: ngadeg dhewe. Damel sami sikap mandiri kaliyan ngadeg piyambak. • Fungsi: nggamblangaken gambaran. Nggamblangaken <i>kemandirian</i> kados priyantun ingkang saged madeg piyambak.
67	“Iya, nanging pikranku ora ngedab-edabi kaya Pak Bahar. Bapak kita iki duwe nalar kang landhep , mripat ati		✓					✓						<ul style="list-style-type: none"> • Metafora: nalar kang landhep. Damel sami pamanggih (pemikiran) kaliyan lading ingkang landhep.

Tabel salajengipun

1	2	3	4	5	6	7	8	9	10	11	12	13	14	15
	<i>kang awas!” (NS/2010/87)</i>													<ul style="list-style-type: none"> • <i>Fungsi: konkritisasi.</i> Damel konkret nalar kados lading ingkang landhep, tegesipun lantip (cerdas).
68	<i>“Angen-angenku arep dadi pengarang durung ngrembaka ngebaki dhadha”.</i> <i>(NS/2010/90)</i>			✓				✓						<ul style="list-style-type: none"> • <i>Personifikasi: Angen-angenku arep dadi pengarang durung ngrembaka.</i> Damel sami angen-angen kaliyan taneman ingkang ngrembaka. • <i>Fungsi: konkritisasi.</i> Damel konkret angen-angen kados tetuwuhan ingkang saged ngrembaka.
69	<i>“Lo, wacanen dhisik, kowe setuju apa ora kok kaya wong wuta aksara wae!”</i> <i>(NS/2010/90)</i>	✓					✓		✓					<ul style="list-style-type: none"> • <i>Simile: kaya wong wuta aksara.</i> Nandhingaken Bathara kaliyan priyantun ingkang wuta aksara. • <i>Fungsi:</i> - damel endahing swanten. Wontenipun purwakanthi guru swara vokal [ɔ] ing tembung <i>kaya, wuta, saha aksara.</i> - Nggamblangaken gambaran. Nggamblangaken gambaran tiyang ingkang boten saged maos sinebat wuta aksara.

Tabel salajengipun

1	2	3	4	5	6	7	8	9	10	11	12	13	14	15
70	“Iya sakiki kebeneran sing dadi cucuk laku Sirtu. La yen liwat makelar biyasa kang adate srakah lan mentalan anggone golek komisi, Bathara rak bakal digorok tenan!” (NS/2010/91)		✓				✓		✓					<ul style="list-style-type: none"> • Metafora: cucuk laku. Ngetaraken Sirtu minangka pathokan lelampahan kados cucukipun kewan. • Fungsi: - damel endahing swanten. Wontenipun purwakanthi guru swara vokal [u] sawingkingipun tembung <i>cucuk saha laku</i>. - Nggamblangaken gambaran. Nggamblangaken gambaran Sirtu ingkang mangertos saha dados pathokan lampahipun Bathara ngengingi bab layang perjanjen kontrakan griyanipun.
71	“Arep maju wae kudu dandan dhisik nyang salon! Donya lawas , donya ndesa kudu ditinggal. Sirtu arep maju. Kepengin njajal, dadi wanita metropolitan! ” (NS/2010/92)		✓		✓				✓			✓		<ul style="list-style-type: none"> • Metafora: Donya lawas. Damel sami tatacara pagesangan ingkang sampun ketinggalan jaman kaliyan donya lawas. • Fungsi: damel ringkes seratan saha pocapan. Panganggening frasa <i>donya lawas</i> langkung ringkes katandhingaken kaliyan tatacara pagesangan ingkang ketinggalan jaman. • Metonimia: wanita metropolitan. Nggantosaken nama paraga Sirtu.

Tabel salajengipun

1	2	3	4	5	6	7	8	9	10	11	12	13	14	15
														<ul style="list-style-type: none"> • <i>Fungsi:</i> nggamblangaken gambaran. Nggamblangaken gambaran wanita ingkang gesang ing kutha metropolitan.
72	<p>“Nyawang kowe ki rasane donya dadi padhang lan ngresepake”. (NS/2010/93)</p>		✓										✓	<ul style="list-style-type: none"> • <i>Metafora: donya dadi padhang.</i> Damel sami paraga kaliyan ngalam donya. • <i>Fungsi:</i> nggambaraken raosing manah paraga. Nggambaraken raosing manah paraga ingkang ayem, seneng.
73	<p>“We, la, klakon kebablasen, kebukak wadi simpenan atine!” (NS/2010/93)</p>		✓										✓	<ul style="list-style-type: none"> • <i>Metafora: kebukak wadi simpenan atine.</i> Damel sami wewadi kaliyan simpenan ati. • <i>Fungsi:</i> damel ringkes seratan saha pocapan. Panganggening <i>ungkapan</i> ing nginggil langkung ringkes katandhingaken kaliyan panganggening tetembungan <i>boten sengaja nuduhaken rahasia ingkang dipunsimpen.</i>
74	<p>“Kowe ki ayu alami kok Sirtu. Sanajan anggonmu dandan prasaja, rai ora ditopengi bahan kosmetik, nanging tampilanmu ngeram-erami”. (NS/2010/93)</p>		✓						✓					<ul style="list-style-type: none"> • <i>Metafora: ditopengi bahan kosmetik.</i> Nandhingaken kosmetik kaliyan topeng. • <i>Fungsi:</i> nggamblangaken gambaran. Nggamblangaken gambaran dandanipun Sirtu ingkang prasaja,

Tabel salajengipun

1	2	3	4	5	6	7	8	9	10	11	12	13	14	15
														tanpa topeng bahan kosmetik.
75	<p>“Mongsok ora ana sing ngapeli? La Batak Yamahamu apa ora nyoba ngrayu kowe ngajak mangan bareng?!”</p> <p>Omonge landhep kaya ngono kuwi sakiki wis ora rinasa gatel tumrap Sirtu.” (NS/2010/95)</p>		✓					✓						<ul style="list-style-type: none"> •Metafora: Omonge landhep. Damel sami wicanten kaliyan lading utawi barang ingkang landhep saged ngiris. •Fungsi: konkritisasi. Damel konkret wicanten ingkang damel mangkel kados lading, landhep saged ngiris.
76	<p>“Dicritani menyang ngendi anggone lumban asmara ngono wae aku wis seneng kok!” (NS/2010/96)</p>		✓										✓	<ul style="list-style-type: none"> •Metafora: lumban asmara. Damel sami priyantun ingkang nembe andum katresnan kaliyan lumban asmara. •Fungsi: nggambaraken raosing manah paraga. Nggambaraken raosing manah seneng, gumbira mrangguli kancanipun sampun manggihaken katresnan ingkang sampun dangu dipunantu-antu.
77	<p>“Nanging aja kejeglong jirete wong lanang hidung belang! Rak mengkono pituturmu marang aku biyen kae? Pituturmu thukul subur ing atiku, apa subur uga ing atimu?” (NS/2010/96)</p>			✓			✓	✓						<ul style="list-style-type: none"> •Personifikasi: Pituturmu thukul subur ing atiku, apa subur uga ing atimu. Menginsankan pitutur kados tanaman ingkang thukul saha saged ngrembaka. •Fungsi: - damel endahing swanten. Wontenipun purwakanthi guru swara vokal [u] ing wingking suku kata pertama tembung <i>thukul, subur, ing</i> ngajeng

Tabel salajengipun

1	2	3	4	5	6	7	8	9	10	11	12	13	14	15
														<p>tembung <i>uga</i> saha sawingkingipun tembung <i>atiku</i>, <i>atimu</i>. Purwakanthi guru swara [U] sawingkingipun tembung <i>thukul</i> saha <i>subur</i>. Purwakanthi lumaksita inggih menika tembung <i>subur</i>.</p> <p>- <i>Konkritisasi</i> Damel <i>konkret</i> pitutur kados taneman. Pitutur ingkang dipunugemi dening paraga saha dipunemut-emut ing manahipun kados-kados saged thukul subur kadosdene taneman.</p>
78	“Mbokmenawa biyen kae Sirtu pancen isih prawan kencur ”. (NS/2010/98)		✓						✓					<ul style="list-style-type: none"> • <i>Metafora: prawan kencur.</i> Nandhingaken prawan Sirtu kaliyan kencur. • <i>Fungsi:</i> nggamblangaken gambaran. Nggamblangaken gambaran Sirtu taksih prawan, ingkang kaentaraken kados kencur. jinising empon-empon ingkang alit-alit gadhah ganda ingkang sedhep wangi. Sirtu nalika nglanjak diwasa menika kados kencur, tegesipun taksih prawan alit.
79	“Sirtu kelingan Drs. Pambudi kang ya wis tumindak mengkonono nang njerone gedhong bioskop Garuda nalika lampu anyak mati”. (NS/2010/99)					✓			✓					<ul style="list-style-type: none"> • <i>Sinekdoke Totem Pro Parte: gedhong bioskop Garuda.</i> Nyebutaken sedayanipun gedhong bioskop Garuda kangge saperangan sudhut. • <i>Fungsi:</i> nggamblangaken gambaran. Nggamblangaken gambaran bilih Sirtu saha

Tabel salajengipun

1	2	3	4	5	6	7	8	9	10	11	12	13	14	15
														Drs.Pambudi namung mapan wonten ing sawenehing sudhut ing gedhong bioskop Garuda. Mbokmenawi wonten ing pojok wetan, ngajeng layar, lsp.
80	<i>“Wonge kemruyuk kaya ing pasar esuk, uyel-uyelan kaya cendhol ing pengaron dhawet.” (NS/2010/104)</i>	✓							✓		✓			<ul style="list-style-type: none"> • <i>Simile: kaya ing pasar esuk.</i> Nandhingaken priyantun ingkang kemruyuk kados suasana pasar enjing. • <i>Fungsi:</i> - nuwuhaken kesan saha kawontenan. Nuwuhaken kawontenan ingkang rame awit tiyang ingkang kathah sanget, kemruyuk kados kawontenan ing pasar peken enjing. - Nggamblangaken gambaran. Nggamblangaken gambaran kawontenan lantai dhangsah ing <i>nite club</i> kados kawontenan ing peken enjing. • <i>Simile: kaya cendhol ing pengaron dhawet.</i> Nandhingaken jejel riyelipun priyantun kaliyan cendhol ing pengaron dhawet. • <i>Fungsi:</i> nuwuhaken kesan saha kawontenan. Nuwuhaken kawontenan ingkang rame, awit tiyang-tiyang sami uyel-uyelan kados cendhol ing pengaron dhawet.

Tabel salajengipun

1	2	3	4	5	6	7	8	9	10	11	12	13	14	15
81	“Bengi iki awakku lan polahku kebuntel ing samudana , aja kok anggep temenan!” (NS/2010/108)		✓										✓	<ul style="list-style-type: none"> • Metafora: <i>kebuntel ing samudana</i>. Nandhingaken tumindak kanthi peksan kaliyan <i>kebuntel ing samudana</i>. • Fungsi: nggambaraken raosing manah. Nggambaraken raosing manah paraga ingkang duka, awit rumaos diapusi.
82	“Mengko yen wis mari sayahmu, nusula aku neng restoran pinggir lurung gedhe kana, ya! Gemlegere swarane Ugra ing ngarep lawang. Gemlegere kaya watu antep nibani sirahe ”. (NS/2010/113)	✓						✓				✓		<ul style="list-style-type: none"> • Simile: <i>kaya watu antep nibani sirahe</i>. Nandhingaken swanten Ugra kaliyan gemblegeripun watu tiba. • Fungsi: - <i>konkritisasi</i>. Damel <i>konkret</i> swanten ingkan sora kaliyan gemblegeripun watu tiba. - Nuwuhaken kesan saha kawontenan. Nuwuhaken kesan saha kawontenan ingkang gadhuh, rame awit swantenipun Ugra.
83	“Sirtu rumangsa dadi Kleting Abang tilase Yuyu Kangkang! (NS/2010/115)		✓				✓						✓	<ul style="list-style-type: none"> • Metafora: <i>Kleting Abang tilase Yuyu Kangkang</i>. Damel sami Sirtu kados Kleting Abang. • Fungsi: - damel endahing swanten. Wontenipun purwakanthi guru swara nasal [ŋ] sawingkingipun tembung <i>kleting, abang, saha yuyu kangkang</i>.

Tabel salajengipun

1	2	3	4	5	6	7	8	9	10	11	12	13	14	15
84	“Aku sing golek dhuwit. Aku sing nyambutgawe. Yen Pak Bahar ora wani mbayar aku larang, aku bisa nyambutgawe ing prusahakan multi nasional,” ujure Sirtu ethes, kaya yak-yaka anggone arep ndhepani anggone urip jejodhoan karo Ugra ing Jakarta, aja ing Sragen.” (NS/2010/117)		✓					✓						<ul style="list-style-type: none"> •Metafora: ndhepani anggone urip. Damel sami pagesangan kaliyan benang ingkang saged dipundhepani. •Fungsi: konkritisasi. Damel konkret gesangaipun manungsa kados benang ingkang saged dipunukur ngangge dhepa.
85	“Sirtu dhewe iya isin. Isin! Menyang Jakarta jare arep nyambutgawe, sangune kapinteran ngetik, steno lan Basa Inggris, durung sesasi neng Jakarta jebul sing ditemu bojo! Sing payu ayune lan wedoke! Wong wedok macem apa kaya ngono kuwi? Isin nyawang sorote srengenge sing madhangi dhirine. ” (NS/2010/119)			✓			✓						✓	<ul style="list-style-type: none"> •Personifikasi: Isin nyawang sorote srengenge sing madhangi dhirine. Menginsankan sorot srengenge saged nindhakaken tumindak kados manungsa inggih menika ngisin-isin. •Fungsi: - damel endahing swanten. Wontenipun purwakanthi guru swara [e] ing tembung <i>sorote, srengenge, dhirine.</i> -Nggambarkan raosing manah paraga. Nggambaraken pangraos manahipun Sirtu ingkang lingsem.
86	“Heh, Sirtu! Ora kliru ta pangrungonku? Kowe nampik dadi mantune Parada Nainggolan?! Nulak dadi mantune wong sugih brewu sing nguwasani kabeh microlet sing ngglindhing ing Jakarta wetan?”				✓							✓		<ul style="list-style-type: none"> •Metonimia: microlet. Nggantosaken nama jinising angkutan umum. •Fungsi: damel ringkes seratan saha pocapan. Panganggening tembung <i>microlet</i> langkung

Tabel salajengipun

1	2	3	4	5	6	7	8	9	10	11	12	13	14	15
	(NS/2010/120)													ringkes katandhingaken kaliyan <i>angkutan umum</i> .
87	“Atik mesthine ora maca koran esuk Caraka. Pepujine Sirtu ndremimil ing batin, muga-muga wong sakantor ora ana sing maca Caraka ”. (NS/2010/122)				✓				✓					<ul style="list-style-type: none"> •Metonimia: Caraka. Nggantosaken nama satunggaling koran. •Fungsi: nggamblangaken gambaran. Nggamblangaken gambaran salah satunggaling koran ing Jakarta.
88	“Ah, aja kaya ngono kowe, Sirtu! Wong begja ora kaya kowe dina iki!” pocapane Danang. “Iya! Iya! Iya, Sirtu! Profisiat!” liya-liyane banjur padha pating brengok saur manuk.” (NS/2010/123)		✓								✓			<ul style="list-style-type: none"> •Metafora: saur manuk. Damel sami pating berongok swanten manungsa kados swantenipun peksi ingkang saut-sautan. •Fungsi: Nuwuhaken kesan saha kawontenan. Membangkitkan kesan saha kawontenan ingkang rame awit kanca-kancanipun Sirtu ingkang pating brengok saut-sautan maringi selamat dening Sirtu.
89	“Ora! Tenan, kok! Layangkar kuwi goroh! aku ora tunangan karo Bathara!” (NS/2010/124)			✓						✓				<ul style="list-style-type: none"> •Personifikasi: Layangkar kuwi goroh. Menginsankan layangkar kados manungsa ingkang saged apus-apus utawi ngapusi. •Fungsi: nggesangaken gambaran saha obyek. Nggesangaken obyek layangkar ingkang saged tumindak kados manungsa inggih menika ngapusi priyantun sanes.

Tabel salajengipun

1	2	3	4	5	6	7	8	9	10	11	12	13	14	15
90	“Ugra mesthi ngira yen Sirtu pinter banget slinthuthan dhedhemenan! Pinter ngrai loro! ” (NS/2010/124)		✓									✓		<ul style="list-style-type: none"> •Metafora: ngrai loro. Ngentaraken tiyang pinter sandiwara, umpet-umpetan dhedhemenan kados kagungan pasuryan kalih. •Fungsi: damel ringkes seratan sah pocapan. Panganggening frasa <i>ngrai loro</i> langkung ringkes katandhingaken kaliyan <i>sandiwara neng ngarepe wong liya</i>.
91	“Malem minggu bandrek asmara kambi Bathara, minggune saawan among tresna karo Ugra! Kok bisa nglakoni kaya ngono! Oh, oh, blaik tenan! Raine kaya dicecenges! Pribadine dadi kucem tanpa aji tumrap Ugra!” (NS/2010/124)	✓											✓	<ul style="list-style-type: none"> •Simile: kaya dicecenges. Nandhingaken raos lingsem kados dicecenges. •Fungsi: nggambaraken raosing manah paraga. Nggambaraken raosing manah paraga ingkang lingsem dhateng Ugra, ajrih menawi Ugra menika gadhah pamanggih awon dhateng pribadinipun Sirtu.
92	“Sirtu ambruk, ora duwe daya! Atine kaya dijuwing-juwing! ” (NS/2010/124)	✓											✓	<ul style="list-style-type: none"> •Simile: kaya dijuwing-juwing. Nandhingaken manahipun paraga ingkang sedhik kados dijuwing-juwing. •Fungsi: nggambaraken raosing manah paraga. Nggambaraken raosing manah paraga ingkang nandang sisah, sedhik, kados-kados manahipun dipunjuwing-juwing.

Tabel salajengipun

1	2	3	4	5	6	7	8	9	10	11	12	13	14	15
93	“Kepengin nerangake marang Ugra apa maknane kadadean mau esuk. Oh, ora marem rasane yen ora ngomong marang Ugra dhewe! Nanging saben-saben nglirik kamare Ugra, Sirtu mungkret atine. ” (NS/2010/127)		✓					✓					✓	<ul style="list-style-type: none"> • Metafora: <i>mungkret atine.</i> Damel sami ati utawi manah kados krupuk ingkang saged mungkret, mengkeret. • Fungsi: - <i>konkritisasi.</i> Damel <i>konkret</i> manah kados kerupuk ingkang sampun dipungoreng bilih kanginan saged mungkret. - Nggambaraken raosing manah paraga. Nggambaraken raosing manah paraga ingkang ajrih nalika badhe mlebet ruwangan kerjanipun Ugra.
94	“Wong sakantor ngreti sekretaris tansah iwut nyambutgawe dadi tangan tengene Dhirektur, lan ora ana wektu kanggo kluyuran utawa omong-omong karo kanca-kancane.” (NS/2010/127)		✓						✓					<ul style="list-style-type: none"> • Metafora: <i>tangan tengene.</i> Nandhingaken asta tengen kaliyan pegawe ingkang dipunpitados dening Dhirekturipun. • Fungsi: damel ringkes seratan. Panganggening ungkapan <i>tangan tengen</i> langkung ringkes katandhingaken kaliyan pegawe sing tugase ngladeni keperluan Dhirektur. Asta sisih tengen gadhah makna bab-bab ingkang sae, katindakaken ngginakaken asta sisih tengen.
95	“ Mripat pirang-pirang pasang rasane ngawasake Sirtu.” (NS/2010/128)					✓			✓					<ul style="list-style-type: none"> • Sinekdoke Pars Pro Toto: <i>Mripat pirang-pirang pasang.</i> Nyebutaken soca kangge nedahaken

Tabel salajengipun

1	2	3	4	5	6	7	8	9	10	11	12	13	14	15
														<p>priyantun ingkang wonten ing kantor Pentas Artis.</p> <ul style="list-style-type: none"> • <i>Fungsi</i>: nggambangaken gambaran. Nggambangaken gambaran para pegawe ingkang ngawasaken Sirtu salebeting kantor Pentas Artis.
96	<p>“Dhisike digatekake omonge, suwe-suwe diematake lambene kang tipis, irunge kang ngrungik, alise kang njlirit, rambute kang ireng ketel. Nengsemake!” (NS/2010/130)</p>					✓	✓							<ul style="list-style-type: none"> • <i>Sinekdoke Pars Pro Toto</i>: <i>suwe-suwe diematake lambene kang tipis, irunge kang ngrungik, alise kang njlirit, rambute kang ireng ketel.</i> <p>Nyebutaken saperangan panyandra badan kangge nedahaken blegeripun Sirtu.</p> <ul style="list-style-type: none"> • <i>Fungsi</i>: - Damel endahing swanten. Wontenipun purwakanthi guru swara vokal [e] ing tembung <i>suwe, diematake, lambene, irunge, alise, saha rambute</i> ing pungkasaning tembung.
97	<p>“Mokal yen kedadean ing dina setune kaya kang dicritakake ing Caraka kuwi. Saora-orane kuwi mung kedadean njabane, fisike, nanging aku ngreti tenan atimu ora <i>kecak rereget</i> kaya ngono!” (NS/2010/131)</p>		✓									✓		<ul style="list-style-type: none"> • <i>Metafora</i>: <i>atimu ora kecak rereget.</i> Nandhingaken manah ingkang gadhah niat ala kaliyan kecak rereget. • <i>Fungsi</i>: damel ringkes seratan saha pocapan. Panganggening frasa <i>kecak rereget</i> langkung ringkes katandhingaken ngginakaken <i>duwe niat ala kanggo</i>

Tabel salajengipun

1	2	3	4	5	6	7	8	9	10	11	12	13	14	15
														<i>nglarani wong liya.</i>
98	“Sirtu kang semenit kepungkur polahe kaya singa ngamuk , saiki bali dadi wong wadon kang lemes luwes merlokake pangayomane wong lanang cakrak”. (NS/2010/131)	✓							✓					<ul style="list-style-type: none"> • Simile: kaya singa ngamuk. Nandhingaken Sirtu kaliyan singa ngamuk. • Fungsi: nggamblangaken gambaran. Nggamblangaken gambaran Sirtu ingkang nesu, polahipun kados singa ngamuk, bringas.
99	“Kene kudu taren dhisik karo Norma. Dheweke biyen rak wis manti-manti, yen pagelarane iki aja nganti ana sing ngrekam! Merga yen direkam ateges kemoncerane panggung bakal surut! Wong sing dhemen nonton panggung padha mlayu menyang nonton video. Norma kuwatir yen panguripane cures! ” (NS/2010/132)		✓					✓						<ul style="list-style-type: none"> • Metafora: panguripane cures. Nandhingaken pagesangan kaliyan tetuwuhan ingkang mati. • Fungsi: konkritisasi. Damel konkret pagesangan kados tanaman ingkang saged cures, tegesipun mati sedaya mboten wonten tilasipun.
100	“Wong liya untung, kene nyokot driji ”. (NS/2010/133)		✓						✓					<ul style="list-style-type: none"> • Metafora: nyokot driji. Nandhingaken untung utawi begjanipun priyantun kaliyan driji. • Fungsi: nggamblangaken gambaran. Nggamblangaken gambaran priyantun ingkang getun awit nembe boten untung utawi begja saengga namung saged nyokot driji.

Tabel salajengipun

1	2	3	4	5	6	7	8	9	10	11	12	13	14	15
101	“Karo dene aku perlu ngepek atine Normasari, mula yen bisa dakulungake dhewe”. (NS/2010/134)		✓					✓						<ul style="list-style-type: none"> • Metafora: ngepek atine. Nandhingaken ati kaliyan tetuwuhan ingkang saged dipunundhuh. • Fungsi: konkritisasi. Damel konkret ati menika kados tetuwuhan ingkang saged dipunundhuh. Ngepek ati menika gadhah etegs entar damel ririh manahipun Normasari.
102	“Kowe dijanjeni apa marang Ugra? Baharudin takon alon, suwarane mbapaki. Panyawange landhep ngiris raine wong ayu Sirtu”. (NS/2010/136)			✓				✓						<ul style="list-style-type: none"> • Personifikasi: Panyawange landhep ngiris raine. Menginsankan panyawang menika saged tumindak kados manungsa inggih menika ngiris-iris. • Fungsi: konkritisasi. Damel konkret panyawang ingkang abstrak kados manungsa ingkang saged tumindak ngiris-iris.
103	“Kowe abot karo janjine Ugra! Lan koklabuhi nulak donya branane Nainggolan!” (NS/2010/136)		✓						✓					<ul style="list-style-type: none"> • Metafora: donya branane. Nandhingaken gesang ingkang sekeca kaliyan donya brana. • Fungsi: nggamblangaken gambaran. Nggamblangaken gambaran Nainggolan minangka priyantun ingkang kathah bandha donya.

Tabel salajengipun

1	2	3	4	5	6	7	8	9	10	11	12	13	14	15
104	“Dhenyute getih ing otak gulune krasa senut-senut, jantungge gumlundhung kaya gunung merapi arep mbledhos”. (NS/2010/136)	✓											✓	<ul style="list-style-type: none"> • <i>Simile: kaya gunung merapi arep mbledhos.</i> Nandhingaken jantung deg-degan kaliyan gunung merapi ingkang badhe mbeldhos. • <i>Fungsi:</i> - Nggambaraken raosing manah paraga. Nggambaraken raosing manah paraga ingkang susah, ngenes awit kathah pikiran.
105	“Embuh ya, srengenge nasibe dina iki kok bureng timen! Prasakane tansah klincutan! Solah bawane wagu, lan sarwa kliru!” (NS/2010/138)		✓						✓					<ul style="list-style-type: none"> • <i>Metafora: srengenge.</i> Nandhingaken nasib kaliyan srengenge. • <i>Fungsi:</i> nggamblangaken gambaran. Nggamblanagken gambaran begjanipun Sirtu ingkang saben dintenipun tansah wonten ing pribadinipun ing wekdal menika ical, tansah lepat ing solah bawanipun.
106	“Sirtu rada nratap, ora merga apa mung ngelingi yen Normasari iki wongek kang atine keras”. (NS/2010/143)		✓					✓						<ul style="list-style-type: none"> • <i>Metafora: atine keras.</i> Nandhingaken ati kaliyan barang ingkang atos. • <i>Fungsi: konkritisasi.</i> Damel konkret ati kados barang ingkang atos, ingkang ngemu teges priyantun ingkang angel dipuneluk penggalhipun, ngugemi kekajenganipun piyambak.

Tabel salajengipun

1	2	3	4	5	6	7	8	9	10	11	12	13	14	15
107	“Normasari pancen wong kuwasa wektune iki ing Pentas Artis, wong wadon kang bisa idu geni ”, (NS/2010/143)		✓						✓			✓		<ul style="list-style-type: none"> • Metafora: idu geni. Nandhingaken Normasari kaliyan geni. • Fungsi: <ul style="list-style-type: none"> - nggamblangaken gambaran. Nggamblangaken gambaran sipatipun Normasari ingkang sedaya gunemipun utawi kekajenganipun kedah kalaksanan. - Damel ringkes seratan saha pocapan. Panganggening ungkapan <i>idu geni</i> langkung prasaja kangge ngandharaken Normasari ingkang sedaya kekajenganipun kedah dipunturuti, menapa ingkang dipungendikakaken kedah kadadosan.
108	“Apa tega Julaehaque njorogake Sirtu menyang cangkem singa? ” (NS/2010/143)		✓						✓			✓		<ul style="list-style-type: none"> • Metafora: cangkem singa. Damel sami papan ingkang mbebayani kaliyan cangkem singa. • Fungsi: <ul style="list-style-type: none"> - nggamblangaken gambaran. Nggamblangaken gambaran papan ingkang tansah paring bebaya kados tutukipun singa ingkang saged nyokot. - Damel ringkes seratan saha pocapan. Panganggening frasa <i>cangkem singa</i> langkung ringkes katandhingaken <i>papan sing mbebayani</i>.

Tabel salajengipun

1	2	3	4	5	6	7	8	9	10	11	12	13	14	15
109	“Pencereng mripate Norma kuwi sanggup ngobrak-abrik rembug apalane Sirtu kang wis dientha ing jero mobil mau!” (NS/2010/144)			✓						✓				<ul style="list-style-type: none"> •<i>Personifikasi: Pencereng mripate Norma kuwi sanggup ngobrak-abrik rembug.</i> Menginsankan soca ingkang saged tumindak kados manungsa inggih menika ngobrak-abrik satunggaling perkawis. •<i>Fungsi: nggesangaken gambaran saha obyek.</i> Nggesangaken obyek inggih menika soca ingkang saged tumindak kados manungsa inggih menika ngobrak-abrik.
110	“Tugas kang disangkani kambi pikiran nggendheyot abot, marga dina kuwi rumangsa awake tansah diincer cilaka, lan kudu ketemu wong wadon Normasari kang kakon aten , pranyata bisa kebengkas mawa asil kang maremake”. (NS/2010/149)		✓					✓						<ul style="list-style-type: none"> •<i>Metafora: kakon aten.</i> Nandhingaken ati kados wesi ingkang kaku. •<i>Fungsi: konkritisasi.</i> Damel konkret ati kados wesi ingkang kaku, boten saged dipuntekuk. Boten saged dipuntekuk menika kados manah ingkang boten saged diuneluk, ngugemi kekajenganipun piyambak.
111	“Sajake esuk-esuk mau prasakane pancen pedhut , awan-awan ana pepadhang kang minangka bebungahing ati”. (NS/2010/149)		✓										✓	<ul style="list-style-type: none"> •<i>Metafora: prasakane pancen pedhut, pepadhang.</i> Damel sami manah ingkang sisah kaliyan pedhut saha raos bingah kaliyan padhang. •<i>Fungsi: nggambaraken raosing manah paraga.</i> Nggambaraken raosing manah paraga

Tabel salajengipun

1	2	3	4	5	6	7	8	9	10	11	12	13	14	15
														ingkang sisah, sedhik saha bingah.
112	<p>“Ing ndalan sajrone mobil mlaku, sajrone dheweke kablebeg kasenangan, ana benang rasa nyleneh kang katut alure mobil sing ditumpaki. Dhisike ora rinasa. Saya suwe saya nggaler ing ati, wusana nyendhal pancing”.</p> <p>(NS/2010/150)</p>		✓					✓						<ul style="list-style-type: none"> • Metafora: nggaler ing ati. Damel sami manah kados kaca ingkang benthet, wonten galeripun. • Fungsi: nggambaraken raosing manah. Nggambaraken raosing manah ingkang sakit kados kaca ingkang nggaler radi pecah. • Metafora: nyendhal pancing. Ngentaraken manah kados disendhal, dipundhedhel. • Fungsi: nggambaraken raosing manah paraga. Nggambaraken raosing manah paraga ingkang sedhik kados pancing ingkang dipundhedhel.
113	<p>“Sirtu wis bisa ngudhari ruweting atine, wis bisa mbusak bureke tingkahe saka pandulune Ugrasamsi!”</p> <p>(NS/2010/151)</p>		✓					✓						<ul style="list-style-type: none"> • Metafora: ngudhari ruweting atine. Damel sami manah kaliyan benang. • Fungsi: konkritisasi. Damel konkret perkawis ing manahipun Sirtu kados benang ingkang saged diudhari.
114	<p>“La kok sakiki dheweke diemoti watu item! Dudu bab srawung rumakete karo Bathara, nanging wajibe methukake Normasari karo Paradha!”</p>		✓										✓	<ul style="list-style-type: none"> • Metafora: diemoti watu item. Damel sami beban pikiran kaliyan watu item, bab ingkang damel pikiran.

Tabel salajengipun

1	2	3	4	5	6	7	8	9	10	11	12	13	14	15
	(NS/2010/151)													<ul style="list-style-type: none"> • <i>Fungsi:</i> - Nggambaraken raosing manah paraga. Nggambaraken raosing manah paraga ingkang bingung, kathah pikiran.
115	“ <i>Ati watu gununge Normasari wis klakon lumer dening Sirtu</i> ”. (NS/2010/151)		✓					✓						<ul style="list-style-type: none"> • <i>Metafora: Ati watu gununge.</i> Damel sami ati Normasari kaliyan watu gunung. • <i>Fungsi: konkritisasi.</i> Damel <i>konkret</i> ati saha sipat ugunganipun Normasari menika kaliyan ati watu, tegesipun watakipun menika boten saged lentur, dipuniyak-iyuk, ananging ngugemi kekajenganipun piyambak.
116	“ <i>Oh! Oh! Ketiwasan! Semangat kang wis angglong saya nyerot kekuwatan ing awak. Sakkal lemes, kaya wayang kulit tanpa garan</i> ”. (NS/2010/154)	✓							✓					<ul style="list-style-type: none"> • <i>Simile: kaya wayang kulit tanpa garan.</i> Nandhingaken manungsa kaliyan wayang. • <i>Fungsi:</i> nggamblangaken gambaran. Nggamblangaken gambaran paraga ingkang badanipun lemes kados wayang tanpa garan, saengga lemes awit boten wonten ingkang nyanggi.
117	“ <i>Dina kuwi dheweke pancen kampil-kampil kaya gabus ing lumahe segara, kesempyok mrana, kesempyok mrene</i> ”. (NS/2010/155)	✓							✓					<ul style="list-style-type: none"> • <i>Simile: kaya gabus ing lumahe segara.</i> Nandhingaken manungsa kados gabus. • <i>Fungsi:</i> nggamblangaken gambaran. Nggamblangaken gambaran paraga kados gabus ing seganten, ingkang kalah kaliyan agengipun ombak, tegesipun boten gadhah

Tabel salajengipun

1	2	3	4	5	6	7	8	9	10	11	12	13	14	15
														daya, namung manut ebahing ombaking .
118	“Sirtu ambegan dawa. Polahé ngleler marga pikirané isih ruwet rendhet mrana-mrene.” (NS/2010/164)		✓					✓						<ul style="list-style-type: none"> • Metafora: pikirané isih ruwet. Nandhingaken pikiran kados benang. • Fungsi: konkritisasi. Damel konkret paraga ingkang nembe kathah pikiran saha dereng saged mungkasi kados benang ingkang ruwet.
119	“Heh? Ngenteni Ugra? Prasadat merangi tatal sida nginep kene kowe mengko!” (NS/2010/165)		✓									✓		<ul style="list-style-type: none"> • Metafora: merangi tatal. Ngentaraken ngentosi Ugra ingkang mokal rawuh kados merangi tatal. • Fungsi: damel ringkes seratan saha pocapan. Panganggening frasa <i>merangi tatal</i> menika langkung ringkes kangge ngandharaken mbatalaken rembung ingkang sampun kadadosan
120	“Sirtu kuwawa ngempet gemlewange ati, sikile macet pinaku ing bantala, alot jumangkah kaya tanduran kang ngoyod ”. (NS/2010/167)	✓							✓					<ul style="list-style-type: none"> • Simile: kaya tanduran kang ngoyod. Nandhingaken paraga ingkang boten jumangkah kaliyan taneman ingkang sampun ngoyod. • Fungsi: nggamblangaken gambaran. Nggamblangaken gambaran Sirtu ingkang boten jumangkah kados taneman ingkang sampun ngoyod.

Tabel salajengipun

1	2	3	4	5	6	7	8	9	10	11	12	13	14	15
121	<p>“Nanging aku iki rak isih arep bebas. Ucul saka ndesaku kana ki rak sakjane ya ucul saka gegemane wong lanang. Lagek sesai kepungkur! Edan apa yen aku kasil oncat saka cangkeme bajul kana, ketangkep singa metropolitan kene!” (NS/2010/170)</p>				✓				✓			✓		<ul style="list-style-type: none"> • Metonimia: cangkeme bajul Nggantosaken nama paraga. • Fungsi: nggamblangaken gambaran. Nggamblangaken gambaran priya ing desa ingkang gadhah tata trapsila awon kados tutukipun bajul. • Metonimia: singa metropolitan. Nggantosaken nama paraga. • Fungsi: damel ringkes seratan saha pocapan. <i>Singa metropolitan</i> langkung ringkes katandhingaken <i>priya ing Jakarta</i>.
122	<p>“Dene ing kantor, srengenge September lagi mencorong, pikiran-pikiran nglangut sing dhek wingi ing uteke, ambias kaya embun esuk”. (NS/2010/172)</p>	✓						✓						<ul style="list-style-type: none"> • Simile: kaya embun esuk. Nandhingaken pikiran kaliyan embun. • Fungsi: konkretisasi. Damel <i>konkret</i> pikiran kados embun. Pikiran ingkang nglangut, ical kados icalipun embun ing wanci enjing.
123	<p>“Padhange hawa sasi September garing kuwi ora mrayogakake rerembugan nganggo dijantoni esem lan lirik.” (NS/2010/173)</p>			✓			✓			✓				<ul style="list-style-type: none"> • Personifikasi: Padhange hawa sasi September garing kuwi ora mrayogakake rerembugan. <i>Menginsankan</i> padhang hawa saged tumindak kados manungsa ingkang mrayogakaken satunggaling perkawis.

Tabel salajengipun

1	2	3	4	5	6	7	8	9	10	11	12	13	14	15
														<ul style="list-style-type: none"> • <i>Fungsi:</i> - damel endahing swanten. Wontenipun purwakanthi guru swara [e] sawingkingipun tembung <i>padhange</i> saha <i>mrayogakake</i>. Purwakanthi guru swara [i] sawingkingipun tembung <i>sasi</i> saha <i>kuwi</i>. - Nggesangaken gambaran saha obyek. Nggesangaken gambaran hawa sasi September ingkang saged tumindak kados manungsa inggih menika boten mrayogakaken rerembungan.
124	“ <i>Kringet adhem, marakake awak dadi gemeter, lemes! Getih munggah menyang sirah, nyut-nyut, raine kaya dibeset!</i> ” (NS/2010/180)	✓											✓	<ul style="list-style-type: none"> • <i>Simile: kaya dibeset.</i> Nandhingaken raos sakit kaliyan ules ingkang dipunbeset, diseset kulitipun. • <i>Fungsi:</i> - Nggambaraken raosing manah paraga. Nggambaraken raosing manah paraga ingkang sakitipun kados dipunseset kulitipun, sakit sanget.
125	“ <i>Sirtu kaya arep mletik-mletika oncat saka NAC. Rasane raine clerongan kaya wayang wong Sarpakenaka.</i> ” (NS/2010/181)	✓					✓		✓				✓	<ul style="list-style-type: none"> • <i>Simile: kaya wayang wong Sarpakenaka.</i> Nandhingaken Sirtu kaliyan wayang wong Sarpakenaka. • <i>Fungsi:</i> - damel endahing swanten. Wontenipun purwakanthi guru swara nasal [ŋ] sawingkingipun tembung <i>wayang</i>,

Tabel salajengipun

1	2	3	4	5	6	7	8	9	10	11	12	13	14	15
														<p>wong. Purwakanthi guru sastra [w] ing tembung <i>wayang wong</i>.</p> <p>- Nggamblangaken gambaran. Nggamblangaken gambaran kados-kados ulesipun Sirtu clerongan kados wayang wong Sarpakenaka.</p> <p>- Nggambaraken raosing manah paraga. Nggambaraken raosing manah paraga ingkang lingsem sanget awit solah bawanipun Normasari ingkang kumpungan.</p>
126	<p>“Atine kaya rinujit-rujit! Lelakone bengi iki jan ngonclang-ngonclangake dheweke!” (NS/2010/182)</p>	✓											✓	<ul style="list-style-type: none"> •Simile: kaya rinujit-rujit. Nandhingaken manah kados kertas ingkang saged disuwek-suwek. •Fungsi: nggambaraken raosing manah paraga. Nggambaraken raosing manah paraga ingkang sedhah, susah kados kertas ingkang disuwek-suwek.
127	<p>“Rak tindakan mung ing jeron kutha wae, ta?” ujure sing tuwa. Sing omong sing tuwa, nanging Sirtu ora bisa uwal nglirik sing enom. Marga senajan ora caturan, eseme lan manthere panyawange tansah ngithik-ithik atine Sirtu.” (NS/2010/186)</p>			✓						✓				<ul style="list-style-type: none"> •Personifikasi: eseme lan manthere panyawange tansah ngithik-ithik. Menginsankan esem saha panyawang ingkang seolah-olah saged tumindak kados manungsa inggih menika ngithik-ithik Sirtu.

Tabel salajengipun

1	2	3	4	5	6	7	8	9	10	11	12	13	14	15
														<ul style="list-style-type: none"> • <i>Fungsi</i>: nggesangaken gambaran Nggesangaken gambaran eseman saged tumindak akdos manungsa inggih menika ngithik-ithik.
128	<p>“Nanging padatan Sirtu mung pupuk bawang, mung melu-melu. Sing kenal akrab karo relasi lan diajak mangan tenan satemene Atik karo In, sing wis kenal tenan karo para relasi.” (NS/2010/186)</p>		✓									✓		<ul style="list-style-type: none"> • <i>Metafora</i>: pupuk bawang. Damel sami Sirtu kaliyan pupuk bawang. • <i>Fungsi</i>: damel ringkes seratan saha pocapan. Panganggening frasa <i>pupuk bawang</i> langkung ringkes kangge nyuraosaken tembung ingkang gadhah makna <i>melu-melu ora ngerti apa-apa</i>.
129	<p>“Normasari kang isih tabet atine merga dipethukake karo Pradha Nainggolan dening Sirtu, tetep nganggep Sirtu sedulur sinawawedine.” (NS/2010/189)</p>		✓						✓					<ul style="list-style-type: none"> • <i>Metafora</i>: sedulur sinawawedine. Damel sami Sirtu kaliyan sinarawedi. • <i>Fungsi</i>: nggamblangaken gambaran. Nggamblangaken gambaran Sirtu ingkang boten wonten gegayutan darah kaliyan Normasari, ananging sampun didhaku sedulur dening Normasari.
130	<p>“Wong wedok kumpungan!” tembung kuwi diucapake klesak-klesik, nanging ditampa seru banget dening Sirtu, nganti kaya mecahake kendhangan kupinge!” (NS/2010/189)</p>	✓							✓					<ul style="list-style-type: none"> • <i>Simile</i>: kaya mecahake kendhangan kupinge. Nandhingaken swanten kados saged mecahaken kendhangan talingan. • <i>Fungsi</i>: nggamblangaken gambaran. Nggamblangaken gambaran tembung ingkang kasar dipunucapaken kados saged

Tabel salajengipun

1	2	3	4	5	6	7	8	9	10	11	12	13	14	15
														mecahaken kendhangan talingan.
131	<p>“Mokal yen prawan ayu murni legan kaya kowe wani nyedhaki wong lanang ula kaya Ugra ora ngemu pamrih apa-apa.” (NS/2010/190)</p>		✓				✓		✓					<ul style="list-style-type: none"> • Metafora: wong lanang ula. Nandhingaken Ugra kaliyan sawer. • Fungsi: - damel endahing swanten. Wontenipun purwakanthi guru swara nasal [ŋ] ing wingkingipun tembung <i>wong saha lanang</i>. - Nggamblangaken gambaran. Nggamblangaken gambaran sipatipun Ugra ingkang remen gegandhengan kaliyan priyantun setri ananging namung kangge dolanan, pinter ngrayu, lecekan, kados sawer ingkang lunyu.
132	<p>“Pak Kasandanu terus melu, ya, wiwit neng Senayan wingi?” “Iya. Karo kru kamerane. Gak duwe udel dheweke yen nyambutgawe. Nggethu. Tanpa leren!” (NS/2010/192)</p>		✓						✓					<ul style="list-style-type: none"> • Metafora: Gak duwe udel. Ngentaraken priyantun ingkang boten gadhah sayah kaliyan boten gadhah wudel. • Fungsi: nggamblangaken gambaran. Nggamblangaken gambaran priyantun ingkang boten tepang sayah menika kados boten gadhah wudel.
133	<p>“Ugra tetep lungguh ndhegleg ing dhingklik dawa sendhen hek kang dadi pagere tlaga, tangane nggedhaplak kaya walang kadung.” (NS/2010/193)</p>	✓					✓		✓					<ul style="list-style-type: none"> • Simile: kaya walang kadung. Nandhingaken astanipun Ugra kaliyan walang kadung.

Tabel salajengipun

1	2	3	4	5	6	7	8	9	10	11	12	13	14	15
														<ul style="list-style-type: none"> • <i>Fungsi:</i> - damel endahing swanten. Wontenipun purwakanthi guru swara [ŋ] ing tembung <i>nggedhaplång</i>, <i>walang saha kadung</i>. - nggamblangaken gambaran. Nggamblangaken gambaran astanipun paraga ingkang ngedhaplång kados tanganipun walang kadung.
134	<p><i>“Lagu jaipongan saya ngayut-anyut truthusan ing ndhuwure pang trembesi kang ayom manglung tlaga.”</i> (NS/2010/193)</p>			✓				✓						<ul style="list-style-type: none"> • <i>Personifikasi: Lagu jaipongan saya ngayut-anyut truthusan ing ndhuwure pang trembesi.</i> <i>Menginsankan</i> lagu jaipongan ingkang saged tumindak kados manungsa inggih menika nruthus. • <i>Fungsi: konkritisasi.</i> Damel konkret lelagon jaipongan saged tumindak kados manungsa inggih menika minggah ing pang trembesi.
135	<p><i>“Tumrap wong ndesa Malioboro kuwi salawase urip kaningaya dianggo njaring rejeki, dene tumrap Sirtu Malioboro kang anyar asri kuwi sajake pancen diyasa kanggo wong-wong mbangun tresna kaya Ugra lan Sirtu.”</i> (NS/2010/199)</p>		✓						✓					<ul style="list-style-type: none"> • <i>Metafora: njaring rejeki.</i> Ngentaraken pados arta kaliyan njaring rejeki. • <i>Fungsi: nggamblangaken gambaran.</i> Nggamblangaken gambaran priyantun ingkang usaha supados pikantuk arta dipunentaraken kaliyan njaring rejeki.

Tabel salajengipun

1	2	3	4	5	6	7	8	9	10	11	12	13	14	15
136	“Ugra merlokake maca koran saklebatan. Ngreti isine ing kaca siji, gage oncat saka panggonan kono. Ora leha-leha maneh, patrape dadi rongeh, kedandapan kaya Buta Cakil kepethuk Janaka ing pentas wayang kulit.” (NS/2010/199)	✓							✓					<ul style="list-style-type: none"> • Simile: kaya Buta Cakil kepethuk Janaka. Nandhingaken patrap kedandapan kaliyan Buta Cakil nalika kepanggih Janaka. • Fungsi: nggamblangaken gambaran. Nggamblangaken gambaran patrapipun Ugra ingkang kedandapan mangertosi pawarta ing koran kados Buta Cakil ingkang kepethuk Janaka.
137	“Rasane kok aneh ngono yen arep ngrangkul utawa ngelus sirahe anake. Sing kerep malah disrengeni, digrenengi, diclathu, dilokake, diwaoni, angger ana solah bawane utawa guneme Sirtu kang ora cocog karo karepe. Mbokmenawa pancen ngono kuwi carane ibu Jawa nuduhake katresnane marang anake wadon.” (NS/2010/203)				✓							✓		<ul style="list-style-type: none"> • Metonimia: ibu Jawa. Nggantosaken namaibunipun Sirtu. • Fungsi: damel ringkes seratan saha pocapan. Panganggening ungkapan <i>ibu Jawa</i> langkung ringkes katandhingaken kaliyan ungkapan <i>ibu-ibu ing tlatah Jawa</i>.
138	“Layang? Saka sapa? Pitakone Sirtu karo marani meja tengah, kepengin ngreti layang apa sing ditampa ibune. “Saka kang masmu! Surasane jan manasake ati! ” (NS/2010/204)		✓										✓	<ul style="list-style-type: none"> • Metafora: manasake ati. ngentaraken raos nesu, mangkel kaliyan ati ingkang panas. • Fungsi: nggambaraken raosing manah paraga. Nggambaraken raosing manah paraga

Tabel salajengipun

1	2	3	4	5	6	7	8	9	10	11	12	13	14	15
														ingkang mangkel, nesu awit maos suraosipun layang ingkang dipuntampi saking pepancanganipun sirtu ing Sragen.
139	“Sirtu ora ngenteni enteke crita, mbukak laci meja tengah, nemu layang saumbruk. Tulisane ana sing nganggo mangsi abang! Ana sing templekan huruf-huruf koran! Sirtu ora kober mriksa siji-siji. Ditarik sing tulisan abang, diwaca cepetan. Gawe abang kupinge . Ing kono Sirtu disebut “lonthe”, “wedokan koklok” lan tembung liyane.” (NS/2010/204-205)		✓										✓	<ul style="list-style-type: none"> • Metafora: abang kupinge. Damel sami Sirtu ingkang nesu kaliyan talingan ingkang abrit. • Fungsi: nggambaraken raosing manah paraga. Nggambaraken raosing manah paraga ingkang nesu awit maos suraosipun layang ingkang dipunkirim dening Drs.Pambudi.
140	“Lakune mbakyu-mbakyu bakul padatan gegrombolan, iring-iringan ngarep memburi kaya rentengan gerbong sepur liwat rile. ” (NS/2010/209)	✓							✓					<ul style="list-style-type: none"> • Simile: kaya rentengan gerbong sepur liwat rile. Nandhingaken mbakyu-mbakyu ingkang mlampah iring-iringan kaliyan rentengan gerbong sepur ing ril. • Fungsi: nggamblangaken gambaran. Nggamblangaken gamabran lampahipun para mbakyu-mbakyu bakul ingkang gegrombolan, iring-iringan.
141	“Iya-iya-iya, mupakat banget aku! Jeng Sirtu didadekake lintang panjer sore! Lintang kang lagi sumorot anyaran		✓						✓					<ul style="list-style-type: none"> • Metafora: lintang panjer sore. Damel sami Sirtu kaliyan lintang.

Tabel salajengipun

1	2	3	4	5	6	7	8	9	10	11	12	13	14	15
	<i>nalika sunar suryo miwiti sumurup!” (NS/2010/217)</i>													<ul style="list-style-type: none"> •Fungsi: nggamblangaken gambaran. Nggamblangaken gambaran Sirtu kados lintang, awit ayunipun saengga badhe dipundadosaken artis enggal ingkang sumunar endah nalikaing wanci surup.
142	<i>“Julaehaque lungguh ing ngarep pangilon gedhe, ulate njabrut. “kok sajak peteng ulatmu, Jul? Ana sing ora mranani ati?” panyapane Sirtu nyoba mratingkah ora dosa. (NS/2010/221)</i>		✓										✓	<ul style="list-style-type: none"> •Metafora: <i>peteng ulatmu</i>. Damel sami kawontenan manah susah kaliyan ulesipun paraga ingkang peteng. •Fungsi: nggambaraken raosing manah paraga. Nggambaraken raosing manah paraga ingkang susah.
143	<i>“Oh, Sirtu! Aku ora preduli salah apa bener! Cekake aku wis kasil ngesolke krajane Biyang Konyil! Wong brahala! Sombong! Dheweke kudu seleh keprabon, Sirtu!” (NS/2010/224)</i>		✓						✓					<ul style="list-style-type: none"> •Metafora: <i>seleh keprabon</i>. Nandhingaken lengseripun Normasari saking profesi artis kaliyan nilaraken keprabon. •Fungsi: nggamblangaken gambaran. Nggamblangaken gambaran lengseripun profesi artisipun Normasari kaliyan nilaraken keprabon, inggih menika papan tilaranipun leluhur supados saged dipunpanggeni dening artis sanesipun.
144	<i>“Julaehaque pancen canthas, wani brandhalan lan ugal-ugalan! Biyen upama Puspita Dewi ora dicopot</i>		✓					✓						<ul style="list-style-type: none"> •Metafora: <i>Uwit kratone</i>. Nandhingaken kawibawanipun Normasari kaliyan wit kraton.

Tabel salajengipun

1	2	3	4	5	6	7	8	9	10	11	12	13	14	15
	<i>sewenang-wenang, bisa uga lakune crita ora mengkono. Uwit kratone Normasari isih ngadeg jejeg lan durung sol.</i> ” (NS/2010/225)													<ul style="list-style-type: none"> •<i>Fungsi: konkritisasi.</i> Damel konkret kawibawanipun Normasari kaliyan uwit kraton ingkang taksih jejeg, tegesipun boten ambruk, dipunrubuhaken wewadinipun Normasari dening Julaeha.
145	<i>“Yen wayah mono mesthine Julaehaque isih turu, karipan mau bengi. Artis rak wegah tangi esuk, kulina diuja. Artis rak bangsawan, bangsa sing tangi awan.”</i> (NS/2010/228)				✓			✓						<ul style="list-style-type: none"> •<i>Metonimia: bangsawan.</i> Nggantosaken nama paraga artis. •<i>Fungsi: nggamblangaken gambaran.</i> Nggamblangaken gambaran para artis ingkang remen wungu siang.
146	<i>“Bab donya brana pancen Julaehaque wis moncer, ora klebu jembel. Nanging jiwane isih katutan sipate lawas, ‘kampung’ manut isitilahe Paradha Nainggolan. La yen Ugrasamsi srawung karo wong kaya ngono, ya ingah-ingih tenan, kaya wong resikan nyabrang banyu peceren!”</i> (NS/2010/231)	✓					✓		✓					<ul style="list-style-type: none"> •<i>Simile: kaya wong resikan nyabrang banyu peceren.</i> Nandhingaken srawungipun Ugrasamsi kaliyan Julaehaque kados priyantun resikan nyabrang toya peceren. •<i>Fungsi:</i> - Damel endahing swanten. Wontenipun purwakanthi guru swara nasal [ŋ] sawingkingipun tembung <i>wong saha nyabrang</i>. - Nggamblangaken gambaran. Nggamblangaken gambaran Ugrasamsi ingkang ingah-ingih.
147	<i>“Wah alus prasakane! Sirtu krasa lucune omong-omongan ngono kuwi.</i>		✓					✓						<ul style="list-style-type: none"> •<i>Metafora: alus prasakane.</i> Damel sami manah kaliyan kain alus.

Tabel salajengipun

1	2	3	4	5	6	7	8	9	10	11	12	13	14	15
	<i>Sirtu kepeksa mlengoh lan nyawang Wasis sing lungguh ing jejere.” (NS/2010/232)</i>													<ul style="list-style-type: none"> • <i>Fungsi: konkritisasi.</i> Damel konkret manah kados kain ingkang alus.
148	<i>“Sirtu nguntapake Julahaque karo Ugrasamsi, kang budhal shoting nganggo sedhan Corolla DX sewan warna abang bata.” (NS/2010/236)</i>				✓				✓					<ul style="list-style-type: none"> • <i>Metonimia: Corolla DX.</i> • <i>Fungsi: nggamblangaken gambaran.</i> Nggamblangaken gambaran salah satunggaling jinis kendaraan ingkang warni abrit.
149	<i>“Ayu kang kemayu tenan, kaya sata manggih krama, pitik dhara memeti. Nona sekretaris ilang jebahane sekretaris, kari wateg nona kodrat jawane.” (NS/2010/241)</i>	✓					✓		✓					<ul style="list-style-type: none"> • <i>Simile: kaya sata manggih krama, pitik dhara memeti.</i> Nandhingaken Sirtu ingkang kemayu kaliyan pitik dhara memeti. • <i>Fungsi:</i> <ul style="list-style-type: none"> - damel endahing swanten. Wontenipun purwakanthi guru swara [ɔ] sawingkingipun tembung <i>sata, krama, saha dhara.</i> - Nggamblangaken gambaran. Nggamblangaken gambaran Sirtu ingkang kemayu, kemayunipun kados pitik dhara memeti.
150	<i>“Saiki sing dimangsa balon cilik! Balon tembung Surabaya, kowe rak wis ngreti? Wis dene padha bacine, tumbu oleh tutup!” (NS/2010/245)</i>		✓						✓					<ul style="list-style-type: none"> • <i>Metafora: balon cilik.</i> Nandhingaken paraga kaliyan balon. • <i>Fungsi: nggamblangaken gambaran.</i> Nggamblangaken gambaran paraga kaliyan balon cilik, inggih menika jejulukan

Tabel salajengipun

1	2	3	4	5	6	7	8	9	10	11	12	13	14	15
														<p>tumrap wanita nakal ing kutha Surabaya.</p> <ul style="list-style-type: none"> • Metafora: <i>tumbu oleh tutup.</i> Damel sami Ugra kaliyan Julaehaque kados tumbu pikantuk tutup, cocok banget. • Fungsi: - Nggamblangaken gambaran. Nggamblangaken gambaran Ugra kaliyan Julaehaque ingkang cocok awit gadhah wewatekan ingkang sami.
151	<p>“Malah Normasari bolak-balik ngarani “gigolo”, tembung sing saru banget tumrap kupinge Sirtu, ndadekake raine Sirtu abang mangar-mangar.” (NS/2010/250)</p>		✓										✓	<ul style="list-style-type: none"> • Metafora: <i>raine Sirtu abang mangar-mangar.</i> Nandhingaken pangraos lingsem kaliyan ules ingkang abrit. • Fungsi: Nggambaraken raosing manah paraga. Nggambaraken raosing manahipun Sirtu ingkang lingsem saha nesu.
152	<p>“Volvo obah rerikatan, mengkok ngeget mlebu pekarangan villa.” (NS/2010/252)</p>			✓						✓				<ul style="list-style-type: none"> • Personifikasi: <i>Volvo obah rerikatan.</i> Nngesangaken obyek mobil ingkang kados-kados saged tumindak kados manungsa inggih menika ebah rerikatan. • Fungsi: nngesangaken gambaran saha obyek. Nngesangaken gambaran saha obyek mobil volvo ingkang saged tumindak kados manungsa inggih menika ebah kanthi

Tabel salajengipun

1	2	3	4	5	6	7	8	9	10	11	12	13	14	15
														rerikatan, cepet.
153	<p>“Wasisi diuji ketrampilane nyopir. Plataran villa sing ora patio amba, diubengi seser, lan kaya dhek mlebone, volvo mlencing ninggalake villa kaya kucing diuber asu”. (NS/2010/253)</p>	✓							✓					<ul style="list-style-type: none"> • Simile: kaya kucing diuber asu. Nandhingaken mobil kaliyan kucing dioyak segawon. • Fungsi: nggamblangaken gambaran. Nggamblangaken gambaran mobil volvo ingkang cepet-cepet nilaraken villa kados kucing dioyak segawon, tegeipun langsung mlencing mlayu endang-endang.
154	<p>“Srawunge resik, nganti ngrasa kalis, kaya godhong lompong karo banyu, Sirtu godhong lomponge, sanajan cedhak-caket pasrawungane karo si banyu Ugrasamsi, tetep Sirtu ora teles.” (NS/2010/254)</p>	✓					✓		✓					<ul style="list-style-type: none"> • Simile: kaya godhong lompong karo banyu. Nandhingaken pasrawungan ingkang kalis kados godhong lompong kaliyan tonya. • Fungsi: <ul style="list-style-type: none"> - damel endahing swanten. Wontenipun purwakanthi guru swara vokal [ɔ] ing tembung <i>godhong, lompong</i> saha purwakanthi guru swara nasal [ŋ] sawingkingipun tembung <i>godhong, lompong</i>. - Nggamblangaken gambaran. Nggamblangaken gambaran pasrawunganipun Sirtu kaliyan Ugra ingkang ngugemi paugeran.

Tabel salajengipun

1	2	3	4	5	6	7	8	9	10	11	12	13	14	15
155	“Nalika anggone mangan-mangan cukup, lan wis wektune para penumpang pesawat kudu mlebu gate, wong ayu papat mau padha ngadeg”. (NS/2010/255)				✓				✓					<ul style="list-style-type: none"> •Metonimia: wong ayu papat. Nggantosaken nama paraga. •Fungsi: nggamblangaken gambaran. Nggamblangaken gambaran priyantun ayu ingkang cacahipun sekawan inggih menika Normasari, Kuntum, Ratih saha Sirtu.
156	“Sirtu wis meh ora kuwat ngglawat, terus tiba nglendheti Wasis! Oh, wis suwiii banget rasane dheweke ngulandara kepanasan, ngarep-arep olehe nemokake wit pangayoman! Lan sakiki ketemu!” (NS/2010/257)		✓								✓			<ul style="list-style-type: none"> •Metafora: wit pangayoman. Damel sami Wasis kaliyan wit ingkang saged paring pangayoman. •Fungsi: nuwuhaken kesan saha kawontenan tartamtu. Nuwuhaken kawontenan ingkang romantis antawisipun Sirtu kaliyan Wasistandya. Sirtu ingkang nglendheti Wasis menika rumaos pikantuk pangayoman saking priya ingkang sampun dangu dipunantu-antu. Rumaos pikantuk pangayoman, kados ngeyup saking panas sangandhapipun wit.
157	“Wong kok penataran wae! Mbesuk rupane rak kaya Candhi Penataran! ” (NS/2010/259)	✓							✓					<ul style="list-style-type: none"> •Simile: kaya Candhi Penataran. Nandhingaken ulesipun priyantun ingkang sok penataran kaliyan candhi Penataran. •Fungsi: nggamblangaken gambaran. Nggamblangaken gambaran priyantun ingkang sok penataran, ulesipun saged-saged kados candhi penataran.

Katrangan:

a : damel endahing swanten

b : *konkritisasi*

c : nggamblangaken gambaran

d : nggesangaken gambaran saha obyek

e : nuwuhaken *kesan* saha kawontenan tartamtu

f : damel ringkes seratan saha pocapan

g : nggambaraken raosing manah paraga

RINGKESANING CARIYOS

Irah-irahan	: <i>Nona Sekretaris</i>
Panganggit	: Suparto Brata
Penerbit	: NARASI
Taun	: 2010
Cacahipun kaca	: 261 kaca

Sirtu prawan asli saking kutha Sragen, dipungambraken minnangka wanita ingkang prigel, soan, sae bebudenipun saha ayu. Ing Sragen piyambakipun dipunjodhokaken kaliyan Drs. Pambudi, pegawe kantor Kecamatan ingkang remen pamer. Wewatekan ingkang kados makaten ingkang njalari Sirtu tumus raos boten remenipun, saha pengin enggal-enggal nyingkir saking Pambudi saha kutha Sragen. Sasampunipun nyekapaken pawiyatan ing SMA, Sirtu pindhah ing Jakarta kepengin nyambutdamel. Sajatosipun, pepenginan ingkang kados makaten menika boten dipunsarujuki dening ibunipun, awit Sirtu menika putra ontang-anting. Bapanipun, Pradangga Praba minangka salah satunggaling pengarang buku sampun tilar donya. Sirtu satunggal griya kaliyan ibu saha bulikipun.

Dumugi Jakarta, Sirtu njujug ing Kebon Nanas, dalem kanca raket bapakipun ingkang dipunujuk nalika dhateng Jakarta nyade asil karyanipun. Dinten menika ugi Sirtu kabantu dening kanca bapakipun sampun pikantuk kost-kostan ing Lurung Tambak. Sedaya kados ingkang dipunkajengaken Sirtu, kost satunggal kamar ijen, wonten lawang mlebet saha medal ingkang bebas tanpa ngganggu ingkang gadhah griya. Enjingipun Sirtu sarapan ing warung sacelaking pondhokipun. Ing mriku sirtu dipunaruhi wanita ingkang taksih enem namanipun Julaeha. Kapurwakan pitepangan ing warung ijo nalika sarapan menika, kekalihipun kekancan. Julaeha ingkang langkung dangu gesang ing Jakarta katandhingaken Sirtu dados cucuk lampahipun Sirtu.

Sirtu nglamar padamelan kanthi sanga kaprigelan ngetik kepengin dados sekretaris. Kasilipun nalika dhaftar padamelan, Sirtu katampi nyambutdamel ing kantor Biro Pentas Artis, sawenehing prusahakan ingkang ngurusi bab pentas-

pentas artis. Dinten pisanan nyambutdamel, pegawe ing kantor mriku boten pitados (ragu) kaliyan kaprigelanipun Sirtu. Sandhangan ingkang nedahaken prawan ndesa, ananging nalika Sirtu dipunsukani tugas, boten mbetahaken wekdal ingkang dangu sedaya jejibahan dipunlampahaken kanthi damel mareming manah pimpinan saha pegawe ing kantor mriku.

Kaprigelanipun Sirtu tansaya dipunasah ing kantor mriku, malah pimpinanipun asring maringaki jejibahan ingkang ageng tumrap piyambakipun, kadosta dipunsuswun paring pamanggih ing sawenenhing rapat kaliyan Normasari ngengingi pagelaran Normasari Show ingkang badhe dipuntindakaken. Sirtu ugi dipunpitados supados ngrimuk Normasari supados kersa tapak asma ngengingi pagelaran Normasari Show supados pikantuk palilah saking Normasari saengga pagelaran saged dipunrekam. Kamangka saderengipun, Normasari boten kersa bilih pagelaranipun dipunrekam, ananging kaliyan Sirtu piyambakipun manut-manut kemawon. Kasilipun jejibahan menika damel Baharudin, pimpinanipun tansaya nyenyubya Sirtu. Pegawe ingkang kaprigelanipun sae, gadhah tata trapsila ingkang sae saha ayu.

Nalika Baharudin manggihi tamu ing ruanganipun boten sengaja Sirtu mlebet ruangan Baharudin. Pranyata ing ruangan kalawau Baharudin nembe nesu-nesu dhateng tamunipun. Boten dangu tamu kalawau medal kanthi ules ingkang sisah sanget, medal saking ruangan Baharudin, tamu kalawau mandheg ing mejanipun Sirtu nyuwun palilah badhe ngampil telpon. Nalika menika Sirtu maringi pirsa dhateng tamu kalawau supados sabar, saha boten kendho anggenipun usaha malih. Gunemipun Sirtu ingkang kados makaten narik kawigatosan tamu kalawau, dipunpirsani ulesipun ingkang ayu. Tamu kalawau sengsem dhateng Sirtu, lajeng tepangan saha nyuwun nomer telpon kantor bilih badhe wicantenan kaliyan sekretaris kantor inggih menika Sirtu. Siangipun tamu kalawau telpun, nepangaken bilih piyambakipun Bathara, tiyang ingkang gagal wau siang. Saking logatipun, katingal bilih Bathara menika tiyang keturunan Batak.

Sesrawunganipun kaliyan Bathara dipunlajengaken sasampunipun Bathara mangertosi alamat pondhokanipun Sirtu. Saben sonten Bathara mapak Sirtu

kaliyan Yamaha bututipun, dhahar sesarengan, Sirtu nampi pasrawungan kalawau kanthi resik, amargi pancen Sirtu mbetahaken kanca ing Jakarta. Sirtu boten mangertos bilih pranyata Bathara menika sengsem dhateng piyambakipun.

Ing kantor Biro Pentas Artis nembe wonten rame-rame awit pegawe ingkang nate kerja ing mriku badhe mlebet malih. Pegawe menika namanipun Ugrasamsi, ingkang nembe wangsul saking Birma. Sedaya karyawan tansah iwut nyiagakaken sedaya ubarampe kangge mapag rawuhipun Ugra. Sirtu ingkang tansah bingung, badhe ndherek ubyung-ubyung nanging piyambakipun dereng tepang, ananging bilih boten ndherek ubyung piyambakipun boten sekeca.

Ugra rawuh ing kantor Biro Pentas Artis dipunpapak kaliyan kanca-kancanipun, sedaya sami salaman sajak sampun tepang. Baharudin nepangaken Sirtu dhateng Ugra bilih wonten pegawe enggal ingkang nggantosaken Lilis, sekretaris lawas ing kantor mriku. Ugra salaman kaliyan Sirtu, tanpa sadhar Sirtu gurawalan nampi pitepangan kaliyan Ugra. Sirtu remen kaliyan Ugra, sengsem kaliyan paraga ingkang kagambaraken prigel saha dedegipun sae. Baharudin remen sanget dhateng Ugra awit kaprigelanipun, pramila Baharudin boten telas-telas anggenipun nggunggung Ugrasamsi.

Pasrawungan antawisipun Sirtu kaliyan Bathara saya dangu saya caket, kajawi asring lelungan sesarengan, Bathara ugi cawe-cawe paring pambiyantu dhateng Sirtu nalika Sirtu dipunsuwuni tulung dening Ugra supados madosaken pondhokan. Sirtu sambat dhateng Bathara, pranyata kanthi kekiatanipun Bathara saged mbiyantu Sirtu inggih menika ngontrakaken salah satunggaling griyanipun. Bathara paring palilah supados griya menika dipunsewa dening kancanipun Sirtu awit ingkang nembung dhateng Bathara menika Sirtu, saumpami boten, kintenipun griya menika boten badhe dipunkontrakaken. Sirtu kasil mbiyantu Ugra madosaken kontrakan dalem ingkang murwat kangge tangan tengen direkturipun. Sirtu tansaya adreng ngububi rasa tresnanipun dhateng Ugra. Ananging miturut cariyosipun, Ugra menika misuwur bilih gadhah wewatekan ingkang ala, priya ingkang lecekan asring dhedhemenan kaliyan para wanita.

Minangka upah Sirtu saged madolaken griyanipun Bathara, Bathara janji dening Sirtu bilih badhe ngajak piyambakipun ing *nite club*. Amargi Sirtu pancen

kepenging mangertos papan menika saha piyambakipun kepengin mangertosi tata cara gesang ing kutha ageng pramila Sirtu nyarujuki pangajakipun Ugra. Kajawi menika Sirtu uga pikantuk hadhiah skaing Ugra awit kasilipun madosaken pondhokan kangge Ugra. Sirtu dipunajak plesiran ing Puncak, Sirtu nampi pangajakipun Ugra kanthi sukaning manah awit Sirtu piyambak pancen gadhah pangraos sengsem dhateng Ugra. Malem minggunipun Sirtu dipunpethuk Bathara, kesah ing *nite club*. Mlebet *nite club* Sirtu tansah rumaos aneh, sedaya karyawan ing mriku tansah ngajeni Bathara kaliyan Sirtu, ananging Sirtu nggagas mbokmenawi pancen kados makaten panampi kangge sedaya tamu ingkang rawuh. Sedaya karyawan katingal sampun tepang sanget kaliyan ingkang rawuh, sami ngaturaken kurmat saha andhap asor dhateng Bathara. Satunggaling pegawe nyasmitani bilih Bathara sampun dipuntengga ing ruwang antadriya. Sirtu tansaya gumun malih, Bathara mlebet ing ruwangan menika kados sampun tepang sanget seluk-beluk ruwangan ing mriku. Bathara nepangaken piyambakipun dhateng priya, nepangaken bilih Bathara kaliyan pancanganipun. Jebul, priya menika Paradha Nainggolan, ingkang gadhah *nite club* saha nainggolan motor, tiyang paling sugih ing Jakarta, juragan microlet ing Jakarta. Sirtu dipundaku minangka pancanganipun Bathara, kamangka Sirtu rumaos kekancan kemawon kaliyan Bathara. Ing mriku Paradha nuduhaken pangraos remen dhateng Sirtu saha ngidini bilih putranipun, Bathara milih Sirtu minangka jathukramanipun.

Jam sedasa dalu, Sirtu ngajak wangsul Bathara, pamit dhateng Pardha dereng dipunidini ananging awit Sirtu sampun angop-angop pramila Paradha ngidini Sirtu wangsul. Sajroning mobil, Sirtu ngunek-unekaken Bathara, Sirtu rumaos dipunapusi dening Bathara. Dipunajak ing *nite klub* rumaos dipunjebak, janjinipun namung dolan ing kasunyatan dipundaku minangka tunanganipun kamangka Sirtu boten gadhah pangraos suka dhateng Bathara.

Minggu enjing Sirtu sampun dipunpapak dening Ugrasamsi, badhe piknik dhateng Puncak. Ing mrika kekalihipun nyewa bungalow, Sirtu ngantuk sanget awit dalunipun kesah kaliyan Bathara, ananging piyambakipun kedah melek amba awit kadadosan ing minggu siang menika tansah dipunantu-antu dening Sirtu, inggih menika kesah kaliyan Ugrasamsi. Ing mriku, Sirtu mrangguli

wewatekanipun Ugrasamsi ingkang badhe ngrudapeksa piyambakipun, ananging bab menika boten ngantos kadadosan.

Enjingipun ing layang kabar kapacak pawarta ngengingi lelampahanipun Sirtu ingkang kapilih dados jathukramanipun Bathara, putranipun Paradha Nainggolan tiyang sugih ing kutha Jakarta. Pawarta menika damel Sirtu gethem-gethem boten bingah boten rumaos nglampahi acar ingkang kados makaten. Ing kantor piyambakipun dipunrubung kancanipun ingkang sami ndherek bingah bilih Sirtu saged tunangan kaliyan putranipun Paradha aninggolan, ananging Sirtu boten nampi salam saking kanca-kancanipun. Sirtu njlentrehaken bilih piyambakipun boten tunangan kaliyan sinten kemawon. Sirtu kepengin njlentrehaken kadadosan ingkang sajatosipun dhateng Ugra bilih Sirtu boten tunangan kaliyan Bathara saha Sirtu boten remen kaliyan Bathara, anangin namung tresna kaliyan Ugrasamsi.

Sirtu kaliyan Ugra nyambutdamel sesarengan ngurus pagelaran Normasari Show ingkang badhe dipunwontenaken ing mapinten-pinten kutha. Sawenehing dinten nalika rapar ngrembag pagelaran ing kantor Pentas Artis, ing wekdal menika ugi Sirtu nemahi blegripun Normasari ingkang misuwur kagungan watek ingkang ugungan, menangan, sakersanipun piyambak. Wiwit sepisanan mireng kekiatanipun Normasari ingkang sakersanipun piyambak mecat tiyang ingkang boten dipunremeni, salah satunggalipun Lilis, sekretaris lawas ingkang papanipun sakmenika dipungantos dening piyambakipun, Sirtu kedah waspada tansah njagi tat trapsilanipun. Ing rapat menika Normasari gadhah kekajengan supados salah satunggaling seniwati dipuncopot saking nomor pagelaran, pramila kedah pados gantosipun. Sedaya tiyang ing rapat menika udreg pados gantipun seniwati ingkang dipunpethal, pungkasaning rapat Sirtu ingkang dipuntunjuk dening Baharudin supados paring gagasan sinten ingkang saged nggantosaken seniwati kalawau. Sirtu gadhah pamanggih bilih Julaehaque, kancanipun saged nggantosaken nomor seniwati ingkang dipunpethal kalawau. Kasilipun Julaehaque mlebet ing pagelaran Normasari Show.

Julaehaque mlebet dados seniwati ingkang manggeni nomor pagelaran ingkang utama, kaprigelanipun Julaehaque ugi saged dipuntanggul jawabi,

kasunyatan ing Yogyakarta, kutha pisanan pentas, Julaehaque tansah dipunsesubya dening para pamirsa. Ing koran-koran, baliho kathah ingkang masang gambaripun Julaehaque. Monceripun Julaehaque boten pareng dipunkonangi dening Normasari, bilih Normasari mangertos wonten seniwati ingkang monceripun ngungkuli Normasari, pramila menika saged dados memala kangge langgengipun pagelaran, kamangka pagelaran taksih kedah dipungelar ing kathah kutha.

Suksesipun pagelaran Normasari Show damel bingah sedaya pihak ingkang mandegani pagelaran menika. Kairingan suksesipun pagelaran, pangraos bingah ugi dipunraosaken dening Ugra kaliyan Sirtu. Kutha salajengipun kangge pagelaran Normasari Show inggih menika Surabaya. Ugra janji dhateng Sirtu bilih saderengipun dhateng Surabaya Ugra badhe mampir kuthanipun Sirtu, ing Sragen saperlu badhe sowan ibunipun Sirtu saha nglamar.

Sonten Ugra kaliyan Sirtu dumugi ing Sragen, ibunipun bingah mangertosi putrinipun wangsul. Ibunipun Sirtu tansah nitik-nitik sinten priya ingkang rawuh sesarengan kaliyan Sirtu, Sirtu ngakoni bilih Ugra menika pancanganipun, calon garwanipun. Sirtu tansah ngantu-antu tembungipun Ugra ingkang badhe nglamar piyambakipun dhateng ibunipun, ananging dumugi pamitan badhe dhateng Surabaya, tembung ingkang kados makaten boten kawedal saking tutukipun Ugra. Sirtu tansah gela dhateng ugra, dene ingkang kalawingi dados janjinipun boten dipunugemi.

Pentas ing Surabaya boten kalah moncer suksesipun, menika awit wontenipun Julaehaque bintang pentas ing pagelaran menika. Supados pagelaran tansah lestantun, inggih menika Normasari boten sakit manahipun ing kasunyatan ingkang dipunsesubya Julaehaque sanes Normasari, pramila ingkang mandhegani pagelaran menika pados cara supados kamonceranipun Julaehaque saged dipunlerem. Kanthi cara ngengken wangsul Danang, dhedhemenanipun Julaehaque minangka pegawe ing kantor Pentas Artis ugi, semangat jaged Jualehaque kirasng, piyambakipun tansah loyo, pramila pagelaran ing dalu menika boten kados dalu-dalu saderengipun, penonton boten rame.

Ing Surabaya menika Sirtu tepang kaliyan Kasandanu saha Wasistandya, inggih menika mitra kerjanipun biro Pentas Artis ingkang ndherek mandhegani pagelaran Normasari Show. Sawenehing dinten, kasandanu ngajak Sirtu dhateng pabrik Sunar EJV saha VJW, kagunganipun wasistandya saha Kasandanu. Wasistandya saha Kasandanu menika sedulur, Wasistandya menika adikipun Kasandanu, sasampunipun mirsani pabrik, Sirtu dipunajak dhahar siang ing dalemipun Wasistandya. Sirtu kesengsem kaliyan Wasistandya, boten kraos bilih raos tresnanipun dahteng Ugra tansaya ical menapa malih kemutan janjinipun ingkang badhe nglamar ananging boten kawetu saking tutukipun anlika kepanggih ibunipun.

Pagelaran Normasari Show ing kutha Surabaya sampun paripurna. Sedaya seniwati badhe wangsul dhateng Jakarta, kajawi Ugra kaliyan Jualehaque ingkang taksih kantun ing Surabaya amargi taksih wonten gegayutan padamelan kaliyan sunar VJW saperlu badhe rekaman video. Nalika sami siyaga nengga bis ingkang methuk para seniwati ing lobi hotel ingkang sami badhe dhateng bandara, Wasistandya dugi ing hotel mriku madosi Sirtu. Wasistandya nyuwun dhateng Sirtu supados mboten wangsul dhateng Jakarta rumiyan, Wasistandya njanjeni Sirtu supados tilar sawatawis ing Surabaya mangke wangsulipun dhateng Jakarta badhe dipununtabaken dening Wasistandya. Sirtu nulak panyuwunipun Wasistandya, Sirtu milih wangsul sesarengan kaliyan para seniwati. Wasistandya nguntabaken Sirtu ing bandara ngginakaken mobil pribadinipun, Noramasari, Kuntum, saha Ratih ugi ndherek ing mobil mriku.

Nalika badhe dhateng bandara, ing margi Normasari nuduhaken mobil ingkang dipunangge Ugra kaliyan Julaeaha ingkang pamit badhe rekaman ing sunar VJW. Ditutburi saking wingking, pranyata mobil menika lampahipun damel curiga para penumpang ing mobilipun Wasistandya. Miturut Wasistandya, mobil ingkang dipuntampangi Ugra kaliyan Sirtu menika arahipun boten badhe dhateng kantor sunar VJW. Wasistandya telpon dhateng kangmasipun, Kasandanu nyuwun pirsa menapa dinten menika wonten jejibahan shoting video ing studio sunar VJW. Pranyata acara shoting video ing studio sunar VJW dipuntundha dinten candhkipun, ateges Ugra kaliyan Julaeahaque menika boten badhe shoting kados

pamitipun dhateng kanca-kanca seniwati. Awit lampahipun mobil damel curiga, pramila Normasari nyuwun dhateng Wasistandya supados ngetutaken lampahipun mobil.

Pranyata lampahipun mobil menika badhe dhateng papan wisata Tretes. Normasari dados komando lampahipun mobil ingkang dipuntumpangi dening Wasistandya, Sirtu, Normasari, Kuntum saha Ratih. Normasari ngomandhoni supados boten tebih-tebih saking mobil ingkang dipuntumpangi dening Ugra. Sajroning mobil menika, Normasari nyariyoskaen kadospundi wewatekanipun Ugra ingkang bejat, ingkang remen dolanan wanita. Miturut pamanggihipun Normasari, Ugra kaliyan Jualeha menika cocok, sami-sami tiyang ingkang gadhah wewatekan ingkang awon. Cariyosipun Normasari ingkang ngudhal-udhal bejatipun Ugra menika damel panas manahipun Sirtu, Sirtu lingsem dhateng Wasistandya, kedahipun Wasistandya boten sah mangertosi sedata lelethek ingkang kadadosan ing antawisipun para seniwati pagelaran Normasari Show.

Mobil ingkang dipuntumpangi dening Jualehaque saha Ugra menika mandheg ing sawenehing villa ing Tretes. Normasari nyasmitani supados nengga sekedhap nembe sami ngropyok Ugra kaliyan Jualehaque ing kamar villa mriku. Sirtu sampun getem-getem, sakit manahipun mrangguli kadadosan menika, Ugra nyatanipun selingkuh kaliyan kanca raketipun inggih menika Jualehaque. Mituru pamanggihipun Sirtu, Ugra kaliyah Jualehaque gadhah hak, pramila boten perlu dipungropyok. Sirtu nyuwun dhateng Wasistandya supados nilaraken papan mriku. Wasistandya manut dhateng Sirtu awit ingkang dados wanita spesial ing mobil mriku kanggenipun Wasistandya inggih menika Sirtu.

Dumugi ing bandara, wanita-wanita menika sampun siyaga badhe wangsul dhateng Jakarta. Nalika sampun badhe bidhal, Sirtu ngendikan dhateng kanca-kancanipun bilih Sirtu kantun ing Surabaya. Kancanipun sami bingung, kenging menapa Sirtu kantun ing Surabaya. Sirtu nitipaken pesen dhateng Normasari supados dipunaturaken salamipun kangge pimpinanipun, Baharudin Jarum bilih sekretarisipun, Sirtu Mekarndalu nampi lamaranipun priya Surabaya, Wasistandya. Pramila Sirtu kantun ing Surabaya, benjing wangsulipun dhateng Jakarta badhe dipununtabaken dening Wasistandya.

Sirtu wangsul dhateng Jakarta dipununtabaken dening Wasistandya sesarengan kaliyan rama ibunipun. Rombongan mampir ing kutha Sragen langkung rumiyin. Ibunipun Sirtu kaget, dene putrinipun sampun dugi malih kaliyan priya ingkang seje kaliyan kalawingi ingkang dipundaku pancanganipun. Ibunipun ngendika dhateng Sirtu supados ngatos-atos, sampun ngantos dados wanita ingkang lecekan. Sirtu njlentrehaken bilih priya ingkang sesarengan kaliyan Sirtu menika asli pancanganipun saha ing dinten menika ugi badhe nglamar Sirtu, nembung langsung dhateng ibunipun kados ingkang dipunkersakaken dening ibunipun rumiyin.